

**SONY**<sup>®</sup>

# Buku tuntunan

Xperia<sup>™</sup> M5  
E5603/E5606/E5653

# Isi

<b>Persiapan.....</b>	<b>7</b>
Babagan Pandhuan pangguna iki.....	7
Ringkesan.....	8
Ngrakit.....	9
Palindhungan layar.....	10
Miwiti piranti nalika sapisanan.....	10
Ngapa aku butuh akun Google™?.....	11
<b>Keamanan piranti.....</b>	<b>12</b>
Mesthekake piranti kalindhungi.....	12
Kunci layar.....	12
Mbukak kunci piranti kanthi otomatis.....	14
Palindhungan kertu SIM.....	18
Nggoleki nomer identifikasi piranti.....	18
Nggoleki piranti sing ilang .....	19
<b>Sinau dhasar-dhasar.....</b>	<b>21</b>
Nggunakake layar demek.....	21
Ngunci lan mbukak kunci layar.....	23
Layar Ngarep.....	23
Layar aplikasi.....	25
Navigasi aplikasi.....	26
Widget.....	27
Trabasan lan folder.....	27
Latar mburi lan irah.....	28
Njupuk potret layar.....	29
Kabar.....	29
Lambang ing garis status.....	31
Ringkesan aplikasi.....	33
<b>Baterei lan pangrumatan.....</b>	<b>35</b>
Ngisi daya piranti.....	35
Baterei lan pangaturan daya.....	36
Nganyari piranti.....	38
Parumatan nggunakake komputer.....	39
Simpenan lan memori.....	40
Nggawe serep lan mulihake isi.....	41
<b>Ngundhuh aplikasi.....</b>	<b>45</b>
Ngundhuh aplikasi saka Google Play™.....	45
Ngundhuh aplikasi saka sumber liyane.....	45
<b>Internet lan jaringan.....</b>	<b>46</b>
Njelajah web.....	46

Setelan Internet lan MMS .....	46
Wi-Fi.....	47
Nganggo bareng sambungan data seluler.....	49
Ngontrol panggunaan data.....	51
Milih jaringan seluler.....	52
Jaringan pribadi virtual (VPN).....	52
<b>Sinkronisasi data ing piranti.....</b>	<b>54</b>
Nylarasake karo akun online.....	54
Nyelarasake karo Microsoft® Exchange ActiveSync®.....	54
<b>Setelan dhasar.....</b>	<b>56</b>
Ngakses setelan.....	56
Setelan volume.....	56
Mode Aja ngganggu.....	57
Setelan layar.....	58
Setelan aplikasi.....	60
Nyetel maneh aplikasi.....	61
Daydream.....	62
Setelan basa.....	62
Tanggal lan wektu.....	62
Mobile BRAVIA® Engine.....	63
Ngapiki output swara.....	63
Akun pangguna akeh.....	64
<b>Ngetik teks.....</b>	<b>66</b>
Keyboard layar.....	66
Phonepad.....	67
Ngetik teks nggunakake input swara.....	68
Ngowahi teks.....	68
Nggawe pribadhi keyboard layar.....	69
<b>Nelpon.....</b>	<b>71</b>
Nelpon.....	71
Nampa telpon.....	72
Telpon aktif.....	74
Ngunakake cathetan telpon.....	74
Nerusake telpon.....	75
Matesi telpon.....	75
Telpon multi.....	76
Telpon konferensi.....	77
Surat swara.....	77
Telpon darurat.....	77
<b>Kontak.....</b>	<b>79</b>
Nransfer kontak.....	79
Nggoleki lan ndeleng kontak.....	80

Nambah lan ngowahi kontak.....	81
Nambahake informasi kontak medis lan darurat.....	82
Favorit lan grup.....	83
Ngirim informasi kontak.....	84
Nyingkiri nggawe duplikat entri ing aplikasi Kontak.....	84
Nggawe serep kontak.....	85
<b>Olahpesen lan obrolan.....</b>	<b>86</b>
Maca lan ngirim pesen.....	86
Ngatur pesen.....	87
Nelpon saka pesen.....	87
Setelan olahpesen.....	88
Olahpesen sanalika lan obrolan video.....	88
<b>Email.....</b>	<b>89</b>
Niyapake email.....	89
Ngirim lan nampa pesen email.....	89
Ngatur pesen email.....	90
Setelan akun email.....	91
Gmail™.....	92
<b>Musik.....</b>	<b>93</b>
Mindhah lagu menyang piranti.....	93
Ngrungokake musik.....	93
Menu Musik.....	95
Dhaptar lagu.....	95
Nuduhake musik.....	96
Ngapiki swara.....	96
Ngenali musik nganggo TrackID™.....	96
<b>radio FM.....</b>	<b>98</b>
Ngrungokake radio.....	98
Saluran radio favorit.....	99
Setelan swara.....	99
<b>Kamera.....</b>	<b>100</b>
Motret lan ngrekam video.....	100
Setelan kamera umum.....	101
Setelan kamera foto.....	106
Setelan kamera video.....	109
<b>Foto lan video ing Album.....</b>	<b>111</b>
Ndeleng foto lan video.....	111
Ngandum lan ngatur foto lan video.....	112
Ngedit foto nganggo aplikasi Photo editor.....	113
Ngowahi video nganggo aplikasi Movie Creator.....	114
Ndhelikake foto lan video.....	114
Menu layar ngarep album.....	115

Ndeleng foto ing peta.....	115
<b>Video.....</b>	<b>118</b>
Nonton video ing aplikasi Video.....	118
Mindhah konten video menyang piranti.....	119
Ngatur konten video.....	119
Movie Creator.....	119
Layanan PlayStation™ Video.....	120
<b>Konektivitas.....</b>	<b>121</b>
Ngilonake layar piranti kanthi nirkabel ing TV.....	121
Enggo bareng isi karo piranti DLNA Certified™.....	121
Nyambung piranti karo aksesoris USB.....	123
NFC.....	124
Teknologi nirkabel Bluetooth®.....	126
<b>Aplikasi lan fitur pinter sing bisa ngiritake wektu.....</b>	<b>129</b>
Ngontrol aksesoris lan setelan nganggo Smart Connect™.....	129
Ngunakake piranti minangka dhompet.....	131
<b>Lelungan lan peta.....</b>	<b>132</b>
Gunakake layanan panggonan.....	132
Google Maps™ lan navigasi.....	132
Gunakake lalu lintas data nalika lelungan.....	133
Mode pesawat.....	133
<b>Tanggalan lan jam weker.....</b>	<b>134</b>
Tanggalan.....	134
Weker lan jam.....	135
<b>Aksesibilitas.....</b>	<b>138</b>
Wiraga panggedhen.....	138
Teks gedhe.....	138
Koreksi warna.....	138
Layar Ngarep Prasaja.....	138
Kompatibiliti pitulung pangrungon.....	139
TalkBack.....	139
Mode TTY (Teletip).....	139
<b>Dhukungan lan hukum.....</b>	<b>140</b>
Aplikasi dhukungan.....	140
Xperia™ Tips.....	140
Pitulung ing menu lan aplikasi.....	140
Nindakake tes diagnostik ing piranti.....	140
Wiwit maneh, mulihake, lan ndandani.....	141
Tulung kita ngapikake piranti lunak.....	142
Ngunakake piranti ing kahanan teles utawa bledug.....	142
Garansi, SAR, lan patunjuk panggunaan.....	143
Ndaur-ulang piranti.....	143

Informasi hukum..... 144

# Persiapan

## Babagan Pandhuan pangguna iki

Iki Pandhuan Pangguna **Xperia™ M5** kanggo versi piranti lunak **Android™ 6.0**. Yen ora yakin versi piranti lunak endi sing lumaku ing piranti, sampeyan bisa mriksa versi ing menu **Setelan**.

- ! Panganyaran sistem lan aplikasi bisa nyedhiyakake fitur ing piranti karo cara liyane sing ora dijelasake ing Pandhuan pangguna iki. Versi Android™ uga bisa ora kepengaruh ing panganyaran. Kanggo informasi luwih lengkap babagan panganyaran piranti lunak, deleng *Nganyari piranti* ing kaca 38.

### Mriksa versi piranti lunak pungkasan ing piranti

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek lan tutul **Setelan** > **Babagan telpon** > **Versi Android™**.

### Nemokake nomer lan jeneng model piranti

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul .


Nomer lan jeneng model piranti ditampilake.

## Watesan layanan lan fitur

Sawetara layanan lan fitur sing diterangake ing Pandhuan pangguna iki bisa uga ora didhukung ing kabeh nagari utawa wilayah, utawa dening kabeh jaringan utawa panyedhiya layanan. Nomer Dharurat Internasional GSM tansah bisa dianggo ing kabeh nagari, wilayah, jaringan, lan dening kabeh penyedhiya layanan, kanggo kuwi piranti kasambung menyang jaringan seluler. Hubungi operator jaringan utawa panyedhiya layanan kanggo nemtokake kasadhayan layanan utawa fitur tartamtu lan manawa dikenani prabeya akses utawa panggunaan tambahan.

Panggunaan fitur lan aplikasi tartamtu sing diterangake ing pandhuan iki bisa uga merlokake akses menyang internet. Sampeyan bisa uga dikenani prabeya sambungan data nalika nyambung menyang internet nganggo piranti. Hubungi penyedhiya layanan nirkabel kanggo informasi luwih lengkap.

## Ringkesan




1. Lampu Pangisi Daya/Kabar
2. Colokan headset
3. Sensor Jarak/Cahaya
4. Spiker kuping/Spiker banter kaloro
5. Lensa kamera ngarep
6. Tombol daya
7. Tombol Volume/Zoom
8. Tombol kamera

9. Mikropon utama
10. Port kabel pangisi daya/USB
11. Spiker banter utama
12. Lensa kamera utama
13. Lampu kamera
14. Mikropon kaloro
15. Area antena Wi-Fi/Bluetooth/GPS
16. Tutup slot kertu SIM Nano/Memori
17. Area deteksi NFC™

## Ngrakit

- ! Piranti sampeyan mung ndhukung kertu SIM nano. Mung gunakake kertu SIM nano asli pabrik sing ukurane sengaja digawe pas kanggo slot kertu SIM nano ing piranti.



### Nglebokake kertu SIM nano



- ! Piranti sampeyan mung dhukung kertu SIM nano. Pesthikake yen sampeyan gunakake wadhah kertu SIM nano lan aja bingung antarane slot kertu SIM karo slot kertu memori.
- 1 Lebokake pucuk kuku ing longkangan antarane tutup slot kertu SIM nano karo sisih dhuwur lan piranti, banjur uculi tutup.
  - 2 Nganggo pucuke klip kertas sing ora ditekuk (utawa obyek liya sing pucuke cilik lan dawa) penet tombol ing sisihe slot kertu memori (kaya ing gambar) supaya wadhah kertu SIM nano mecungul.
  - 3 Seret wadhah kertu SIM nano menjaba.
  - 4 Seleh kertu SIM nano ing wadhah, banjur lebokake maneh wadhah.
  - 5 Tutup tutupe.
- ! Yen sampeyan nglebokake kertu SIM nano nalika piranti diuripake, piranti miwiti maneh kanthi otomatis.

### Nglebokake kertu memori



- 1 Lebokake pucuk kuku ing longkangan antarane tutup slot kertu memori karo sisih dhuwur lan piranti, banjur uculi tutup.
  - 2 Nganggo pucuke klip kertas sing ora ditekuk (utawa obyek liya sing pucuke cilik lan dawa) penet tombol ing sisihe slot kertu memori (kaya ing gambar) supaya wadhah kertu memori mecungul.
  - 3 Seret wadhah kertu memori menjaba.
  - 4 Seleh kertu memori ing wadhah, banjur lebokake maneh wadhah.
  - 5 Tutup tutupe.
- ! Pesthikake yen sampeyan nglebokake kertu memori kanthi orientasi sing bener.

### Nyopot kertu SIM nano

- 1 Bukak tutup slot kertu SIM nano lan kertu memori.
- 2 Nganggo pucuk driji, seret metu wadhah kertu SIM nano.
- 3 Copot kertu SIM nano, banjur lebokake maneh wadhahe.
- 4 Tutup panutupe.

### Nyopot kertu memori

- 1 Pateni piranti, utawa copot kertu memori ing **Setelan > Panyimpenan & memori > ▲** ing jejere **Kertu SD**.
- 2 Nalika layar madhep mendhuwur, bukak tutup slot kertu SIM nano/Memori.
- 3 Nganggo pucuk driji, seret metu wadhah memori.
- 4 Copot kertu memori, banjur surung wadhah menjero slot nganti pas nyang panggonane.

## Palindhungan layar

- ! Sadurunge nggunakake piranti, copot lapisan palindhung kanthi narik tab kang mecungul.


Disaranake nglindhungi piranti nganggo tutup layar merek Sony utawa palindhung sing dimaksudake kanggo model Xperia™ sampeyan. Panggunaan aksesori palindhung layar pihak katelu bisa ngalangi piranti sampeyan fungsi kanthi bener dening nutupi sensor, lensa, spiker, utawa mikropon lan bisa murungake garansi.


## Miwiti piranti nalika sapisanan

Disaranake ngisi daya baterai paling sethithik 30 menit sadurunge nguripake piranti nalika kaping pisanan. Sampeyan isih bisa nggunakake piranti nalika piranti diisi daya, deleng *Ngisi daya piranti* ing kaca 35.


Nalika kaping pisanan miwiti piranti, pandhuan atur wiwitan mitulungi ngonfigurasi setelan dhasar, ngatur setelan pribadi piranti, lan mlebu menyang sawetara akun (contone akun Google™).

### Nguripake piranti



- 1 Penet terus tombol daya  nganti piranti kedher.
- 2 Tik PIN kertu SIM yen dijaluk, banjur tutul ✓.
- 3 Enteni sedhela nganti piranti diwiwiti.

## Mateni piranti

- 1 Penet terus tombol daya  nganti menu pilihan mbukak.
  - 2 Ing menu pilihan, tutul **Daya mati**.
- ! Butuh sawetara wektu nganti piranti mati.

## Ngapa aku butuh akun Google™?


Piranti Xperia™ saka Sony mlaku ing platform Android™ sing dikembangake dening Google™. Akeh aplikasi lan layanan Google™ sing kasedhiya ing piranti sampeyan nalika dituku, misale, aplikasi Gmail™, Google Maps™, YouTube™, lan Play Store™, sing menehi akses menyang toko online Google Play™ kanggo ngundhuh aplikasi Android™. Kanggo ngoptimalake layanan iki, sampeyan merlokake akun Google™. Contone, akun Google™ mbisakake sampeyan nindakake kabeh bab ing ngisor iki:

- Ngundhuh lan nginstal aplikasi saka Google Play™.
- Nyelarasake email, kontak, lan tanggalan nggunakake Gmail™.
- Ngobrol karo kanca nganggo aplikasi Hangouts™.
- Nyelarasake riwayat jelajah lan tenger sing digunakake peramban web Google Chrome™.
- Ngidentifikasi sampeyan minangka pangguna sah sawise ndandani piranti lunak nggunakake Xperia™ Companion.
- Saka kadohan nggoleki, ngunci, utawa mbusak piranti sing ilang utawa dicolong nggunakake layanan Manajer Piranti my Xperia™ utawa Android™.

Kanggo informasi luwih lengkap babagan Android™ lan Google™, bukak <http://support.google.com>.



- ! Sampeyan kudu eling jeneng pangguna lan sandhi akun Google™ sampeyan. Ing kahanan tartamtu, sampeyan kudu ngidentifikasi awak sampeyan minangka alasan keamanan nggunakake akun Google™. Yen sampeyan ora bisa menehi jeneng pangguna lan sandhi Google™ ing kahanan kaya mangkono mau, piranti sampeyan bakal kekunci. Uga yen nduweni akun Google™ luwih saka siki, pesthekake ngetik rincian kanggo akun sing cocog.

## Ngatur wiwitan akun Google™ ing piranti

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Selaras akun > Tambah akun > Google**.
- 3 Tututi tuntunan pandhaptaran kanggo nggawe akun Google™, utawa mlebu yen wis duwe akun.

- 💡 Sampeyan uga bisa nggawe akun Google nggunakake pandhuan atur wiwitan nalika miwiti piranti kaping pisanan, utawa online mengko lan nggawe akun ing [www.google.com/accounts](http://www.google.com/accounts).

## Mbusak akun Google™

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Tutul **Setelan > Selaras akun > Google**.
- 3 Pilih akun Google™ sing arep dibusak.
- 4 Tutul  > **Busak akun**.
- 5 Tutul **Busak akun** maneh kanggo ngonfirmasi.

- ! Yen sampeyan mbusak akun Google™, fitur kaamanan sing disambungake menyang akun Google™ ora bakal kasadhiya maneh.

- 💡 Yen sampeyan nyilihake piranti marang wong liya kanthi nggunakake tambahan wektu, disaranake mbusak akun Google™ sampeyan saka piranti.

# Keamanan piranti

## Mesthekake piranti kalindhungi

Piranti ngamot sawetara pilihan kaamanan, paling disaranake yen ilang utawa dicolong.

Pilihane yaiku minangka ing ngisor iki:

- Nyetel kunci layar aman ing piranti nggunakake PIN, sandhi, utawa pola kanggo ngalangi sapa wae ngakses utawa mulihake piranti. Kanggo katrangan lengkap, deleng *Kunci layar* ing kaca 12.
- Tambah akun Google™ kanggo ngalangi wong liya nggunakake piranti yen dicolong utawa diusap. Kanggo katrangan lengkap, deleng *Ngapa aku butuh akun Google™?* ing kaca 11.
- Aktifake “Protection by my Xperia” utawa layanan web Pangatur Piranti Android™. Ngunakake salah siji layanan iki, sampeyan bisa nggoleki, ngunci, utawa ngesiki piranti sing ilang saka kadohan. Kanggo katrangan lengkap, deleng *Nggoleki piranti sing ilang* ing kaca 19.

## Merivikasi kapamilikan piranti

Fitur palindhungan tartamtu merlokake supaya mbukak kunci layar nganggo PIN, sandhi, pola, utawa ngetik informasi akun Google™. Ing ngisor iki conto fitur palindhungan lan sawetara kredensial sing diperlokake:

Palindhungan Pamulihan Data Pabrik	Sampeyan kudu mbukak kunci layar sadurunge diidinake nindakake Pamulihan Data Pabrik.
Protection by my Xperia	Yen mulihake piranti saka kadohan nggunakake layanan iki, sampeyan kudu ngetik jeneng pangguna lan sandhi akun Google™ sing digandengake karo layanan. Piranti kudu disambungake menyang internet sadurunge proses atur wiwitan bisa rampung. Yen ora, sampeyan ora bakal bisa nggunakake piranti sawise pamulihan.
Manajer Piranti Android™	Yen mulihake piranti saka kadohan nggunakake layanan iki, sampeyan kudu ngetik jeneng pangguna lan sandhi akun Google™. Piranti kudu disambungake menyang internet sadurunge proses atur wiwitan bisa rampung. Yen ora, sampeyan ora bakal bisa nggunakake piranti sawise pamulihan.
Ndandani piranti lunak	Yen nganggo piranti lunak Xperia™ Companion kanggo ndandani piranti lunak, sampeyan kudu ngetik jeneng pangguna lan sandhi akun Google™ nalika wiwit piranti sawise rampung didandani.

- ! Kanggo Manajer Piranti Android™, diperlokake ngetik informasi saka akun Google™. Iku bisa arupa akun Google™ sing wis diatur wiwitan ing piranti minangka pamilik. Yen ora bisa nyedhiyakake informasi akun sing cocog nalika proses atur wiwitan, sampeyan ora bakal bisa nggunakake piranti babar blas.


## Kunci layar

Ana sawetara pilihan kunci layar sing sumadhiya. Tingkat kaamanan saben jinis kunci didhaptar ing ngisor miturut sing paling ringkih nganti sing paling kuwat:


- Usap – ora ana palindhungan, nanging nduweni akses layar Ngarep kanthi cepet.
- Pola – gambar pola prasaja karo driji kanggo mbukak kunci piranti.
- PIN – ketik PIN angka paling sethithik patang digit kanggo mbukak kunci piranti.

- Sandhi – ketik sandhi alfa-numerik kanggo mbukak kunci piranti.
- ! Sampeyan kudu eling pola, PIN, utawa sandhi bukak kunci layar. Yen lali informasi iki, sampeyan ora bakal bisa mulihake data penting kayata kontak lan pesen.
- 💡 Yen sampeyan wis nyetel akun Microsoft® Exchange ActiveSync® (EAS) ing piranti Xperia™, setelan kaamanan EAS uga bisa matesi jinis kunci layar mung kanggo PIN utawa sandhi. Iki kedadeyan nalika administrator jaringan nemtokake jinis kunci layar tartamtu kanggo kabeh akun EAS amarga kaamanan. Hubungi administrator jaringan perusahaan utawa organisasi kanggo mriksa kabijakan kaamanan jaringan sing ditrapake kanggo piranti seluler.


### Nggenti jinis layar kemunci

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Layar kemunci & kaamanan** > **Kunci layar**.
- 3 Tututi patunjuk ing piranti.


### Nggawe pola kunci layar

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Layar kemunci & kaamanan** > **Kunci layar** > **Pola**.
  - 3 Tututi patunjuk ing piranti.
- ! Yen nglebokake pola kunci salah kaping lima tinurut, sampeyan kudu ngenteni 30 detik sadurunge nyoba maneh.


### Ngganti pola kunci layar

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Layar kemunci & kaamanan** > **Kunci layar**.
- 3 Gambar pola bukak kunci layar.
- 4 Tutul **Pola** lan tututi patunjuk ing piranti.


### Nggawe PIN kunci layar

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Layar kemunci & kaamanan** > **Kunci layar** > **PIN**.
- 3 Tik PIN angka, banjur tutul **Terusake**.
- 4 Tik maneh lan konfirmasi PIN, banjur tutul **OK**.

### Nggawe sandhi kunci layar

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Layar kemunci & kaamanan** > **Kunci layar** > **Sandhi**.
- 3 Tik sandhi, banjur tutul **Terusake**.
- 4 Ketik maneh lan konfirmasi sandhi, banjur tutul **OK**.

### Nguripake fungsi Bukak kunci usap

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Layar kemunci & kaamanan** > **Kunci layar**.
- 3 Gambar pola bukak kunci layar utawa tik PIN utawa sandhi gumantung jinis kunci layar sing diaktifake.
- 4 Tutul **Usap**, banjur tutul **Ya, busak**.

### Mulihake kunci layar sing kelalen

Yen lali PIN, sandhi, utawa pola kunci layar, sampeyan uga bisa mulihake kunci layar nganggo layanan Protection by my Xperia. Isi ing piranti ora ana sing ilang sawise nindakake pamulihan kunci layar nganggo layanan iki.

Kanggo ngaktifake layanan Protection by my Xperia, deleng *Nggoleki piranti sing ilang* ing kaca 19.


## Mulihake kunci layar nganggo Palindhungan dening my Xperia

- 1 Pesthekake sampeyan ngerti jeneng pangguna lan sandhi akun Google™ sampeyan lan wis ngaktifake layanan Protection by my Xperia ing piranti.
  - 2 Bukak *myxperia.sonymobile.com* nganggo piranti apa wae sing kasambung nyang internet.
  - 3 Mlebu nggunakake akun Google™ sing padha sing wis sampeyan atur ing piranti.
  - 4 Klik gambar piranti sampeyan ing ngisor **Piranti sampeyan**.
  - 5 Pilih **Palindhungan** utawa **Genti PIN2** kanggo nggenti kunci layar saiki nganggo kode PIN anyar.
  - 6 Tututi patunjuk ing layar sing disedhiyakake dening Protection by my Xperia.
- ! Gumantung saka setelan kaamanan, piranti sampeyan uga bisa kekunci sawise pamulihan kunci layar. Banjur sampeyan perlu ngetik jeneng pangguna lan sandhi akun Google™ kanggo nggunakake piranti.

## Mbukak kunci piranti kanthi otomatis

- ! Fitur Smart Lock bisa uga ora kasedhiya ing saben pasar, nagari, utawa wilayah.
- Fitur Smart Lock nggampangake mbukak kunci layar kanthi ngidinake sampeyan nyetel nyang otomatis mbukak kunci ing kahanan katemtu. Sampeyan bisa tansah ora ngunci piranti, contone, nalika piranti kasambung nyang piranti Bluetooth® utawa nalika sampeyan gawa.
- Sampeyan bisa nyetel Smart Lock supaya piranti tansah ora kakunci nggunakake setelan ing ngisor:
- **Praupan dipercaya:** Bukak kunci telpon kanthi ndeleng telpon.
  - **Swara dipercaya:** Setel pangenal swara kanggo nlusuri kabeh layar.
  - **Piranti dipercaya:** Tansah bukak kunci piranti nalika piranti Bluetooth® utawa NFC kapercaya kasambung.
  - **Panggonan dipercaya:** Tansah bukak kunci piranti nalika sampeyan ana ing panggonan kapercaya.
  - **Deteksi awak:** Tansah bukak kunci piranti nalika sampeyan nggawa piranti.
- Sampeyan kudu mbukak kunci piranti kanthi manual nalika ora dianggo sasuwene 4 jam lan sawise diwiwiti maneh.
- ! Fitur Smart Lock dikembangake dening Google™ lan fungsionalitas persis uga bisa diowahi sak wayah-wayah amarga panganyaran saka Google™.

## Ngaktifake Pangunci Pinter

- 1 Setel pola, PIN, utawa sandhi minangka kunci layar yen durung disetel.
- 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan > Agen terpercaya**.
- 4 Tutul panggeser **Smart Lock (Google)** kanggo ngaktifake fungsi kasebut.
- 5 Tutul panah bali nyang sisihe **Agen terpercaya**.
- 6 Goleki lan tutul **Smart Lock**.
- 7 Lebokake pola, PIN, utawa sandhi. Sampeyan kudu nglebokake kunci layar iki kapan wae sampeyan arep ngowahi setelan Pangunci Pinter.
- 8 Pilih jinis Pangunci Pinter.

## Nyetel wektu supaya piranti tansah otomatis ora kakunci

- Sampeyan bisa nyetel Smart Lock supaya piranti tansah ora kakunci nggunakake setelan ing ngisor:
- **Piranti dipercaya** — Tansah bukak kunci piranti nalika piranti Bluetooth® kapercaya kasambung.
  - **Panggonan dipercaya** — Tansah bukak kunci piranti nalika sampeyan ana ing panggonan kapercaya.
  - **Deteksi awak** — Tansah bukak kunci piranti nalika sampeyan nggawa piranti.
  - **Praupan dipercaya** — Bukak kunci telpon kanthi ndeleng telpon.
  - **Swara dipercaya** — Setel pangenal swara kanggo nlusuri kabeh layar.

Sampeyan kudu mbukak kunci piranti kanthi manual nalika setelan kuwi ora dianggo sasuwene 4 jam lan sawise diwiwiti maneh.

## Nyambungake nyang piranti Bluetooth® kapercaya


Sampeyan bisa nemtokake piranti Bluetooth® sing kasambung minangka piranti kapercaya lan ngejarake piranti Xperia™ ora kakunci nalika kasambung nyang piranti kasebut. Yen sampeyan nduweni piranti Bluetooth® sing disambungake kanthi ajeg, contone, spiker montor utawa sistem hiburan omahan, jam Bluetooth® utawa palacak fitnes, sampeyan bisa nambah piranti kasebut minangka piranti kapercaya lan nambah ngliwati kaamanan pangunci layar kanggo ngirit wektu. Fitur iki cocog yen sampeyan biyasane ana ing panggonan sing aman banget nalika nggunake piranti iki. Ing sawetara kahanan, sampeyan isih perlu mbukak kunci piranti kanthi manual sadurunge piranti kapercaya bisa kasambung.

- ! Ora disaranake nambah piranti sing kasambung kanthi ajeg nyang piranti sampeyan minangka piranti kapercaya, contone, kibor utawa wadah Bluetooth®.
- 💡 Sawise piranti Bluetooth® kapercaya dipateni utawa dipindhake ing njabane jangkauan, layar kakunci lan sampeyan merlokake PIN, pola, utawa sandhi kanggo mbukak kuncine.

### Nambah piranti Bluetooth® kapercaya

- 1 Pesthekake piranti gathuk lan kasambung nyang piranti Bluetooth® sing arep ditambahake minangka piranti kapercaya.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan > Smart Lock > Tambah piranti dipercaya > Bluetooth**.
- 3 Tutul jeneng piranti kanggo milih saka dhaptar piranti sing kasambung. Mung piranti sing gathuk sing katon ing dhaptar iki.
- 4 Gumantung saka kaamanan sambungan, sampeyan kudu mbukak kunci piranti kanthi manual sadurunge piranti kapercaya bisa tansah ora kakunci.

### Mbusak piranti Bluetooth® kapercaya

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan > Smart Lock > Piranti dipercaya**.
- 3 Tutul piranti sing pengin dibusak.
- 4 Tutul **Busak piranti dipercaya**.

## Masthekake sampeyan aman nalika nggunakake piranti kapercaya

Piranti Bluetooth® sing bedha ndhukung standar Bluetooth® lan kapabilitas kaamanan. Ana kamungkinan yen wong tartamtu bisa ngejarake piranti Xperia™ ora kakunci dening niru sambungan Bluetooth® sampeyan, sanajan piranti kapercaya wis ora ana ing cedhak. Piranti sampeyan ora tansah bisa nemtokake yen sambungan aman saka wong liya sing nyoba niru.

Nalika piranti ora bisa nemtokake yen sampeyan nggunakake sambungan aman, sampeyan bakal entuk kabar ing piranti Xperia™ lan uga bisa kudu mbukak kunci kanthi manual sadurunge piranti kapercaya bisa ngerjarake piranti ora kakunci.

- 💡 Jangkauan sambungan Bluetooth® bisa maneka gumantung saka faktor-faktor kayata model piranti, piranti Bluetooth® sing kasambung, lan lingkungan. Gumantung saka faktor-faktor iki, sambungan Bluetooth® bisa fungsi liwat jarak nganti 100 meter.

## Nyambungake nyang panggonan sing kapercaya

Nalika fitur Panggonan sing dipercaya kasetel, kaamanan pangunci layar ing piranti Xperia™ dadi mati yen sampeyan ana ing panggonan kapercaya sing wis ditemtokake. Supaya fitur iki fungsi, sampeyan kudu nduweni sambungan Internet, (luwih apik liwat Wi-Fi) lan idinake piranti nggunakake panggonan sing saiki.


Kanggo nemtokake panggonan kapercaya, pesthekake dhisik yen mode panggonan akurasi dhuwur utawa mode panggonan irit-baterai diaktifake ing piranti sadurunge nambah panggonan asal utawa kustom.

- ! Dimensi persis panggonan kapercaya kuwi ancer-ancer lan uga bisa ngliwati tembok fisik omah utawa daerah liya sing wis ditambahake minangka panggonan kapercaya. Fitur iki bisa ngejarake piranti ora kakunci ing radius nganti 80 meter. Uga, pragnyana yen sinyale panggonan bisa dipadhani utawa dimanipulasi. Wong karo akses nyang peralatan khusus bisa mbukak kunci piranti.

#### Nambah panggonan asal



- 1 Pesthekake **Layanan panggonan** diuripake lan nggunakake setelan mode Panggonan **Akurasi dhuwur** utawa **Ngirit baterai**.
- 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Layar kemunci & kaamanan** > **Smart Lock** > **Panggonan dipercaya** > **Ngarep**.
- 4 Tutul **Uripake panggonan**.

#### Ngowahi panggonan asal

- 1 Pesthekake **Layanan panggonan** diuripake lan nggunakake setelan **Akurasi dhuwur** utawa **Ngirit baterai**.
- 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Layar kemunci & kaamanan** > **Smart Lock** > **Panggonan dipercaya**.
- 4 Pilih panggonan asal.
- 5 Tutul **Owah**.
- 6 Ing garis panlusuran, tik panggonan sing arep sampeyan anggo minangka panggonan asal.

- 💡 Yen omah liya ngandum alamat sampeyan, sampeyan bis nambah panggonan omah saiki ing kompleks bangunan minangka panggonan kustom.


#### Mbusak panggonan asal

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Panggonan**, banjur tutul panggeser kanggo ngaktifake layanan panggonan.
- 3 Tutul **Mode**, banjur pilih setelan mode Panggonan **Akurasi dhuwur** utawa **Ngirit baterai**.
- 4 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 5 Golek banjur tutul **Setelan** > **Layar kemunci & kaamanan** > **Smart Lock** > **Panggonan dipercaya** > **Ngarep**.
- 6 Tutul **Pateni panggonan iki**.



#### Nggunakake panggonan kustom

Sampeyan bisa nambah panggonan apa wae minangka kapercaya, slarasake panggonan ing ngendi piranti bisa tansah ora ngunci.


### Nambah panggonan kustom

- 1 Pesthekake mode panggonan diuripake lan sampeyan nggunakake setelan **Akurasi dhuwur** utawa **Ngirit baterei**.
- 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan > Smart Lock > Panggonan dipercaya**.
- 4 Tutul **Tambah panggonan dipercaya**.
- 5 Kanggo nggunakake panggonan saiki minangka panggonan kustom kapercaya, tutul **Pilih panggonan iki**.
- 6 Cara liya, kanggo mlebu nyang panggonan liya, tutul lambang kaca panggedhe lan tik alamat. Piranti nlusuri panggonan sing wis ditik. Kanggo nggunakake alamat sing disaranake, tutul alamat kuwi.
- 7 Kanggo netepake panggonan, tutul panah bali ing jejere alamat, seret pin panggonan nyang panggonan sing dikarepi, lan tutul **Pilih panggonan iki**.

### Ngowahi panggonan kustom

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Panggonan**, banjur tutul panggeser kanggo ngaktifake layanan panggonan.
- 3 Tutul **Mode**, banjur pilih setelan mode Panggonan **Akurasi dhuwur** utawa **Ngirit baterei**.
- 4 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 5 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan > Smart Lock > Panggonan dipercaya**.
- 6 Pilih panggonan sing arep diowahi.
- 7 Tutul **Owahi alamat**.
- 8 Kanggo mlebu nyang panggonan liya, tutul lambang kaca panggedhe lan tik alamat. Piranti nlusuri panggonan sing wis ditik. Kanggo nggunakake alamat sing disaranake, tutul alamat kuwi.
- 9 Kanggo netepake panggonan, tutul panah bali ing jejere alamat, banjur seret pin panggonan nyang panggonan sing dikarepi, banjur tutul **Pilih panggonan iki**.

### Mbusak panggonan kustom

- 1 Pesthekake mode panggonan diuripake lan nggunakake setelan **Akurasi dhuwur** utawa **Ngirit baterei**.
- 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan > Smart Lock > Panggonan dipercaya**.
- 4 Pilih panggonan sing arep dibusak.
- 5 Tutul **Busak**.

### Ngejarake piranti ora kakunci nalika digawa


Nggunakake fitur Deteksi awak, sampeyan bisa ngejarake piranti ora kakunci nalika digawa nganggo tangan, sak, utawa tas. Akselerometer ing piranti ngejarake piranti ora kakunci nalika ngrasakake yen lagi digawa. Piranti ngunci nalika akselerometer ndeteksi yen piranti wis diseleh.

Nalika nggunakake fitur Deteksi ing awak, sampeyan perlu waspada karo kelakuan ing ngisor:

- Kapan wae sampeyan nyeleh piranti lan piranti krasa yen ora digawa maneh, piranti otomatis ngunci.
- Piranti bisa merlokake nganti sak menit supaya ngunci.
- Sawise sampeyan mlebu nyang montor, bis, utawa kendaraan darat liyane, piranti bisa merlokake antarane 5 lan 10 menit supaya ngunci.
- Elinga, nalika sampeyan numpak pesawat utawa prau (utawa kendaraan non-darat liyane), piranti uga bisa ora ngunci otomatis, dadi pasthekake supaya ngunci piranti kanthi manual yen diperlokake.

- Nalika njupuk piranti maneh utawa metu saka kendaraan, bukak kuncine wae banjur piranti tansah ora ngunci anggare sampeyan gawa.
- ! Fitur Deteksi awak ora bisa mbedakake awake sapa sing kasambung. Yen sampeyan menehi piranti nyang wong liya nalika ora kakunci nggunakake Deteksi awak, piranti kudu tansah ora kakunci kanggo pangguna liya. Elinga yen Deteksi awak minangka fitur kaamanan iku kurang aman tinimbang pola, PIN, utawa sandhi.

### Ngaktifake utawa mateni Deteksi ing awak


- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan > Smart Lock > Deteksi awak**.
- 3 Tutul panggeser kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi kasebut.

## Palindhungan kertu SIM


Sampeyan bisa ngunci lan mbukak kunci saben kertu SIM sing digunakake ing piranti nganggo PIN (Personal Identification Number). Yen kertu SIM dikunci, langganan sing disambungake menyang kertu kasebut dilindungi saka penyalahgunaan, artine sampeyan kudu ngetik PIN saben miwiti piranti.

Yen salah ngetik PIN kaping pirang-pirang, kertu SIM bakal diblokir. Sampeyan kudu ngetik PUK (Personal Unblocking Key) lan ngetik PIN anyar. PIN lan PUK disedhiyakake dening operator jaringan.




### Nyetel wiwitan utawa mbusak kunci kertu SIM

- 1 Saka layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan > Setel kunci kertu SIM**.
- 3 Tutul panggeser **Kunci kertu SIM** kanggo ngaktifake utawa mateni kunci kertu SIM.
- 4 Tik PIN kertu SIM, banjur tutul **OK**. Kunci kertu SIM saiki aktif lan sampeyan kudu nglebokake PIN iki saben miwiti piranti maneh.

### Nggenti PIN kertu SIM

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan > Setel kunci kertu SIM**.
- 3 Tutul **Ganti PIN SIM**.
- 4 Tik PIN kertu SIM lawas, banjur tutul **OK**.
- 5 Tik PIN kertu SIM anyar, banjur tutul **OK**.
- 6 Tik maneh PIN kertu SIM anyar, banjur tutul **OK**.


### Mbukak kunci kertu SIM sing diblokir nganggo kode PUK

- 1 Ketik kode PUK banjur tutul .
  - 2 Ketik kode PIN anyar banjur tutul .
  - 3 Tik maneh kode PIN anyar banjur tutul .
- ! Yen piranti njaluk kode PUK, hubungi layanan Pelanggan Verizon Wireless kanggo kode kasebut.

## Nggoleki nomer identifikasi piranti

Piranti sampeyan nduweni nomer identifikasi sing unik. Nomer iki diarani IMEI (International Mobile Equipment Identity). Sampeyan kudu nyimpen salinan nomer iki. Sampeyan bakal mbutuhake nomer iki, nalika ngakses layanan dhukungan Xperia™ Care kanggo ndhaptarake piranti. Kajaba iku, yen piranti sampeyan dicolong, sawetara panyedhiya jaringan bisa nganggo nomer iki kanggo ngendhegake piranti ngakses jaringan ing nagari utawa wilayah sampeyan.

## Ndeleng nomer IMEI ing baki label



- 1 Lebokake pucuk kuku ing longkangan antarane tutup slot kertu memori sisih dhuwur lan piranti, banjur bukak tutup.
  - 2 Nggunakake pucuk klip kertas lembaran (utawa barang sing pucuke dawa lan alus sing memper), penet tombol ing jejere slot kertu SIM nano supaya wadhah kertu SIM nano nyembul.
  - 3 Seret metu wadhah kertu SIM nano sakabehe.
  - 4 Nggunakake alat sing padha ing langkah 2, seret metu baki label saka slot kertu SIM nano. Nomer IMEI katon ing baki label.
- ! Kanggo katrangan liyane babagan cara nyembulake wadhah kertu SIM nano, waca instruksi cara nglebokake kertu SIM nano. Yen kertu SIM wis dilebokake ing piranti, piranti wiwit maneh sakcara otomatis nalika wadhah nyembul.
- 💡 Kanggo deleng nomer IMEI, sampeyan uga bisa bukak tombol ponsel banjur tik **\*#06#**.

## Ndeleng nomer IMEI liwat setelan piranti

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Babagan telpon > Status > Katrangan IMEI**.


## Nggoleki piranti sing ilang



Yen nduweni akun Google™, layanan web "Protection by my Xperia" bisa nulung nemokake lan ngamanake piranti yen sampeyan nate kelangan. Yen wis ngaktifake layanan iki ing piranti, sampeyan bisa:

- Nemokake piranti ing peta.
  - Munekake pepenget yen piranti ing mode Aja ngganggu.
  - Ngunci piranti saka kadohan lan nyetel supaya piranti nuduhake informasi kontak sampeyan kanggo sapa wae sing nemokake piranti kasebut.
  - Mbusak memori internal lan eksternal ing piranti saka adoh minangka cara trakir.
- ! Yen mbusak memori internal piranti nggunakake layanan web "Protection by my Xperia", sampeyan kudu mlebu nyang akun Google™ sing wis disinkronake sadurunge ing piranti iki yen piranti diuripake maneh.
- ! Layanan "Protection by my Xperia" bisa uga ora kasedhiya ing kabeh nagari utawa wilayah.

## Ngaktifake Protection by my Xperia

- 1 Pesthekake sambungan data aktif, lan aktifake layanan panggonan ing piranti.
  - 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan > Palindhungan dening my Xperia > Aktifake**.
  - 4 Centhang kothak yen sarujuk karo sarat lan katemton layanan, banjur tutul **Tampa**.
  - 5 Yen dijaluk, mlebu ing akun Google™, utawa gawe akun anyar yen sampeyan durung duwe.
  - 6 Kanggo mesthekake layanan Protection by my Xperia bisa nemokake piranti sampeyan, bukak *myxperia.sonymobile.com* lan mlebu nganggo akun Google™ sing wis disetel ing piranti.
- ! Yen sampeyan ngandum piranti karo sawetara pangguna, elinga yen layanan Protection by my Xperia mung kasedhiya kanggo pangguna sing mlebu minangka pamilik.

## Goleki piranti sing ilang nganggo Pangatur Piranti Android™

Google™ nawani layanan web panggonan lan keamanan kang aran Pangatur Piranti Android™. Sampeyan bisa gunakake kanthi paralel, utawa minangka alternatif, layanan my Xperia. Yen sampeyan kelangan piranti, sampeyan bisa gunakake Pangatur Piranti Android™ kanggo:

- Nggoleki lan nuduhake panggonane piranti sampeyan.
- Ngebel utawa ngunci piranti sampeyan, mbusak kabeh sajeroné, utawa tambah nomer telpon menyang layar ngunci.

Kanggo informasi tambahan bab Pangatur Piranti Android™, bukak *www.support.google.com*.

- ! Pangatur Piranti Android™ ora bisa mlaku yen piranti dipateni utawa ora ana sambungan menyang internet. Layanan Pangatur Piranti Android™ uga bisa ora kasedhiya ing kabeh negara utawa wilayah.

## Nguripake Pengatur Piranti Android™

- 1 Yen ngandum piranti karo akeh pangguna, pesthekake sampeyan mlebu minangka pamilik.
- 2 Pesthekake sampeyan nduweni sambungan data aktif lan layanan panggonan aktif.
- 3 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 4 Golek banjur tutul **Setelan > Google > Keamanan**.
- 5 Seret panggeser ing jejere **Goleki piranti saka kadohan** lan **Idini kunci lan busak saka adoh** kanggo ngaktifake kabeh fungsi.
- 6 Yen dijaluk, rujukake sarat lan katemton kanthi nutul **Aktifake**.
- 7 Kanggo verifikasi yen Pangatur Piranti Android™ bisa nggoleki piranti sawise nguripake layanan, bukak *www.android.com/devicemanager* lan mlebu nganggo akun Google™ sampeyan.

# Sinau dhasar-dhasar


## Nggunakake layar demek

### Nutul




- Mbukak utawa milih item.
- Menehi utawa mbusak tandha ing kotak centhang utawa opsi.
- Ngetik teks nggunakake keyboard layar.

### Ndemek terus




- Mindhah item.
- Ngaktifake menu khusus item.
- Ngaktifake mode pilihan, misale, kanggo milih sawetara item saka dhaptar.

## Njiwit lan mbiyak




- Nggedhekake utawa nyilikake kaca web, foto, peta, utawa nalika sampeyan motret utawa ngrekam video.

## Ngusap



- Nggulung munggah utawa mudhun dhaptar.
- Nggulung ngiwa utawa nengen, misale, antarane panel layar Ngarep.
- Usap ngiwa utawa nengen kanggo mbukak pilihan liya.


## Nggulung cepet



- Nggulung cepet, misale, ing dhaptar utawa kaca web. Sampeyan bisa ngendhegake gulungan kanthi nutul layar.

## Ngunci lan mbukak kunci layar

Nalika piranti urip lan dinengake sawetara wektu, layar dadi peteng kanggo ngirit daya baterai, lan ngunci kanthi otomatis. Kunci iki ngalangi tumindak sing ora sengaja ing layar demekan nalika lagi ora nggunakake telpon. Nalika piranti dituku, kunci geser layar dhasar wis disetel. Iki tegese sampeyan kudu ngusap ngiwa utawa munggah ing layar kanggo mbukak kunci. Sampeyan bisa ngowahi setelan pangamanan liya wektu lan nambah jinis kunci liyane. Deleng *Kunci layar* ing kaca 12.



### Ngaktifake layar

- Penet sedhela tombol daya .

### Ngunci layar

- Nalika layar aktif, penet sedhela tombol .


## Layar Ngarep

Layar Ngarep minangka titik wiwitan kanggo nggunakake piranti. Iki meh padha karo desktop ing layar komputer. Layar Ngarep bisa nduweni nganti rong puluh panel, luwih akeh saka ambane tampilan layar biasa. Jumlah panel layar Ngarep dituduhake dening sarumpun titik ing sisih ngisor layar Ngarep. Titik sing disorot nuduhake panel sing dibukak.



- 1 Pangenalan bab widget Xperia™ — Tutul kanggo mbukak widget lan pilih tugas kayata nyalin isi saka piranti lawas utawa nyetel layanan Xperia™
- 2 Titik — Nuduhake akehing panel layar Ngarep

### Kanggo pindhah menyang layar Ngarep

- Pencet .

### Kanggo nelusur layar Ngarep




### Panel layar Ngarep


Sampeyan bisa nambah panel anyar menyang layar Ngarep (nganti maksimal rong puluh panel) lan mbusak panel. Sampeyan uga bisa nyetel panel sing pengin digunakake minangka panel layar Ngarep.




### Nyetel panel minangka panel layar Ngarep

- 1 Tutul terus area ing layar Ngarep nganti piranti kedher.
- 2 Gulung cepet ngiwa utawa nengen menyang panel sing arep disetel minangka panel layar Ngarep utama, banjur tutul  ing pojok kiwa ndhuwur layar.

### Nambahake panel menyang layar Ngarep




- 1 Penet terus bageyan apa wae ing layar Ngarep nganti piranti kedher.
- 2 Kanggo nlusuri panel, gulung cepet terus menyang tengen utawa kiwa, banjur tutul .

### Mbusak panel saka layar Ngarep


- 1 Penet terus bageyan apa wae ing layar Ngarep nganti piranti kedher.
- 2 Gulung ngiwa utawa nengen kanggo nlusuri panel sing arep dibusak, banjur tutul  ing pojok tengen panel.

## Setelan layar Ngarep

### Mbusak aplikasi saka layar Ngarep

- 1 Demek terus area ing layar Ngarep nganti piranti kedher.
  - 2 Gulung cepet ngiwa utawa nengen kanggo njajah panel. Kabeh aplikasi sing ora bisa dibusak ditandhani karo .
  - 3 Tutul aplikasi sing pengin dibusak, banjur tutul **Busak**.
-  Sawetara aplikasi sing dituduhake dening , mung bisa dipateni lan ora bisa dibusak. Mateni sawijining aplikasi mbusak kabeh data, nanging aplikasi bisa diaktifake maneh saka **Setelan > Aplikasi**.

### Ngatur ukuran lambang ing layar Ngarep

- 1 Penet terus bageyan apa wae ing layar Ngarep nganti piranti kedher, banjur tutul .
- 2 Tutul **Ukuran ikon**, banjur pilih opsi.

## Layar aplikasi

Layar Aplikasi, sing dibukak saka layar Ngarep, ngamot aplikasi sing wis diinstal ing piranti lan aplikasi sing diunduh.



### Ndeleng kabeh aplikasi ing layar Aplikasi

- 1 Saka layar Ngarep, tutul .
- 2 Gulung cepet ngiwa utawa nengen ing layar Aplikasi.

### Mbukak aplikasi saka layar Aplikasi

- Nalika layar Aplikasi mbukak, gulung cepet ngiwa utawa nengen kanggo nggoleki aplikasi, banjur tutul aplikasi kasebut.


### Nggoleki aplikasi saka layar Aplikasi

- 1 Nalika layar Aplikasi mbukak, tutul **Tlusuri aplikasi**.
- 2 Tik jeneng aplikasi sing pengin digoleki.

### Mbukak menu layar Aplikasi

- Nalika layar Aplikasi mbukak, tutul .

### Mindhah aplikasi ing layar Aplikasi

- 1 Nalika layar Aplikasi mbukak, tutul .
- 2 Pesthekake yen **Urutan saiki** wis dipilih ing ngisore **Urutake aplikasi**.
- 3 Demek terus aplikasi nganti piranti kedher, banjur seret aplikasi menyang panggonan anyar.




### Nambahake trabasan aplikasi menyang layar Ngarep

- 1 Saka layar Aplikasi, demek terus lambang aplikasi nganti piranti kedher, banjur seret lambang menyang bageyan ndhuwur layar. Layar Ngarep mbukak.
- 2 Seret lambang menyang panggonan sing dipengini ing layar Ngarep, banjur culake driji.


### Ngatur aplikasi ing layar Aplikasi


- 1 Nalika layar Aplikasi mbukak, tutul .
- 2 Tutul **Urutake aplikasi**, banjur pilih opsi.

### Mbusak instal aplikasi saka layar Aplikasi

- 1 Demek terus area ing layar Aplikasi nganti piranti kedher. Kabeh aplikasi sing bisa dibusak instalane dituduhake dening .
  - 2 Pilih aplikasi sing pengin dibusak, banjur tutul **Busak**.
-  Sawetara aplikasi sing dituduhake dening , mung bisa dipateni lan ora bisa dibusak. Mateni sawijining aplikasi mbusak kabeh data, nanging aplikasi bisa diaktifake maneh saka **Setelan > Aplikasi**.

## Navigasi aplikasi

Sampeyan bisa navigasi antarane aplikasi nganggo tombol navigasi, garis favorit, lan jendhela aplikasi sing bubar digunakake, sing ngidini sampeyan ngalih kanthi gampang antarane kabeh aplikasi sing bubar digunakake. Tombol navigasi kalebu tombol Ngarep, tombol Aplikasi pungkasan lan tombol Bali. Sawetara aplikasi ditutup yen sampeyan menet tombol Ngarep  kanggo metu, nanging aplikasi liyane dijeda utawa bisa terus aktif ing latar mburi. Yen aplikasi ngaso utawa mlaku ing latar mburi, sampeyan bisa nerusake sing ketundha mengko nalika aplikasi dibuka maneh.



- 1 Jendhela aplikasi sing bubar digunakake – Mbukak aplikasi sing bubar digunakake
- 2 Garis favorit – Gunakake trabasan kanggo ngakses aplikasi utawa widget
- 3 Tombol aplikasi pungkasan – Mbukak jendhela aplikasi sing bubar digunakake lan garis favorit
- 4 Tombol Ngarep – Metu saka aplikasi lan bali menyang layar Ngarep
- 5 Tombol Bali – Bali menyang layar sadurunge ing aplikasi utawa nutup aplikasi


### Mbukak jendhela aplikasi sing mentas digunakake

- Penet .

### Nutup kabeh aplikasi sing bubar digunakake

- Tutul  banjur tutul .

### Mbukak menu ing aplikasi

- Nalika nggunakake aplikasi, pencet .
- ! Menu ora kasedhiya ing kabeh aplikasi.

## Widget

Widget iku aplikasi cilik sing bisa langsung digunakake ing layar Ngarep. Widget uga fungsi minangka trabasan. Misale, widget Cuaca ngidini sampeyan ndeleng informasi cuaca dhasar kanthi langsung ing layar Ngarep. Nanging nalika sampeyan nutul widget, aplikasi Cuaca wutuh bakal mbukak. Sampeyan bisa ngundhuh widget tambahan saka Play Store™.



### Nambahake widget menyang layar Ngarep

- 1 Demek terus area kothong ing Layar Ngarep nganti piranti kedher, banjur tutul **Widget**.
- 2 Golek banjur tutul widget sing arep ditambahake.

### Ngowahi ukuran widget

- 1 Tutul terus widget nganti dipilih, banjur culake widget. Yen widget bisa diowahi ukurane, misale, widget Tanggalan, pigura sing disorot lan titik sing diowahi ukurane bakal katon.
- 2 Seret titik kasebut mlebu utawa metu kanggo nyilikake utawa nggedhekake widget.
- 3 Kanggo konfirmasi ukuran anyar widget, tutul ngendi wae ing Layar Ngarep.

### Mindhah widget

- Tutul terus widget nganti dipilih, banjur seret widget menyang lokasi anyar.

### Mbusak widget

- Tutul terus widget nganti piranti kedher, banjur seret widget menyang **Busak saka layar ngarep**.

## Trabasan lan folder

Gunakake trabasan lan folder kanggo ngatur aplikasi sampeyan lan supaya layar Ngarep

## Ringkesan trabasan lan folder



- 1 Ngakses aplikasi nganggo trabasan
- 2 Akses folder sing ngamot aplikasi

### Nambahake trabasan aplikasi menyang layar Ngarep

- 1 Tutul terus bageyan kosong ing Layar Ngarep.
- 2 Ing menu kustomisasi, tutul **Widget > Trabasan**.
- 3 Gulung dhaptar aplikasi lan pilih salah siji. Aplikasi sing dipilih ditambahake menyang Layar Ngarep.

### Mindhah item ing layar Ngarep

- Tutul terus item nganti piranti kedher, banjur seret item menyang panggonan anyar.

### Mbusak item saka layar Ngarep

- Tutul terus item nganti piranti kedher, banjur seret item menyang **Busak saka layar ngarep** ing sisih ndhuwur layar.

### Nggawe folder ing layar Ngarep

- Tutul terus lambang aplikasi utawa trabasan nganti piranti kedher, banjur seret lan selehake ing ndhuwure lambang aplikasi utawa trabasan liyane.

### Nambah item menyang folder ing layar Ngarep

- Tutul terus sawijine item nganti piranti kedher, banjur seret item menyang folder.

### Nggenti jeneng folder ing layar Ngarep

- 1 Tutul folder kanggo mbukak.
- 2 Tutul garis judhul folder kanggo nuduhake kolom **Jeneng folder**.
- 3 Tik jeneng folder anyar banjur tutul **Rampung**.

## Latar mburi lan irah

Sampeyan bisa nggenti layar Ngarep kanthi gaya sing dikarepake nggunakake wallpaper lan irah.

### Nggenti wallpaper layar Ngarep

- 1 Tutul terus bagian kosong ing Layar Ngarep nganti telpon kedher.
- 2 Tutul **Wallpaper** banjur pilih pilihan.


### Nyetel tema

- 1 Tutul terus bagian kosong ing Layar Ngarep nganti telpon kedher.
  - 2 Tutul **Irah**.
  - 3 Pilih salah siji pilihan lan tindakake pandhuan ing piranti.
- ! Yen sampeyan nggenti tema, ing sawetara aplikasi, latar mburi uga bakal digenti.

## Njupuk potret layar

Sampeyan bisa nangkep gambar anteng ing samubarang layar ing piranti minangka potret layar. Potret layar sing dijupuk bakal otomatis disimpen ing Album gambar.

### Njupuk potret layar

- 1 Penet terus tombol daya nganti jendhela pitakon muncul.
  - 2 Tutul .
- 💡 Sampeyan uga bisa njupuk potret layar kanthi menet terus tombol daya lan volume mudhun kanthi bareng. Yen potret layar wis dijupuk, sampeyan bisa ngeculake tombol.

### Ndeleng potret layar

- Seret garis status mudhun, banjur tutul potret layar sing pengin dideleng.
- 💡 Sampeyan uga bisa ndeleng potret layar ing aplikasi Album.

## Kabar

Kabar ngandhani sampeyan babagan prastawa kayata pesen anyar lan kabar tanggalan, uga kagiyatan sing lagi mlaku, misale undhuan file. Kabar muncul ing panggonan iki:

- Garis status
- Panel Kabar
- Layar kemunci

### Mbukak utawa nutup panel Kabar



- 1 Kanggo mbukak panel Kabar, seret mudhun baris status.
- 2 Kanggo nutup panel Kabar, seret panel mendhuwur.

### Nanggapi kabar saka panel Kabar

- Tutul kabar.

### Nolak kabar saka panel Kabar

- Selehake driji ing kabar banjur gulung cepet ngiwa utawa nengen.
- ! Ora kabeh kabar bisa ditutup.

### Nggedhekake kabar ing panel Kabar

- Seret kabar mengisor.
- ! Ora kabeh kabar bisa digedhekake.

### Mbusak kabeh kabar saka panel Kabar

- Tutul **Busak** utawa .

### Nanggapi kabar saka layar kunci

- Tutul kabar ping pindhho.

### Nolak kabar saka layar kunci

- Selehake driji ing kabar banjur gulung cepet ngiwa utawa nengen.

### Nggedhekake kabar ing layar kunci

- Seret kabar mengisor.
- ! Ora kabeh kabar bisa digedhekake.

### Ngatur kabar ing layar kunci

Sampeyan bisa ngatur piranti supaya mung nampilake kabar pilihan ing layar kunci. Sampeyan bisa ngatur supaya kabeh kabar lan isine bisa diakses, ndhelikake konten sensitif kanggo kabeh kabar utawa aplikasi tartamtu, utawa milih ora nampilake kabar babar blas.

### Milih kabar kanggo ditampilake ing layar kunci

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Nalika piranti kakunci**.
- 3 Pilih salah siji.

### Opsi tampilan kabar ing layar kemunci

<b>Tuduhake kabeh isi kabar</b>	Entuk kabeh kabar ing layar kunci. Nalika nguripake setelan iki, elinga yen kabeh isi (kalebu isi email mlebu lan obrolan) bakal katon ing layar kemunci kajaba sampeyan namtokake aplikasi sing cocog minangka <b>Delikake isi sensitif</b> ing menu setelan <b>Kabar aplikasi</b> .
<b>Delikake isi kabar sensitif</b>	Sampeyan kudu nduweni PIN, sandi, utawa pola kanggo layar kemunci supaya setelan iki sumadhiya. <b>Isi didhelikake</b> ditampilake ing layar kemunci yen ana kabar sensitif sing teka. Misale, sampeyan bakal entuk kabar kanggo email mlebu utawa obrolan, nanging isine ora bakal katon ing layar kemunci.
<b>Aja tuduhake kabar blas</b>	Sampeyan ora bakal entuk kabar babar blas ing layar kemunci.

### Nyetel tingkat kabar aplikasi

Sampeyan bisa nyetel maneka tumindak kabar kanggo saben aplikasi. Misale, sampeyan bisa mblokir kabeh kabar email, ngutamakake kabar Facebook™, lan ngatur supaya isi kabar olahpesen katon ing layar kunci.

### Nyetel tingkat kabar aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Kabar aplikasi**.
- 3 Pilih aplikasi sing arep digenti setelan kabare.
- 4 Seret panggesere menyang tengen.

### Tingkat lan pilihan kabar kanggo aplikasi tartamtu

<b>Blokir kabeh</b>	Aja tuduhake kabar kanggo aplikasi sing dipilih.
<b>Periakokake dening prioritas</b>	Tampa kabar aplikasi iki krungu nalika Aja ngganggu disetel menyang Mung prioritas.
<b>Idinake ngintip</b>	Ngidinake aplikasi iki negesake kabar tartamtu kanthi nggeser kabar kanthi cepet menyang pandelengan layar.
<b>Delikake isi sensitif</b>	Nalika piranti kekunci, delikake isi ing kabar aplikasi iki sing bisa ngungkapake katrangan pribadi.

### Lampu kabar

Lampu kabar nuduhake sampeyan babagan status baterei lan prastawa liyane. Umpamane lampu putih kelip-kelip tegese ana pesen anyar utawa telpon ora kejawab. Lampu kabar diaktifake kanthi gawan nanging bisa dipateni kanthi manual.

























- ! Yen dipateni, lampu kabur mung murup yen ana peringatan status baterai, misale, yen tingkat baterai ing ngisore 15 persen.





### Ngaktifake lampu kabur

- 1 Saka layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Swara & kabar**.
- 3 Seret panggeser ing jejere **Lampu kabur** menyang tengen.

## Lambang ing garis status.


### Lambang status

	Ora ana kertu SIM
	Kakuwatan sinyal
	Ora ana sinyal
	Roaming
	Ngirim lan ngundhuh data LTE
	Ngirim lan ngundhuh data GPRS
	Ngirim lan ngundhuh data EDGE
	Ngirim lan ngundhuh data 3G
	Ngirim lan ngundhuh data HSPA+
	Sambungan Wi-Fi bisa diaktifake lan data lagi ditransmisi
	Sambungan Wi-Fi diaktifake nanging ora ana sambungan internet. Lambang iki uga bisa katon nalika sampeyan bisa nyambung menyang jaringan Wi-Fi sing aman. Sawise bisa mlebu, tandha seru bakal ilang. Ing Google™ diblokir ing wilayah sampeyan, tandha seru bisa muncul sanajan piranti disambungake menyang jaringan Wi-Fi lan ana sambungan internet aktif.
60% 	Status baterai
	Baterai lagi diisi daya
	Mode STAMINA diaktifake
	Mode Ultra STAMINA diuripake
	Mode pesawat diaktifake
	Fungsi Bluetooth® diaktifake
	Mikropon digawe meneng
	Spiker telpon urip
	Mode aja ngganggu diaktifake
	Mode kedher
	Weker disetel
























-  GPS diaktifake
-  Panylarasan lagi lumaku
-  Masalah nalika mlebu utawa panylarasan
-  Fungsi alat bantu pangrungon diaktifake

! Gumantung panyedhiya layanan, jaringan, lan wilayah, fungsi utawa layanan sing diwakili sawetara lambang ing dhaptar iki bisa ora kasedhiya.

### Ngatur lambang ing garis status


- 1 Saka layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tampilan > Ikon sistem**.
- 3 Centhang kothak kanggo lambang sistem sing arep dituduhake ing garis status.

### Lambang kabar

-  Pesen teks utawa pesen multimedia anyar
-  Telpon ora kejawab
-  Telpon ditahan
-  Terusan telpon diuripake
-  Pesen surat swara anyar
-  Pesen email anyar
-  Ngundhuh data
-  Ngunggah data
-  Data seluler dipateni
- Tindakake atur wiwitan dhasar ing piranti
-  Piranti lunak anyar sadhiya
-  Sistem anyar sadhiya
-  Ngundhuh anyaran sistem
-  Tutul kanggo masang anyaran sistem sing diundhuh
-  Potret layar dijepret
-  Pesen obrolan Hangouts™ anyar
-  Ngobrol liwat video karo kanca nganggo aplikasi Hangouts™
-  Aplikasi cilik lagi aktif
-  Lagu lagi diputer
-  Radio lagi urip
-  Piranti sambung karo komputer liwat kabel USB
-  Simpenan internal 75% kebak. Tutul kanggo kirim data menyang kertu memori
-  Pepenget
-  Kabar liyane (ora ditampilake)

! Ora kabeh lambang sing katon ing piranti kadhaftar ing kene. Lambang-lambang iki mung kanggo rujukan, lan bisa diganti tanpa warta sadurunge.










## Ngalangi aplikasi saka ngirim kabar

- 1 Saka layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Swara & kabar** > **Kabar aplikasi**.
- 3 Pilih aplikasi.
- 4 Tutul panggeser ing sisihe **Alangi kabeh** utawa **Delikake isi sensitif** kanggo matesi kabar kaya sing dikepengini.

## Ringkesan aplikasi

- ! Sawetara aplikasi uga bisa disartakake ing piranti utawa uga bisa ora didhukung dening kabeh jaringan utawa panyedhiya layanan ing kabeh wilayah.

-  Gunakake aplikasi Jam kanggo nyetel maneka weker.
-  Gunakake peramban web Chrome kanggo navigasi lan ndeleng kaca web, ngatur tenger, teks, lan gambar.
-  Gunakake aplikasi Kalkulator kanggo nindakake etung-etungan dhasar.
-  Gunakake aplikasi Tanggalan kanggo tetep nglacak acara lan ngatur janji.
-  Gunakake kamera kanggo motret lan ngrekam video cendhak.
-  Gunakake aplikasi Kontak kanggo ngatur nomer telpon, alamat email, lan katrangan liyane sing gegandhengan karo kontak.
-  Akses aplikasi, dokumen, dan gambar sing diunduh.
-  Gunakake aplikasi Email kanggo ngirim lan nampa email liwat akun pribadi lan penggaweyan.
-  Gunakake aplikasi Facebook™ kanggo jaringan sosial karo kanca-kanca, anggota keluarga, lan kolega sak donya.
-  Njlajah lan ngrungokake stasiun radio FM.
-  Gunakake aplikasi Album kanggo ngatur, ndeleng, lan ngowahi foto lan video.
-  Gunakake aplikasi Gmail™ kanggo maca, nulis, lan ngatur pesen email.
-  Tlusur informasi ing piranti lan ing web.
-  Ndeleng panggonan saiki, nggoleki panggonan liya, lan ngetung rute nggunakake Google Maps™.
-  Gunakake aplikasi Play Store™ kanggo nggolakei aplikasi sing arep dituku utawa diunduh gratis.
-  Gunakake aplikasi Olahpesen kanggo ngirim lan nampa pesen teks lan multimedia.
-  Gunakake aplikasi Video kanggo muter video ing piranti lan ngandum konten karo kanca.
-  Gunakake aplikasi Musik kanggo ngatur lan muter lagu lan buku audio.
-  Deleng carita anyar saka News Suite.
-  Gunakake aplikasi Cuaca kanggo ndeleng ramalan cuaca.
-  Nelpon kanthi mencet nomer manual utawa kanthi nggunakake fungsi mencet nomer pintar.
-  Optimalake setelan sing cocog karo kagunaan sampeyan.
-  Gunakake aplikasi Hangouts™ kanggo ngobrol karo kanca online.

-  Ngenali trek lagu sing keprungu lagi diputer ing sakcedhake sampeyan, lan njupuk informasi artis, album, lan info liyane.
-  Gunakake YouTube™ kanggo ndeleng video saka ngendi wae ing donya, lan ngandum video duweke sampeyan.
-  Xperia™ Movie Creator otomatis nggawe kolase video cendhak nganggo koleksi foto lan video sing ana.
-  Gunakake aplikasi Dhukungan kanggo ngakses dhukungan pangguna ing piranti. Contone, sampeyan bisa ngakses Patunjuk pangguna, informasi cara ngatasi masalah, uga kiyat lan trik.
-  Gunakake aplikasi Sketsa kanggo nggawe lan nlusuri gambar, banjur ngandum karo kanca-kanca.
-  Gunakake aplikasi What's New kanggo nemokake dulinan, aplikasi, dan isi media anyar.
-  Rasakake lagu, film, aplikasi, dan dulinan ing piranti, lan entuk akses khusus marang isi unik sing kasedhiya mung karo piranti Xperia™.
-  Tansah kasambung karo kanca dulinan lan dulinan sing seneng digawe dulinan, tukunen ing PlayStation®Store, lan liya-liyane.
-  Lindhungi piranti saka virus, malware, spyware, upaya phishing, lan eksploitasi online.

# Baterai lan pangrumatan

## Ngisi daya piranti


- ! Tansah anggo pangisi daya Sony asli lan kabel USB sing digawe khusus kanggo model Xperia™ tartamtu. Pangisi daya dan kabel liya bisa ningkatake wektu isi daya, ora ngisi daya babar blas, utawa uga bisa ngrusak piranti. Pesthekake kabeh port lan konektor USB garing banget, sadurunge nglebokake kabel USB.


Pangisi daya soket tembok bakal ngisi daya piranti luwih cepet tinimbang ngisi daya liwat komputer. Sampeyan isih bisa nggunakake piranti nalika ngisi daya.

Yen baterai kothong, bisa merlokake nganti 30 menit supaya piranti nanggapi pangisian daya. Nalika wektu iki, layar uga bisa tetep mati, ora nampilake lambang ngisi daya. Uga elinga yen iki bisa merlokake nganti 4 jam kanggo baterai sing kothong kabeh supaya bisa kebak.

- ! Piranti nduweni baterai sing bisa diisi lan mung bisa digenti dening pusat reparasi Sony resmi. Sampeyan aja nyoba mbukak utawa mbongkar piranti dhewe. Yen nindakake kuwi bisa nyababake rusak lan mbatalake garansi.

## Ngisi daya piranti



- 1 Tancepake pangisi daya menyang stopkontak.
  - 2 Tancepake kabel USB menyang pangisi daya (utawa menyang port USB ing komputer).
  - 3 Tancepake pucuk kabel USB sijine menyang port USB mikro ing piranti, kanthi simbol USB madhep munggah. Lampu kabar murup nalika pangisian daya diwiwiti.
  - 4 Sawise daya piranti diisi kebak, jabut kabel USB saka piranti kanthi narik metu. Aja nganti nekuk konektor.
- ! Mung gunakake pangisi daya sing disedhiyakake bareng piranti utawa pangisi daya Sony liyane sing khusus digawe ngisi daya piranti.
  - 💡 Yen baterai kothong babar blas, perlu sawetara menit sadurunge lampu kabar urip lan lambang ngisi daya  muncul.

## Status lampu kabar baterai

Ijo	Baterai lagi diisi daya lan level pangisian baterai luwih akeh saka 90%
Oranye	Baterai lagi diisi daya lan level pangisian baterai luwih sithik saka 90%
Abang	Baterai lagi diisi daya lan level pangisian baterai luwih sithik saka 15%

## Baterai lan pangaturan daya

Piranti wis dipasang baterai. Kanggo entuk fungsi sing paling apik, terus lacak daya sing dianggo dening aplikasi lan fitur liya. Fitur irit daya ing latar mburi diaktifake dening gawan kanggo mbiyantu ngurangi panggunaan baterai, lan mode irit daya tambahan kasedhiya kanggo mbiyantu ngurangi panggunaan baterai luwih akeh yen diperlokake.

Fitur irit daya ngurangi prioritas fungsi piranti tartamtu sing ora penting, kayata kinerja gambar sing dhuwur tingkate, aktivitas jaringan kayata layanan panggonan, panylarasan aplikasi, lan pamindaian Wi-Fi ing latar mburi. Yen ora pengin aplikasi kapengaruh, sampeyan bisa ngajabakake aplikasi kasebut ing menu optimisasi Baterai. Telpon lan SMS ora kapengaruh.

- ! Panganyaran sistem uga bisa ngowahi fitur irit daya sing kasedhiya ing piranti.

### Ndeleng panggunaan baterai, prakiraan wektu, lan kiyat irit daya

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Baterai**. Ringkesan nuduhake persentase baterai lan prakiraan wektu baterai.
- 3 Tutul **TAMPILAKE ANGGONAN BATEREI** kanggo ndeleng dhaptar fitur lan layanan sing wis nggunakake daya baterai awit sikulus isi daya trakir. Tutul item kanggo entuk informasi babagan cara ngurangi panggunaan batereine.

### Ndeleng panggunaan baterai kanggo aplikasi

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Aplikasi**.
- 3 Pilih aplikasi lan ndeleng panggunaane liwat **Panggunaan baterai**.

### Kiyat panggunaan umum kanggo ningkatake kinerja baterai

Kiyat ing ngisor iki bisa mbiyantu ngapiki kinerja baterai:

- Ngurangi tingkat pepadhangan layar, deleng *Setelan layar* ing kaca 58.
- Pateni Bluetooth®, Wi-Fi, lan layanan panggonan yen ora merlokake fitur iki.
- Pateni piranti utawa gunakake mode Pesawat yen sampeyan ana ing wilayah sing jangkoan jaringane ora ana utawa sithik. Yen ora, piranti bakal bola-bali mindai jaringan sing kasedhiya, lan iki ngentekake daya.
- Gunakake jaringan Wi-Fi tinimbang roaming nalika ing luar nagari. Roaming yaiku mindai jaringan asal sampeyan lan merlokake tambahan daya baterei amarga piranti kudu nerusake data karo daya sing luwih akeh, deleng *Wi-Fi* ing kaca 47.
- Owahi setelan panylarasan kanggo email, tanggalan, lan kontak, deleng *Nylarasake karo akun online* ing kaca 54.
- Priksa aplikasi sing nduweni akeh panggunaan baterei lan galihake kiyat irit daya sing kasedhiya ing piranti kanggo aplikasi iki.
- Owahi tingkat kabar kanggo aplikasi, deleng *Kabar* ing kaca 29.
- Pateni idin andum panggonan kanggo aplikasi, deleng *Setelan aplikasi* ing kaca 60.
- Busak instalasi aplikasi sing ora diaggo, deleng *Layar aplikasi* ing kaca 25.
- Gunakake piranti tanpa nyekel asli saka Sony kanggo ngrungokake musik. Piranti tanpa nyekel ngentekake luwih sithik baterei tinimbang spiker piranti.
- Wiwiti maneh piranti kala-kala.

## Optimisasi baterei






Optimisasi baterei iku mode nyawiji sing mumpuni lan kepenak kang bakal nambah akeh umur baterei kanthi ngurangi panggunaan baterei nalika ora nggunakake piranti utawa aplikasi tartamtu.

Iki dikasilake kanthi nangguhake aktivitas jaringan sing mangan baterei, kayata layanan panggonan, nyinkronake lan mindai Wi-Fi ing latar mburi nalika sampeyan durung nggunakake piranti ing wektu sing suwe.

Telpon lan olahpesen SMS ora kepengaruh.



Sampeyan ora bisa mateni Optimisasi baterei, nanging bisa ngajabakake kanggo aplikasi tartamtu.

### Ngajabakake aplikasi tartamtu saka optimisasi baterei


- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Baterei**.
  - 3 Tutul  banjur pilih **Optimisasi baterei**. Sampeyan bakal ndeleng dhaptar aplikasi sing ora dioptimalake.
  - 4 Kanggo nambah utawa mbusak aplikasi saka dhaptar iki, tutul **Aplikasi** lan pilih utawa ora pilih aplikasi saka dhaptar kanggo ngowahi setelan optimisasi.
  - 5 Dhaptar aplikasi sing ora dioptimalake bakal dianyari miturut setelan sampeyan.
-  Sampeyan ora bisa ngajabakake aplikasi saka dioptimalake dening mode Ultra STAMINA.
-  Sampeyan uga bisa ngatur **Optimisasi baterei** saka menu **Aplikasi** kanthi nutul .

## Mode irit daya

Ana sawetara mode irit daya sing bisa digunakake supaya baterei luwih awet:

<b>mode STAMINA</b>	Gumantung tingkat STAMINA, maneka fitur bakal diwatesi utawa dipateni kanggo ngurangi panggunaan baterei. Iki kalebu nggenti kinerja, animasi, lan pepadhangan layar, pangapikan gambar, panylarasan data aplikasi latar mburi, kedher (kajaba kanggo telpon mlebu), striming, lan GPS (nalika layar mati).  katon ing garis status.
<b>Mode Ultra STAMINA</b>	Saliyane fitur sing dipateni dening mode STAMINA, mode Ultra STAMINA mateni Data Seluler lan Wi-Fi. Pamilihan aplikasi diwatesi lan widget (kajaba Jam) dipateni. Telpon lan SMA isih kasedhiya. Layar Ngarep digenti menyang layar Ngarep mode Ultra STAMINA khusus lan panel tambahan dipateni.  katon ing garis status.

### Ngaktifake utawa mateni mode STAMINA

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Baterei**.
  - 3 Tutul **mode STAMINA**, lan tutul panggeser kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi kasebut. Nalika mode STAMINA aktif, sampeyan bisa milih opsi tambahan, contone sampeyan bisa ngatur persentase Wiwit-otomatis miturut pilihan sampeyan.
- 💡 Sampeyan bisa ngajabakake aplikasi supaya ora dioptimalake dening mode STAMINA ing menu optimisasi Baterei.


### Ngaktifake mode Ultra STAMINA

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Baterei**.
  - 3 Tutul **Mode Ultra STAMINA**, banjur tutul **Activate**.
  - 4 Konfirmasi kanggo ngaktifake.
- ! Sampeyan ora bisa ngajabakake aplikasi saka dioptimalake dening mode Ultra STAMINA.

### Mateni mode Ultra STAMINA

- 1 Seret mudhun garis atatus kanggo mbukak panel Kabar.
  - 2 Tutul **Pateni mode Ultra STAMINA**.
  - 3 Tutul **OK**.
- ! Mateni mode Ultra STAMINA bakal wiwit maneh piranti.

## Nganyari piranti

Sampeyan kudu nganyari piranti lunak ing piranti supaya entuk fungsi paling anyar, dandan lan bug mbecike supaya njamin kinerja sing optimal. Nalika kasedhiya anyaran piranti lunak,  katon ing garis status. Sampeyan uga bisa mriksa panganyaran kanthi manual, utawa njadwalake anyaran.


Cara paling gampang kanggo nginstal anyaran piranti lunak kanggo nindakake nirkabel saka piranti. Sawetara anyaran ora kasedhiya kanggo diundhuh kanthi nirkabel. Sampeyan kudu nggunakake piranti lunak Xperia™ Companion ing PC utawa komputer Apple® Mac® kanggo nganyari piranti.

Sadurunge nganyari piranti, penggalih ing ngisor iki:

- Pesthekake yen kapasitas simpenan cukup sadurunge nyoba nganyari.
- Yen nggunakake piranti mawa pangguna akeh, sampeyan kudu mlebu minangka pamilik, yaiku pangguna primer, kanggo nganyari piranti.
- Anyaran sistem lan aplikasi bisa nyedhiyakake fitur ing piranti karo cara liyane sing ora dijelasake ing Pandhuan pangguna iki. Versi Android™ uga bisa ora kepengaruh sawise panganyaran.

Kanggo informasi luwih pepak babagan panganyaran piranti lunak, bukak [www.sonymobile.com/update/](http://www.sonymobile.com/update/).


### Mriksa piranti lunak anyar

- 1 Yen sampeyan nggunakake piranti nganggo pangguna akeh, pesthekake sampeyan mlebu minangka sing duwe.
  - 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Setelan > Babagan telpon > Nganyari piranti lunak**.
- ! Yen ora ana piranti lunak sadhiya, mbokmenawa memori bebas ing piranti ora cukup. Yen memori internal bebas sing sadhiya ing piranti Xperia™ sampeyan kurang saka 500 MB (memori piranti), sampeyan ora nampa informasi saka piranti lunak anyar. Kabar iki katon ing panel Kabar kanggo ngelingake kurange ruang simpenan: Ruang simpenan meh entek. Sawetara guna mbokmenawa ora mlaku. Yen nampa kabar iki, sampeyan kudu mbebasake memori internal (memori piranti) sadurunge bisa entuk kabar babagan sadhiyan piranti anyar.

## Nganyarake piranti kanthi nirkabel

Gunakake aplikasi Anyaran piranti lunak kanggo nganyari piranti lunak ing piranti kanthi nirkabel. Anyaran sing bisa diundhuh liwat jaringan seluler gumantung operator. Disaranake nggunakake jaringan Wi-Fi tinimbang jaringan seluler kanggo ngundhuh piranti lunak anyar supaya sampeyan bisa nyingkiri biaya kiriman data.

### Ngundhuh lan nginstal sistem anyar

- 1 Yen sampeyan nggunakake piranti nganggo pangguna akeh, pesthekake sampeyan mlebu minangka sing duwe.
- 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Babagan telpon** > **Nganyari piranti lunak**.
- 4 Yen sistem anyar sadhiya, tutul **Undhuh** kanggo ngundhuh menyang piranti.
- 5 Yen wis rampung ngundhuh, tutul **Instal** banjur tindakake pandhuan ing layar kanggo ngrampungake panginstalan.

### Nyetel wiwitan instalasi otomatis

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Babagan telpon** > **Nganyari piranti lunak**.
- 3 Penet , banjur tutul **Setelan** lan pilih salah siji.

### Nganyari piranti nggunakake komputer

- 1 Nganggo kabel USB, sambungake piranti nyang komputer.
  - 2 Pesthekake yen layar piranti ora kekunci, lan yen mode sambungan USB ing piranti disetel menyang **Pamindhahan file (MTP)**.
  - 3 Bukak Xperia™ Companion, yen ora otomatis diluncurake.
  - 4 Pesthekake yen komputer bisa ngakses internet.
  - 5 **Komputer**: Yen kadeteksi ana piranti lunak anyar, bakal muncul jendhela sembul. Tututi patunjuk ing layar kanggo nganyari piranti lunak sing cocog.
- ! Yen ora duwe piranti lunak Xperia™ Companion sing diinstal ing komputer sing cocog, sambungake piranti menyang komputer lan tututi patunjuk ing layar. Pesthekake yen wis nggunakake kabel USB sing disiyapake karo piranti lan wis nyambung menyang piranti lan komputer kanthi bener.

## Parumatan nggunakake komputer

### Xperia™ Companion

Xperia™ Companion iku layanan piranti lunak sing nyedhiyakake kumpulan alat lan aplikasi sing bisa digunakake nalika nyambung piranti menyang komputer. Karo Xperia™ Companion, sampeyan bisa:

- Nganyari utawa ndandani piranti lunak piranti.
- Mindhah isi saka piranti lawas nggunakake Xperia™ Transfer.
- Nggawe serep lan mulihake isi ing komputer.
- Nylarasake isi multimedia – foto, video, lagu, lan dhaptar lagu - antarane piranti lan komputer.
- Tlusuri file ing piranti.

Yen arep nganggo Xperia™ Companion, sampeyan kudu duwe komputer sing kasambung internet sing nggunakake salah siji sistem operasi iki:

- Microsoft® Windows® 7 utawa luwih anyar
- Mac OS® X 10.11 utawa luwih anyar

Sinau salengkape lan undhuh Xperia™ Companion kanggo Windows ing <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion/> utawa Xperia™ Companion kanggo Mac ing <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion-mac/>.


## Ngatur file nggunakake komputer

Gunakake sambungan kabel USB antarane komputer Windows® lan piranti kanggo ntransfer lan ngatur file.

Sawise kaloro piranti kasambung, sampeyan bisa milih antarane ngisi daya piranti, ntransfer file, utawa nggunakake piranti kanggo input MIDI. Komputer bakal ndeteksi piranti nalika sampeyan milih mode sambungan **Pamindhahan file (MTP)**. Mode sambungan gawan disetel menyang **Mung ngisi daya**.

Karo Xperia™ Companion, sampeyan bisa ngakses file sistem piranti. Yen ora nduweni Xperia™ Companion sing diinstal, sampeyan dijuluk nginstal nalika nyambungake piranti menyang komputer.

- ! Tansah anggo kabel USB sing digawe khusus kanggo model Xperia™ lan pesthekake garing temenan.



## Mode Sambungan USB

Sampeyan bisa nggunakake mode **Pamindhahan file (MTP)** kanggo ngatur file lan nganyari piranti lunak piranti. Mode USB iki dienggo karo komputer Microsoft® Windows®. Pangisian daya diaktifake kanthi gawan.

Nggunakake mode **MIDI**, piranti bisa fungsi minangka input MIDI kanggo aplikasi instrumen musik.

### Nggenti mode sambungan USB

- 1 Pasang sambungan USB menyang piranti.
- 2 Seret mudhun garis Status, banjur tutul **Mung ngisi daya**.
- 3 Tutul **Pamindhahan file (MTP)** utawa **MIDI** kaya sing dipengini.

## Simpenan lan memori

Piranti duwe sawetara jinis simpenan lan pilihan memori.

- Simpenan internal kira-kira **16 GB** lan digunakake kanggo nyimpen isi sing diundhuh utawa dipindhah bebarengan karo setelan lan data pribadhi. Sawetara conto data sing disimpen ing simpenan internal yaiku setelan weker, volume, lan basa, email, tenger, tanggalan acara, foto, video, lan lagu.
  - Sampeyan bisa nggunakake kertu memori sing bisa dicopot karo kapasitas simpenan nganti **128 GB** supaya entuk panggon simpenan luwih akeh. File media lan sawetara aplikasi, karo data sing gegayut, bisa dipindhah menyang jinis memori iki kanggo mbebasake simpenan internal. Sawetara aplikasi, contone, aplikasi Kamera, bisa nyimpen data langsung ing kertu memori.
  - Memori dinamis (RAM) gedhene kira-kira **2 GB** lan ora bisa digunakake kanggo simpenan. RAM digunakake kanggo nangani aplikasi sing mlaku lan sistem operasi.
- ! Sampeyan bisa uga kudu tuku kertu memori kanthi kapisah.
- 💡 Waca luwih pepak babagan panggunaan memori ing piranti Android kanthi ngundhuh Kertas putih kanggo piranti ing [www.sonymobile.com/cn/support/](http://www.sonymobile.com/cn/support/).

## Ngapiki kinerja memori

Memori piranti tambah suwe tambah kebak amarga panggunaan normal. Yen piranti tambah alon, utawa aplikasi mati ndadak, sampeyan kudu nindakake ing ingisor iki:

- Tansah nduweni simpenan internal kothong luwih saka **100 MB**.
  - Nutup aplikasi sing mlaku nanging lagi ora digunakake.
  - Mbusak memori cache kanggo kabeh aplikasi.
  - Mbusak aplikasi sing diundhuh nanging ora digunakake.
  - Mindhahake aplikasi menyang kertu memori yen simpenan internal kebak.
  - Mindhah foto, video, lan musik saka memori internal menyang kertu memori.
  - Yen piranti ora bisa maca konten ing kertu memori, sampeyan uga bisa perlu mormat kertu. Elinga yen kabeh konten ing kertu memori bakal kebusak yen kertu diformat.
- ! Yen nggunakake piranti mawa pangguna akeh, sampeyan kudu mlebu minangka pamilik, yaiku pangguna utama, supaya bisa nindakake tindakan tartamtu kayata nransfer data menyang kertu memori lan mormat kertu memori.

### Ndeleng status memori

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Panyimpenan & memori**.

### Ndeleng akehing RAM sing bebas lan dienggo


- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Babagan telpon** > **Diagnostiks** > **Fakta**.

### Mbusak memori cache kanggo kabeh aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Panyimpenan & memori**.
- 3 Tutul **Panyimpenan internal**, banjur golek lan tutul **Data cache** > **OK**.

💡 Nalika mbusak memori cache, sampeyan ora kelangan informasi utawa setelan penting.

### Ngirim file media menyang kertu memori

- 1 Pesthekake yen kartu memori dilebokake menyang piranti.
- 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Panyimpenan & memori** > **Kirim data menyang kertu SD**.
- 4 Tandhani file sing arep dikirim menyang kertu memori.
- 5 Tutul **Kirim**.

### Ngendheg aplikasi lan layanan sing aktif

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek lan tutul **Setelan** > **Aplikasi**.
- 3 Pilih aplikasi utawa layanan, banjur tutul **STOP PEKSA** > **OK**.

### Mormat kertu memori

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Panyimpenan & memori**.
- 3 Tutul **Kertu SD** > ; banjur tutul **Setelan** > **Format** > **Busak & format**.

! Kabeh isi ing kertu memori dadi kebusak yen kertu diformat. Pesthekake yen sampeyan wis nggawe serep kabeh data sing arep disimpen. Kanggo nggawe serep isi, sampeyan bisa nyalin isi menyang komputer. Kanggo informasi luwih pepak, deleng *Ngatur file nggunakake komputer* ing kaca 40.

## Nggawe serep lan mulihake isi

Umumé, sampeyan mestine ora nyimpen foto, video, lan isi pribadhi liyane mung ing memori internal piranti. Yen piranti rusak, ilang, utawa dicolong, data sing disimpen ing memori internal ilang saklawase. Disaranake supaya nggunakake piranti lunak Xperia™

Companion kanggo nggawe serep kang nyimpen data kanthi aman nyang piranti eksternal. Cara iki utamané dianjurake yen sampeyan nganyari piranti lunak ing piranti menyang versi Android sing luwih anyar.

Aplikasi Serep & pemulihan Xperia™ disaranake kanggo nggawe serep data sadurunge sampeyan mulihake data pabrik. Nganggo aplikasi iki, sampeyan bisa nggawe serep data menyang akun online, kertu SD, utawa piranti simpenan USB eksternal sing wis disambungake menyang piranti nganggo adaptor Host USB:

Nggunakake aplikasi Serep & pemulihan saka Google, sampeyan bisa nggawe serep data menyang server Google.

## Gawe serep data menyang komputer

Gunakake piranti lunak the Xperia™ Companion kanggo nggawe serep data saka piranti menyang PC utawa komputer Apple® Mac®. Sampeyan bisa nggawe serep jinis data ing ngisor iki:

- Kontak lan dhaptar telpon
- Pesen teks
- Tanggalan
- Setelan lan tetenger
- File media kayata lagu lan video
- Foto lan gambar

### Nggawe serep data nggunakake komputer

- 1 Bukak kunci layar piranti lan sambungake piranti menyang komputer nggunakake kabel USB.
  - 2 Bukak piranti lunak Xperia™ Companion ing komputer, yen ora otomatis diluncurake. Sawise sawetara wektu, komputer ndeteksi piranti. Pesthekake wis milih mode **Pamindhahan file (MTP)** ing piranti.
  - 3 Klik **Cadangake** ing layar utama Xperia™ Companion.
  - 4 Tututi patunjuk ing layar kanggo nggawe serep data saka piranti.
- ! Yen ora nduweni Xperia™ Companion sing diinstal, sampeyan dijaluk nginstal nalika nyambungake piranti menyang komputer.

### Mulihake data nggunakake komputer

- 1 Bukak kunci layar piranti lan sambungake piranti menyang komputer nggunakake kabel USB.
  - 2 Bukak piranti lunak Xperia™ Companion ing komputer, yen ora otomatis diluncurake. Sawise sawetara wektu, komputer ndeteksi piranti. Pesthekake wis milih mode **Pamindhahan file (MTP)** ing piranti.
  - 3 Klik **Pulihake** ing layar utama Xperia™ Companion.
  - 4 Pilih file serep saka rekaman serep, banjur klik **Sabanjure** lan tututi patunjuk ing layar kanggo mulihake data menyang piranti.
- ! Yen ora nduweni Xperia™ Companion sing diinstal, sampeyan dijaluk nginstal nalika nyambungake piranti menyang komputer.

## Nggawe serep data nganggo aplikasi Serep & pemulihan saka Xperia™


Nganggo aplikasi Serep & pemulihan saka Xperia™, sampeyan bisa nggawe serep data online utawa lokal. Misale, sampeyan bisa nggawe serep data kanthi manual utawa nguripake fungsi serep otomatis kanggo nyimpen data kala-kala.

Aplikasi Serep & pemulihan Xperia™ disaranake kanggo nggawe serep data sadurunge sampeyan mulihake data pabrik. Nganggo aplikasi iki, sampeyan bisa nggawe serep jinis data ing ngisor iki menyang akun online, kertu SD, utawa piranti panyimpenan USB eksternal sing wis disambungake menyang piranti nganggo adaptor Host USB:



- Tetenger
- Kontak lan dhaptar telpon
- Obrolan
- Data tanggalan

- Akun email
- jaringan Wi-Fi
- Setelan piranti
- Aplikasi
- Tata panggon Ngarep Xperia™


### Nggawe serep isi menyang akun online

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Gawe serep & pamulihan.**
- 3 Kanggo ngaktifake fungsi serep otomatis, tutul **Gawe serep otomatis** banjur tutul tombol urip-mati.
- 4 Kanggo ngaktifake fungsi gawe serep manual, tutul **Liyane > Cadangan manual.**
- 5 Ing **Ngendi mulihake file**, tutul **Pilih panyimpenan > Akun online.**
- 6 Yen dijaluk, waca sarat sing cocog lan sampeyan rujuki, tutul **Setuju**, banjur tututi patunjuk ing layar kanggo mlebu menyang akun Google™.
- 7 Pilih jinis data sing arep digawe serepe, banjur tutul **Gawe serep.**


### Nyiyapake fungsi nggawe serep otomatis

- 1 Yen sampeyan nggawe serep konten menyang piranti panyimpenan USB, pesthekake piranti panyimpenan wis nyambung menyang piranti nganggo adaptor Host USB. Yen sampeyan nggawe serep menyang kertu SD, pesthekake kertu SD wis dilebokake kanthi bener ing piranti. Yen sampeyan nggawe serep isi saka akun online, pesthekake sampeyan wis mlebu nyang akun Google™ sampeyan.
- 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan > Gawe serep & pamulihan.**
- 4 Ing bab **Cadhangan & pamulihan Xperia™**, tutul **Gawe serep otomatis.**
- 5 Kanggo ngaktifake fungsi serep otomatis, tutul tombol urip-mati.
- 6 Pilih frekwensi serep, panggonan nyimpen file serep, wektu kanggo nggawe serep, lan jinis data sing digawe serepe.
- 7 Kanggo nyimpen setelan, tutul .


### Nggawe serep konten kanthi manual

- 1 Yen sampeyan nggawe serep konten menyang piranti panyimpenan USB, pesthekake piranti panyimpenan wis nyambung menyang piranti nganggo adaptor Host USB. Yen sampeyan nggawe serep menyang kertu SD, pesthekake kertu SD wis dilebokake kanthi bener ing piranti. Yen sampeyan nggawe serep isi saka akun online, pesthekake sampeyan wis mlebu nyang akun Google™ sampeyan.
- 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan > Gawe serep & pamulihan.**
- 4 Ing bab **Cadhangan & pamulihan Xperia™**, tutul **Liyane.**
- 5 Tutul **Cadangan manual**, banjur tutul tujuan nggawe serep lan jinis data sing pengin digawe serepe.
- 6 Tutul **Gawe serep.**
- 7 Sawise nggawe serep data, tutul **Rampung.**

### Ngowahi file serep

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Gawe serep & pamulihan.**
- 3 Ing bab **Cadhangan & pamulihan Xperia™**, tutul **Liyane.**
- 4 Tutul **Owahi file cadhangan**, banjur pilih sumber serep lan jinis data sing arep dibusak.
- 5 Tutul **Busak data.**
- 6 Tutul **OK** kanggo ngonfirmasi.
- 7 Sawise data dibusak, tutul **Rampung.**

### Mulihake konten sing wis digawe serep

- 1 Yen sampeyan mulihake konten saka piranti panyimpenan USB, pesthekake piranti panyimpenan wis nyambung menyang piranti nganggo adaptor Host USB. Yen sampeyan mulihake konten saka kertu SD, pesthekake kertu SD wis dilebokake kanthi bener ing piranti. Yen sampeyan mulihake isi saka akun online, pesthekake sampeyan wis mlebu nyang akun Google™ sampeyan.
  - 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Setelan > Gawe serep & pamulihan**.
  - 4 Ing ngisor **Cadhangan & pamulihan Xperia™**, tutul **Pulihake data**, banjur pilih sumber pamulihan lan jinis data sing arep dipulihake.
  - 5 Tutul **Pulihake data**.
  - 6 Sawise konten dipulihake, tutul **Rampung**.
- ! Elinga yen kabeh panggantian ing data lan setelan sawise sampeyan gawe serep, kalebu kabeh aplikasi sing diundhuh, bakal dibusak sakjrone prosedur pamulihan.

### Nggawe serep data nganggo aplikasi Serep & pamulihan saka Google

Nggunakake aplikasi Serep & pamulihan saka Google, sampeyan bisa nggawe cadhangan data nyang server Google. Sampeyan uga bisa nguripake fungsi pamulihan otomatis kanggo mulihake data lan setelan aplikasi nalika sampeyan masang maneh aplikasi.

Nganggo aplikasi iki, sampeyan nggawe serep jinis data ing ngisor iki:

- Aplikasi
- Tenger
- Jaringan Wi-Fi
- Setelan liyane

### Nggawe serep data menyang akun online

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek lan tutul **Setelan > Gawe serep & pamulihan**.
- 3 Ing ngisore **Cadhangan & pamulihan Google™**, tutul **Gawe serep dataku** lan seret slider ing jejere menyang tengen.

### Ngaktifake pamulihan otomatis nalika sampeyan masang maneh aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Gawe serep & pamulihan**.
- 3 Ing **Cadhangan & pamulihan Google™**, seret panggeser ing sisihe **Pulihake otomatis** menyang tengen.


# Ngundhuh aplikasi

## Ngundhuh aplikasi saka Google Play™

Google Play™ iku toko online resmi Google kanggo ngundhuh aplikasi, dolanan, musik, film, lan buku. Iki kalebu aplikasi sing gratis lan sing mbayar. Sadurunge wiwit ngundhuh saka Google Play™, pesthekake sampeyan nduweni sambungan Internet, luwih apik liwat Wi-Fi kanggo matesi prabeya kiriman data.

- ! Kanggo nggunakake Google Play™, sampeyan perlu nduweni akun Google™. Google Play™ bisa uga ora kasedhiya ing kabeh nagari utawa wilayah.

### Ngundhuh aplikasi saka Google Play™


- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Play Store**.
  - 3 Temokake item sing pengin diundhuh kanthi nlusuri kategori, utawa kanthi nggunakake fungsi tlusuran.
  - 4 Tutul item kanggo ndeleng rinciane, banjur tututi patunjuk kanggo ngrampungake instalasi.
- ! Sawetara aplikasi bisa uga perlu ngakses data, setelan, lan macem-macam fungsi ing piranti supaya bisa digunakake kanthi bener. Mung instal lan idini aplikasi sing dipercaya. Sampeyan bisa ndeleng idin sing diwenehna menyang aplikasi sing diundhuh lan uga nggenti status kanthi nutul aplikasi ing **Setelan > Aplikasi**.

## Ngundhuh aplikasi saka sumber liyane

Yen piranti disetel kanggo ngidini undhuan saka sumber sakliyané Google Play™, sampeyan bisa ngundhuh aplikasi langsung saka situs web liya kanthi nindakake patunjuk undhuan sing cocog.

- ! Nginstal aplikasi saka sumber sing ora dikenal utawa ora dipercaya bisa ngrusak piranti. Mung undhuh aplikasi saka sumber sing dipercaya. Hubungi panyedhiya aplikasi yen sampeyan duwe pitakon utawa uneg-uneg.
- 💡 Yen sampeyan nggunakake piranti mawa pangguna akeh, mung pamilik, yaiku pangguna utama, sing bisa ngidini undhuan saka sumber sakliyané Google Play™. Pangowahan sing ditindakake pamilik mengaruhi kabeh pangguna.

### Ngaktifake utawa mateni undhuan aplikasi saka sumber liya



- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan**.
  - 3 Tutul panggeser **Sumber ora dingerteni**.
  - 4 Tutul **OK**.
- ! Sawetara aplikasi bisa uga perlu ngakses data, setelan, lan macem-macam fungsi ing piranti supaya bisa digunakake kanthi bener. Mung instal lan idini aplikasi sing dipercaya. Sampeyan bisa ndeleng idin sing diwenehna menyang aplikasi sing diundhuh lan uga nggenti status kanthi nutul aplikasi ing **Setelan > Aplikasi**.

# Internet lan jaringan

## Njelajah web

Browser web Google Chrome™ kanggo piranti Android™ wis diinstal ing akeh pasar. Bukak <http://support.google.com/chrome> lan klik tautan "Chrome for Mobile" kanggo entuk informasi luwih rinci babagan cara nggunakake browser web iki.

### Nlusuri nganggo Google Chrome™


- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul .
- 3 Yen nggunakake Google Chrome™ kaping pisanan, pilih mlebu ing akun Google™ utawa njajah nganggo Google Chrome™ tanpa jeneng.
- 4 Tik istilah tlusuran utawa alamat web ing kolom tlusuran lan alamat, banjur tutul **Ayo** ing kibor.

## Setelan Internet lan MMS



Kanggo ngirim pesen multimedia, utawa ngakses internet nalika ora kasedhiya jaringan Wi-Fi, sampeyan kudu duwe sambungan data seluler sing bisa fungsi nganggo setelan internet lan MMS (Multimedia Messaging Service) sing bener. Deleng kiyat-kiyat iki:

- Kanggo jaringan seluler lan operator umume, setelan internet lan MMS wis dipasang sadurunge ing piranti sampeyan. Sampeyan banjur bisa wiwit nganggo internet lan langsung bisa ngirim pesen multimedia.
  - Sampeyan uga bisa ngundhuh setelan internet lan MMS liya wektu saka menu Setelan.
  - Sampeyan bisa kapan wae nambah, ngowahi, utawa mbusak setelan internet lan MMS ing piranti kanthi manual. Yen sampeyan ora sengaja ngowahi utawa mbusak setelan internet utawa MMS, undhuh setelan internet lan MMS maneh.
  - Yen sampeyan ora bisa ngakses internet liwat jaringan seluler utawa olahpesen multimedia ora fungsi, sanajan setelan internet lan MMS wis bisa diundhuh nyang piranti sampeyan, deleng kiyat ngatasi masalah kanggo piranti sampeyan ing [www.sonymobile.com/support/kanggo masalah jangkauan jaringan, data seluler, lan MMS](http://www.sonymobile.com/support/kanggo masalah jangkauan jaringan, data seluler, lan MMS).
- ! Yen mode STAMINA diaktifake kanggo ngirit daya, kabeh kiriman data seluler dimandhegi nalika layar mati. Yen iki nyababake masalah sambungan, coba ora nglebokake sawetara aplikasi lan layanan sing ora diendhegakake, utawa mateni mode STAMINA sauntara. Kanggo katrangan lengkap, deleng *Baterei lan pangaturan daya* ing kaca 36.
- ! Yen sampeyan nggunakake piranti karo pirang-pirang pangguna, mung pamilik, yaiku pangguna utama, sing bisa ngundhuh setelan internet lan olahpesen saka menu Setelan, nanging setelan sing diundhuh bisa ditrapake marang kabeh pangguna.


### Ngundhuh setelan internet lan MMS

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Liyane** > **Setelan Internet**.
  - 3 Tutul **TAMPA**. Sawise setelan bisa diundhuh,  muncul ing garis status lan kiriman data seluler otomatis urip.
- ! Yen setelan ora bisa diundhuh menyang piranti, priksa kakuwatan sinyal seluler sampeyan utawa jaringan seluler **Wi-Fi**. Pindhah menyang njaba sing tanpa alangan utawa nyedhaka menyang jendhela banjur coba maneh.

### Nambah setelan internet lan MMS kanthi manual

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Liyane > Jaringan mobile**.
- 3 Tutul **Jeneng Titik Akses** > **+**.
- 4 Tutul **Jeneng** lan tik jeneng sing dipengini.
- 5 Tutul **APN** banjur tik jeneng jalur akses.
- 6 Tik kabeh informasi liya sing diperlokake. Yen ora weruh apa wae informasi sing diperlokake, hubungi operator jaringan kanggo rincian luwih pepak.
- 7 Yen wis rampung, tutul  banjur tutul **SIMPEN**.
- 8 Kanggo milih APN sing bubar ditambahake, tutul tombol radio ing jejere jeneng APN. Yen wis dipilih, APN iki dadi APN gawan kanggo internet lan layanan MMS.

### Ndeleng setelan internet lan MMS sing diundhuh



- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Liyane > Jaringan mobile**.
- 3 Tutul **Jeneng Titik Akses**.
- 4 Kanggo ndeleng rincian luwih akeh, tutul item sing wis sadhiya.

## Wi-Fi


Gunakake Wi-Fi kanggo njlajah internet, ngundhuh aplikasi, utawa ngirim lan nampa email. Yen wis nyambung menyang jaringan Wi-Fi, piranti ngelingi jaringan kasebut lan otomatis nyambung yen liya wektu ana ing jangkauan jaringan kasebut.

Saperang jaringan Wi-Fi njaluk sampeyan mlebu ing kaca web supaya bisa entuk akses. Hubungi administrator jaringan Wi-Fi sing gegandhengan kanggo informasi luwih pepak.




Jaringan Wi-Fi sing sumadhiya bisa dibukak utawa diamanake:

- Jaringan sing kabukak tandhane ana  ing jejere jeneng jaringan Wi-Fi.
  - Jaringan sing diamanake tandhane ana  ing jejere jeneng jaringan Wi-Fi.
- ! Sawetara jaringan Wi-Fi ora katon ing dhaptar jaringan sing sumadhiya amarga ora nyiyarake jeneng jaringan (SSID). Yen ngerti jeneng jaringane, sampeyan bisa nambahake kanthi manual menyang dhaptar jaringan Wi-Fi sing sumadhiya.



### Nguripake utawa mateni Wi-Fi

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Wi-Fi**.
  - 3 Tutul panggeser kanggo ngaktifake utawa mateni Wi-Fi.
- ! Iki perlu sawetara detik sadurunge Wi-Fi bisa aktif.

### Nyambung menyang jaringan Wi-Fi kanthi otomatis

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Wi-Fi**.
  - 3 Tutul panggeser kanggo nguripake **Wi-Fi**. Kabeh jaringan Wi-Fi sing kasedhiya ditampilake.
  - 4 Tutul jaringan Wi-Fi kanggo nyambungake. Kanggo jaringan aman, ketik sandhi sing cocog.  ditampilake ing garis status yen wis nyambung.
- 💡 Kanggo nggoleki jaringan anyar sing kasedhiya, tutul  banjur tutul **Refresh**. Yen ora bisa nyambung menyang jaringan Wi-Fi, deleng kiyat ngatasi masalah sing cocog kanggo piranti ing [www.sonymobile.com/support/](http://www.sonymobile.com/support/).

### Nambah jaringan Wi-Fi kanthi manual

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Wi-Fi**.
  - 3 Tutul  > **Tambah jaringan**.
  - 4 Tik informasi **Jeneng jaringan (SSID)**.
  - 5 Kanggo milih jinis pangamanan, tutul kolom **Keamanan**.
  - 6 Yen dijaluk, tik sandhi.
  - 7 Kanggo ngowahi opsi sabanjure kayata proxy lan setelan IP, tutul **Pilihan canggih** banjur owahi pilihan kaya sing dikarepake.
  - 8 Tutul **Simpen**.
- ! Hubungi administrator jaringan Wi-Fi kanggo njaluk SSID jaringan lan sandhi.

### Nambah kakuwatan sinyal Wi-Fi



Ana macem-macam cara sing bisa dilakoni kanggo nambah panriman Wi-Fi:

- Cedhakake piranti menyang titik akses Wi-Fi.
- Pindhahake titik akses Wi-Fi adoh saka barang sing bisa ngalangi utawa ngganggu.
- Aja nutupi area antena Wi-Fi piranti (area sing disorot ing ilustrasi).

### Setelan Wi-Fi

Nalika kasambung menyang jaringan Wi-Fi utawa yen kasedhiya jaringan Wi-Fi ing sacedhake, sampeyan bisa ndeleng status jaringan kasebut. Sampeyan uga bisa ngaktifake piranti kanggo ngabari manawa ana jaringan Wi-Fi kadeteksi.

### Ngaktifake utawa mateni kabar jaringan Wi-Fi

- 1 Uripake Wi-Fi, yen durung urip.
- 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Wi-Fi**.
- 4 Tutul  > **Setelan**.
- 5 Tutul panggeser **Kabar jaringan**.

### Ndeleng rincian informasi babagan jaringan Wi-Fi sing sinambung

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Wi-Fi**.
- 3 Tutul jaringan Wi-Fi sing saiki disambungake. Rincian informasi jaringan bakal ditampilake.

### Nambahake kabijakan ngaso Wi-Fi

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Wi-Fi**.
- 3 Tutul , banjur tutul **Setelan > Wi-Fi tetep aktif sajrone turu**.
- 4 Pilih salah siji.

### Nemokake alamat MAC kanggo piranti

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Wi-Fi**.
- 3 Tutul , **Alamat MAC** ditampilake ing dhaptar.



## WPS

WPS (Wi-Fi Protected Setup) iku standar jaringan nirkabel sing mitulungi netepake sambungan jaringan nirkabel aman. Yen sampeyan ngerti sethithik bab kaamanan nirkabel, WPS nggampangake ngatur wiwitan enkripsi Wi-Fi Protected Access® (WPA) kanggo ngamanake jaringan. Sampeyan uga bisa nambah piranti menyang jaringan sing ana tanpa ngetik sandhi sing dawa.


Gunakake salah siji cara iki kanggo ngaktifake WPS:

- Cara menet tombol – cukup menet tombol ing piranti sing didhukung WPS, contone, router.
- Cara PIN – piranti sampeyan nggawe PIN (Personal Identification Number) acak, sing diketik ing piranti sing didhukung WPS.

### Nyambung menyang jaringan Wi-Fi nganggo tombol WPS

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Wi-Fi**.
- 3 Uripake Wi-Fi yen durung urip.
- 4 Tutul , banjur tutul **Setelan > Tombol Push WPS**, banjur penet tombol WPS ing piranti sing didhukung WPS.

### Nyambung menyang jaringan Wi-Fi nganggo PIN WPS



- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Wi-Fi**.
- 3 Uripake Wi-Fi yen durung urip.
- 4 Tutul  > **Setelan > Entri PIN WPS**.
- 5 Ing piranti sing didhukung WPS, ketik PIN sing ditampilake ing piranti.

## Nganggo bareng sambungan data seluler



Sampeyan bisa nganggo bareng koneksi data seluler karo piranti liya ing sawetara cara:

- Tambatan USB – nganggo bareng sambungan data seluler karo siji komputer nganggo kabel USB.
- Tambatan Bluetooth® – nganggo bareng sambungan data seluler karo siji nganti lima komputer liwat Bluetooth®.
- Hotspot Wi-Fi portabel – nganggo bareng sambungan data seluler kanthi bareng karo siji nganti 8 piranti liyane, kalebu piranti sing ndhukung teknologi WPS.

## Enggo bareng sambungan data nggunakake kabel USB

- 1 Mateni kabeh sambungan kabel USB menyang piranti.
  - 2 Nggunakake kabel USB sing digawakake bareng karo telpon, sambung piranti menyang komputer.
  - 3 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 4 Golek banjur tutul **Setelan > Liyane > Sambung jaringan & hotspot portebel**.
  - 5 Seret panggeser ing jejere **Sambungan USB** menyang tengen, banjur tutul **OK** yen dijaluk.  ditampilake ing garis status yen wis nyambung.
  - 6 Kanggo mandheg enggo bareng sambungan data, tutul panggeser **Sambungan USB** utawa jabut kabel USB.
- ! Sampeyan ora bisa enggo bareng sambungan data piranti lan kertu SD liwat kabel USB bebarengan.



## Nganggo bareng sambungan data seluler karo piranti Bluetooth® liya

- 1 Pesthekake yen piranti sampeyan lan piranti Bluetooth® wis dipasangake lan kiriman data seluler diaktifake ing piranti.
  - 2 **Piranti sampeyan:** Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Setelan > Liyane > Sambung jaringan & hotspot portebel**, banjur seret panggeser **Nyambungake Bluetooth** kanggo ngaktifake fungsi kasebut.
  - 4 **Piranti Bluetooth®:** Atur wiwitan piranti sahingga oleh sambungan jaringan nganggo Bluetooth®. Yen piranti iku komputer, deleng informasi sing cocog kanggo ngrampungake atur wiwitan. Yen piranti nganggo sistem operasi Android™, tutul lambang setelan ing jejere jeneng piranti sing dipasangake, ing **Setelan > Bluetooth > Piranti dipasangake**, banjur centhang kothak **Akses Internet**.
  - 5 **Piranti sampeyan:** Tutul **Setelan** ing jejere piranti sing digathukake. Banjur centhang kothak akses internet. Entenana nganti  muncul ing garis status. Sawise muncul, atur wiwitan rampung.
  - 6 Kanggo mandheg nganggo bareng sambungan data seluler, tutul panggeser **Nyambungake Bluetooth** kanggo mateni fungsi kasebut.
- ! Fungsi **Nyambungake Bluetooth** dipateni saben sampeyan mateni piranti utawa mateni fungsi Bluetooth®.
- 💡 Kanggo informasi luwih lengkap babagan gegathukan lan nguripake kiriman data seluler, deleng *Nggathukake piranti karo piranti Bluetooth® liya* ing kaca 127 lan *Nambah jaringan pribadi virtual* ing kaca 53..


## Nganggo piranti sampeyan minangka hotspot Wi-Fi portabel

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Liyane > Sambung jaringan & hotspot portebel**.
- 3 Tutul **Setelan hotspot portabel > Konfigurasi hotspot Wi-Fi**.
- 4 Tik informasi **Jeneng jaringan (SSID)**.
- 5 Kanggo milih jinis pangamanan, tutul kolom **Keamanan**. Yen dijaluk, tik sandhi.
- 6 Tutul **Simpen**.
- 7 Tutul  lan seret panggeser ing jejere **Hotspot portabel** menyang tengen.
- 8 Yen dijaluk, tutul **OK** kanggo ngonfirmasi.  muncul ing garis status saknalika hotspot Wi-Fi portabel aktif.
- 9 Kanggo mandheg nganggo bareng sambungan data liwat Wi-Fi, seret ngiwa tandha geser jejere **Hotspot portabel**.

### Ngidini piranti sing ndhukung WPS nggunakake sambungan data seluler

- 1 Pesthekake piranti fungsi minangka hotspot Wi-Fi portabel.
- 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Liyane** > **Sambung jaringan & hotspot portabel** > **Setelan hotspot portabel**.
- 4 Tutul panggeser **Bisa digoleki** kanggo ngaktifake fungsi kasebut.
- 5 Ing **Konfigurasi hotspot Wi-Fi**, pesthekake yen hotspot portabel wis diamanake nganggo sandhi.
- 6 Tutul **Tombol Push WPS**, banjur tututi patunjuk sing cocog. Cara liya, tutul  > **Entri PIN WPS**, banjur tik PIN sing muncul ing piranti sing ndhukung WPS.

### Nggenti jeneng utawa ngamanake hotspot portabel

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Liyane** > **Sambung jaringan & hotspot portabel**.
- 3 Tutul **Setelan hotspot portabel** > **Konfigurasi hotspot Wi-Fi**.
- 4 Mlebu nyang **Jeneng jaringan (SSID)** kanggo jaringan.
- 5 Kanggo milih jinis pangamanan, tutul kolom **Keamanan**.
- 6 Yen dijuluk, tik sandhi.
- 7 Tutul **Simpen**.

## Ngontrol panggunaan data


Nyetel setelan panggunaan data bisa nulung supaya sampeyan tetep luwih bisa ngontrol panggunaan data nanging ora bisa njamin prabeya ora tambah.

### Nguripake utawa mateni kiriman data



- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Panggunan data**.
- 3 Tutul panggeser **Lalu lintas data seluler** kanggo nguripake utawa mateni kiriman data.

 Nalika kiriman data dipateni, piranti isih bisa nganakake sambungan Wi-Fi lan Bluetooth®.



### Nyetel tandha bebaya panggunan data

- 1 Pesthekake kiriman data seluler urip.
- 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Panggunan data**.
- 4 Kanggo nyetel tingkatan pameling, seret garis pameling menyang angka sing dikarepake. Sampeyan uga bisa ngetik manual wates data kanthi nutul angka sing dituduhake ing jejere garis. Sampeyan nampa kabar pameling nalika cacahé kiriman data tekan tingkat sing ditemtokake.



### Nemtokake wates panggunan data seluler

- 1 Pesthekake kiriman data seluler urip.
  - 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Panggunan data**.
  - 4 Tutul tab **Seluler**.
  - 5 Tutul panggeser ing jejere **Setel wates data seluler** kanggo ngaktifake fungsi kasebut, banjur tutul **OK**.
  - 6 Kanggo nemtokake wates panggunan data, seret garis watesan data menyang nilai sing dikarepake. Sampeyan uga bisa ngetik manual wates data kanthi nutul angka sing dituduhake ing jejere garis.
-  Nalika panggunan data seluler tekan wates sing ditemtokake, kiriman data seluler ing piranti bakal otomatis mati.

### Ngontrol panggunaan data saben aplikasi

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Panggunan data**.
  - 3 Tutul aplikasi sing arep dikontrol, banjur tutul panggeser **Watesi data latar mburi aplikasi** lan tutul **OK**.
  - 4 Kanggo ngakses setelan sing luwih spesifik kanggo aplikasi kasebut, tutul **Setelan aplikasi** banjur ganti sing dikepengini.
-  Kinerja saben aplikasi bisa kena pengaruh yen sampeyan ngowahi setelan panggunan data sing gegandhengan.

### Mriksa panggunaan data

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Panggunan data**.
- 3 Tutul , banjur tutul **Tuduhake Wi-Fi**.
- 4 Kanggo ndeleng informasi babagan akehing data sing ditransfer liwat Wi-Fi, tutul tab **Wi-Fi**.
- 5 Kanggo ndeleng informasi babagan jumlah data sing ditransfer liwat sambungan data seluler, tutul tab **Seluler**.

## Milih jaringan seluler



Piranti kanthi otomatis ngoper saka antarane jaringan seluler gumantung ing jaringan seluler apa sing kasadhiya ing panggonan sampeyan. Sampeyan uga bisa kanthi manual nyetel piranti kanggo ngakses mode jaringan seluler tartamtu, contone, WCDMA utawa GSM.

Lambang status sing beda ditampilake ing garis status gumantung jinis utawa mode jaringan sing sampeyan gawe nyambung. Waca *Lambang status* ing kaca 31 kanggo mangerteni kaya apa lambang status sing beda-beda.

### Milih mode jaringan

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Liyane > Jaringan mobile**.
- 3 Tutul **Jinis jaringan sing luwih disenengi**, banjur pilih mode jaringan.

### Milih jaringan liya kanthi manual

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Liyane > Jaringan mobile > Operator jaringan**.
  - 3 Tutul **Mode tlusuran**, banjur pilih **Manual**.
  - 4 Pilih jaringan.
-  Yen milih jaringan kanthi manual, piranti ora bakal nlusuri jaringan liya, senajan sampeyan pindhah menyang sanjabane jangkauan jaringan sing dipilih kanthi manual mau.

### Ngaktifake pilihan jaringan otomatis

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Liyane > Jaringan mobile > Operator jaringan**.
- 3 Tutul **Mode tlusuran**, banjur pilih **Otomatis**.

## Jaringan pribadi virtual (VPN)

Gunakake piranti kanggo nyambung menyang jaringan pribadi virtual (VPN), sing ngidini sampeyan ngakses sumber daya ing sanjerone jaringan lokal aman saka jaringan umum. Umpamane, sambungan VPN umume digunakake dening perusahaan lan institusi pendidikan kanggo pangguna sing perlu ngakses intranet lan layanan internal liyane yen pangguna lagi ana njaban jaringan internal, umpamane, nalika lagi lelungan.

Sambungan VPN bisa disiyapake kanthi nganggo cara akeh, gumantung saka jaringan. Sawetara jaringan bisa uga njaluk sampeyan nransfer lan nginstal sertifikat keamanan ing piranti. Kanggo informasi sing luwih rinci babagan carane nyiyapake sambungan

menyang jaringan pribadi virtual, hubungi administrator jaringan perusahaan utawa organisasi sampeyan.

- ! Yen nggunakake piranti mawa pangguna akeh, sampeyan kudu login minangka pamilik, yaiku pangguna primer, kanggo nyetel setelan VPN.

#### Nambah jaringan pribadi virtual

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Liyane > VPN**.
- 3 Tutul +.
- 4 Pilih jinis VPN sing arep ditambahake.
- 5 Ketik setelan VPN.
- 6 Tutul **Simpen**.

#### Nyambung menyang jaringan pribadi virtual

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Liyane > VPN**.
- 3 Ing dhaptar jaringan sing kasedhiya, tutul VPN sing pengin disambungake.
- 4 Tik informasi sing diperlokake.
- 5 Tutul **Sambungake**.

#### Medhot sambungan saka jaringan pribadi virtual


- 1 Tutul kaping pindho garis status kanggo mbukak panel Kabar.
- 2 Tutul kabar sambungan VPN kanggo mateni.

# Sinkronisasi data ing piranti


## Nylarasake karo akun online

Nylarasake piranti karo kontak, email, acara tanggalan, lan informasi liyane saka akun online, contone, akun email kayata Gmail™ lan Exchange ActiveSync, Facebook™, lan Flickr™. Sampeyan bisa otomatis nylarasake data kanggo akun kasebut kanthi ngaktifake fungsi slaras-otomatis. Utawa sampeyan bisa nylarasake saben akun kanthi manual.



### Nggawe akun online kanggo panylarasan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Tutul **Setelan** > **Selaras akun** > **Tambah akun**, banjur pilih akun sing arep ditambahake.
- 3 Turuti prentah kanggo nggawe akun, utawa mlebu yen sampeyan wis duwe akun.

### Nylarasake manual karo akun online

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul  > **Setelan** > **Selaras akun**.
- 2 Tutul jeneng akun sing pengin dislarasake. Dhaptar poin-poin nuduhake apa sing bisa dislarasake karo akun.
- 3 Tutul tombol urip-mati ing jejere poin sing arep dislarasake.


### Mbusak akun online

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul  > **Setelan** > **Selaras akun**.
- 2 Tutul jeneng akun sing pengin dibusak.
- 3 Tutul  banjur tutul **Busak akun**.
- 4 Tutul **Busak akun** maneh kanggo ngonfirmasi.

## Nyelarasake karo Microsoft® Exchange ActiveSync®

Yen perusahaan sampeyan nganggo akun Microsoft Exchange ActiveSync, sampeyan bisa ngakses pesen email, janji tanggalan, lan kontak perusahaan kanthi langsung ing piranti. Sawise persiyapan, sampeyan bisa nggolek informasi ing aplikasi **Email**, **Tanggalan** lan **Kontak**.

### Nyetel wiwitan akun EAS kanggo panylarasan

- 1 Pesthekake yen sampeyan nduweni rincian domain lan server sumadhiya (kaya sing disedhiyakake administrator jaringan perusahaan).
  - 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 3 Tutul **Setelan** > **Selaras akun** > **Tambah akun** > **Exchange ActiveSync**.
  - 4 Tik alamat email lan sandhi perusahaan.
  - 5 Tutul **Sabanjure**. Piranti miwiti njupuk maneh informasi akun sampeyan. Yen ana kegagalan, lebokake rincian domain lan server akun kanthi manual banjur tutul **Sabanjure**.
  - 6 Tutul **OK** kanggo ngidini server perusahaan ngontrol piranti.
  - 7 Pilih metode panylarasan, jangkane wektu panylarasan, lan data sing arep dislarasake karo piranti, kayata kontak lan entri tanggalan.
  - 8 Tutul **Sabanjure**, banjur pilih jinis kabar sing ditampa saka surat anyar.
  - 9 Tutul **Sabanjure** maneh. Tik jeneng kanggo akun perusahaan, banjur tutul **Panyetelan rampung**.
  - 10 Yen dijuluk, aktifake setelan administrator piranti kanggo ngidini server perusahaan nemtokake aturan kaamanan tartamtu, kayata mateni parekaman swara lan nggunakake enkripsi panyimpene. Yen ora, panyetelan akun gagal.
- ! Nalika nggenti sandhi mlebu kanggo akun EAS ing komputer, sampeyan kudu mlebu maneh ing akun EAS ing piranti.

### Ngowahi setelan akun EAS

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul ☰.
- 2 Golek lan tutul **Email**, banjur tutul ⋮.
- 3 Tutul **Setelan**, banjur pilih akun EAS, banjur owahi setelan akun EAS kaya sing dikarepake.

### Atur interval sinkronisasi kanggo akun EAS

- 1 Saka Layar Ngarepsampeyan, tutul ☰.
- 2 Tutul **Email**, banjur tutul ⋮.
- 3 Tutul **Setelan** banjur pilih akun EAS.
- 4 Tutul **Frekuensi mriksa** > **Frekuensi mriksa** lan pilih pilihan interval.

### Mbusak akun EAS

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul ☰ > **Setelan** > **Selaras akun**.
- 2 Tutul **Exchange ActiveSync**, banjur pilih akun EAS sing arep dibusak.
- 3 Tutul ⋮, banjur tutul **Busak akun**.
- 4 Tutul **Busak akun** maneh kanggo ngonfirmasi.

# Setelan dhasar

## Ngakses setelan

Deleng lan ganti setelan piranti saka menu Setelan. Menu Setelan bisa diakses saka layar Aplikasi lan panel setelan Cepet.

### Mbukak menu setelan piranti saka layar Aplikasi

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan**.


### Ndeleng informasi babagan piranti

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Babagan telpon**.

### Mbukak utawa nutup panel Setelan cepet

- Kanggo mbukak panel Setelan cepet, seret garis status mudhun.

### Nguripake Torch

- 1 Seret mudhun garis status nganggo driji loro.
- 2 Tutul .

### Milih setelan sing dituduhake ing panel Setelan cepet

- 1 Seret mudhun kabeh garis status, banjur tutul **Owahi**.
- 2 Ing garis sandhuwure layar, demek terus lambang kanggo setelan cepet sing arep ditambahake, banjur seret lan selehake lambang ing sisih ngisor layar.

### Nata maneh panel Setelan cepet

- 1 Seret mudhun kabeh garis status, banjur tutul **Owahi**.
- 2 Demek terus lambang, banjur pindhahen menyang posisi sing dikarepake.

## Setelan volume

Sampeyan bisa nyetel volume nada dering kanggo telpon mlebu lan kabar uga kanggo muter maneh musik lan video.


### Ngatur volume nada dering nganggo tombol volume

- Pencet tombol volume munggah utawa mudhun.



### Ngatur volume pamuter media nganggo tombol volume

- Nalika muter lagu utawa nonton video, penet tombol volume munggah utawa mudhun ewadene layar kakunci.

### Nguripake mode kedher

- Penet tombol volume munggah utawa mudhun nganti  muncul.

### Ngatur tingkat volume

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Swara & kabar**.
  - 3 Seret tandha geser volume menyang posisi sing dipengini.
- ! Sampeyan uga bisa menet tombol volume munggah utawa mudhun banjur nutul  kanggo ngatur dering, pamuter media, utawa tingkat volume weker dhewe-dhewe.

### Nyetel piranti supaya kedher nalika ana telpon mlebu


- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar**.
- 3 Tutul panggeser **Uga kedher kanggo telpon** kanggo ngaktifake fungsi kasebut.

### Nyetel dering

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Nada dering telpon**.
- 3 Pilih salah siji opsi saka dhaptar utawa tutul **+** lan pilih file lagu sing disimpen ing piranti.
- 4 Kanggo ngonfirmasi, tutul **Rampung**.

### Milih swara kabar

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Swara kabar**.
- 3 Pilih salah siji opsi saka dhaptar utawa tutul **+** lan pilih file lagu sing disimpen ing piranti.
- 4 Kanggo ngonfirmasi, tutul **Rampung**.

 Sawetara aplikasi duwe swara kabar dhewe, sing bisa dipilih saka setelan aplikasi.


### Ngaktifake nada demek

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Swara liya**.
- 3 Tutul panggeser kanggo ngaktifake utawa mateni nada demek kaya sing dipengini.






## Mode Aja ngganggu

Sampeyan bisa nyetel piranti menyang mode Aja ngganggu lan nemtokake sepira suwene piranti bakale ing mode Aja ngganggu kanthi manual. Sampeyan uga bisa nyetel dhisik piranti sing bakale ing mode Aja diganggu kanthi otomatis.


### Ngaktifake mode Aja ngganggu

- 1 Seret garis status mudhun kanggo ngakses panel Setelan cepet.
- 2 Goleki lan tutul .
- 3 Pilih salah siji pilihan, banjur tutul **Rampung**.

### Nggenti antarane mode Aja Ngganggu/Kedher/Swara kanthi cepet

- 1 Penet tombol volume munggah utawa mudhun nganti  utawa  utawa  muncul.
- 2 Tutul  utawa  kanggo nggenti cepet antarane mode Kedher/Swara. Kanggo ngaktifake mode Aja ngganggu, penet tombol volume mengisor nalika ing mode kedher.

### Njadwalake jangka wektu mode Aja ganggu


- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Aja ngganggu > Kaidah otomatis**.
- 3 Pilih wektu utawa acara kanggo njadwalake Mode aja ngganggu, utawa tambah aturan anyar.
- 4 Ketik jeneng sing dipengini kanggo aturan, banjur tutul **OK**.
- 5 Goleki lan tutul **Dina** lan centang kothak kanggo dina gegayut, banjur tutul **Rampung**.
- 6 Kanggo ngatur wektu wiwitan, tutul **Wektu wiwitan** lan pilih nilai, banjur tutul **OK**.
- 7 Kanggo ngatur wektu pungkasan, tutul **Wektu pungkasan** lan pilih nilai, banjur tutul **OK**. Piranti sampeyan ana ing Mode aja ngganggu nalika jangka wektu sing dipilih.

## Ngejabakake setelan kanggo Mode aja ngganggu


Sampeyan bisa milih jinis kabar endi sing diidinake nyuwara ing Mode aja ngganggu lan sampeyan bisa nyaring pangecualian miturut asale kabar. Jinis pangecualian paling umum kalebu:

- Acara lan pangeling
- Telpon
- Pesen
- Weker

### Ngidini pangajaban ing mode Aja ganggu



- 1 Saka layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Aja ganggu > Idinake mung ing Prioritas**.
- 3 Tutul panggeser kanggo pilihan sing dipengini.

### Nggayutake pangajaban karo jinis kontak khusus

- 1 Saka layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Aja ganggu > Idinake mung ing Prioritas**.
- 3 Tutul **Telpon** utawa **Pesen**.
- 4 Pilih salah siji.

## Setelan layar




### Ngatur pepadhangan layar kanthi manual tanpa mawasi kahanan cahya

- 1 Saka layar Ngarep, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tampilan**.
  - 3 Seret panggeser ing jejere **Kapadhangan adaptif** menyang posisi mati.
  - 4 Tutul **Tingkat kapadhangan**.
  - 5 Seret panggeser kanggo ngatur pepadhangan.
-  Nyuda tingkat pepadhang bakal nulung supaya baterai luwih awet.

### Ngaktifake utawa mateni kedher yen didemek

- 1 Saka layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Swara liya**.
- 3 Tutul panggeser **Kedher yen demek** kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi kasebut.




### Ngatur wektu meneng sadurunge layar mati

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tampilan > Turu**.
  - 3 Pilih salah siji.
-  Kanggo cepet mateni layar, penet tombol daya  sedhela wae.

### Ngatur ukuran aksara

- 1 Saka layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tampilan > Ukuran font**.
- 3 Pilih opsi sing disenengi.

### Ngatur pepadhangan tampilan

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tampilan > Imbangan putih**.
  - 3 Seret panggeser menyang posisi sing dipengini kanggo ngatur warna lan pepadhangan.
-  Kanggo mulihake setelan pepadhangan bali menyang gawane, tutul  > **Nilai gawan**.

## Kontrol lampu latar pinter

Kontrol lampu latar pinter nggawe layar tansah urip yen piranti dicekeli terus. Nalika diselehake, layar bakal mati gumantung karo setelan ngaso sampeyan.



### Ngaktifake utawa mateni fungsi Kontrol lampu latar pinter

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tampilan > Kontrol cahya latar pinter**.
- 3 Tutul panggeser kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi kasebut.

## Mode sarung tangan


Nganggo mode sarung tangan, sampeyan bisa nganggo sarung tangan lan tansah bisa navigasi layar ing piranti. Yen sampeyan nggunakake mode sarung tangan, cincin kursor muncul ing daerah layar sing didemek.

### Ngaktifake mode sarung tangan



- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul  > **Setelan > Tampilan**.
  - 2 Tutul panggeser **Mode sarung tangan**.
-  Sensitivitas gumantung ukuran area kontak antarane layar lan driji sing nganggo sarung tangan sing digunakake kanggo navigasi layar.

## Penyematan layar




Gunakake panyematan layar kanggo nyetel supaya piranti sampeyan mung nampilake layar kanggo aplikasi tartamtu. Misale, yen sampeyan dulinan game lan ora sengaja nutul tombol navigasi Ngarep, fitur panyematan layar ngalangi supaya layar aplikasi game sing aktif ora dicilikake. Sampeyan uga bisa nggunakake fitur iki nalika nyilihake piranti menyang wong liya supaya dheweke ora bisa ngakses luwih saka siji aplikasi. Misale, sampeyan bisa nyilihake piranti menyang wong kanggo motret lan nyematake layar menyang aplikasi Kamera supaya wong kasebut ora bisa nganggo aplikasi liyane kayata Email.

-  Panyematan layar iku dudu fitur keamanan lan ora temenan ngalangi wong liya mbusak panyematan layar lan ngakses piranti sampeyan. Kanggo nglindhungi data, sampeyan kudu nyetel piranti supaya njaluk PIN, sandi, utawa pola kunci layar kanggo mbusak sematan layar.




### Ngaktifake utawa mateni panyematan layar

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Layar kemunci & kaamanan > Menehi pin layar**.
  - 3 Tutul panggeser kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi kasebut.
  - 4 Yen wis ngaktifake Panyematan layar, sampeyan bisa nutul panggeser **Kunci piranti nalika mbusak tandha** kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi kaamanan tambahan, kaya sing dipengeni.
-  Pola, PIN, utawa sandhi kuwi wajib ana supaya pin layar bisa fungsi.

### Nyematake layar

- 1 Pesthekake panyematan layar wis diaktifake ing piranti sampeyan.
- 2 Bukak siji aplikasi lan bukak layar sing arep disematake.
- 3 Tutul .
- 4 Kanggo nuduhake lambang panyematan layar , geser mendhuwur.
- 5 Tutul .
- 6 Ing menu sembul sing muncul, tutul **Ngerti**.

## Mbusak sematan layar

- 1 Ing layar sing disematake, tutul terus  lan  kanthi bareng.
  - 2 Culake rong tombol kasebut.
-  Yen sampeyan milih opsi keamanan nalika ngaktifake fungsi panyematan layar, sampeyan kudu nglebokake pola, PIN, utawa sandi kanggo mbukak piranti sadurunge layar bisa dicopot semate.

## Setelan aplikasi

Sawetara aplikasi bakal njaluk ijin sawise mulai gunakake. Sampeyan bisa idini utawa tolak ijin kanggo saben-saben aplikasi, saka menu Setelan utawa saka dialog konfirmasi ijin. Ketentuan ijin gumantung karo desain aplikasi.

### Ngidini utawa nolak ijin

Sampeyan bisa milih arepe ngidini utawa nolak ijin nalika dialog dituduhake. Yen sampeyan wis gunakake versi Android sadurunge, akeh aplikasi sing wis diwenehi ijin sing dibutuhake.

### Menehi ijin

- 1 Kanggo menehi ijin, tutul **Idinake**.
- 2 Nalika dialog konfirmasi katon kapindho, sampeyan bisa milih **Aja takon maneh** yen gelem.
- 3 Dialog uga bakal nerangake sebabe aplikasi butuh ijin lan gunane kanthi khusus. Kanggo ngilangi dialog iki, tutul **OKE**.

### Nolak ijin

- Kanggo nolak ijin, tutul **Tolak** nalika dialog katon.
-  Sawetara aplikasi isih bisa digunakake senajan sampeyan nolak ijin.


### Ijin penting

Sawetara ijin sipate wajib kanggo aplikasi supaya bisa dioperasiake kaya karepe. Ing kasus kaya mengkene, dialog bakal menehi weruh sampeyan.

### Ngatur aplikasi

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Aplikasi > **.
- 3 Pilih opsi konfigurasi, contone **Idin aplikasi**, banjur pilih aplikasi sing pengin dikonfigurasi.

### Menehi idin penting

- 1 Kanggo menehi idin, tutul **Terus > INFO APLIKASI > Idin**.
  - 2 Goleki idin penting sing diperlokake.
  - 3 Tutul panggeser sing cocog kanggo ngatur idin.
-  Sampeyan uga bisa ngatur idin ing **Setelan > Aplikasi**. Tutul aplikasi lan genti idin kaya sing dikarepake.

### Ngidini utawa nolak anyaran aplikasi otomatis

Yen fitur anyaran otomatis diaktifake, aplikasi dianyari tanpa dijuluk, dadi sampeyan uga bisa ora sadar yen volume data sing gedhe wis diundhuh. Kanggo nyingkiri kamungkinan prabeya data sing akeh, sampeyan bisa mateni anyaran otomatis utawa ngaktifake anyaran mung liwat sambungan Wi-Fi. Yen wis mateni fitur anyaran otomatis ing aplikasi Play Store™ lan What's New (sing sadhiya) kanggo ngalangi panganyaran aplikasi kanthi otomatis.

### Ngaktifake utawa mateni anyaran otomatis kanggo kabeh aplikasi ing Play Store

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul , banjur golek lan tutul .
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan** > **Aplikasi anyaran otomatis**.
- 3 Pilih opsi sing dikepengini.

### Ngaktifake utawa mateni anyaran otomatis kanggo kabeh aplikasi ing What's New

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul , banjur golek lan tutul .
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan** > **Aplikasi anyaran otomatis**.
- 3 Pilih opsi sing dikepengini.

## Nyambungake aplikasi

Piranti sampeyan bisa nemtokake aplikasi gawan kanggo nangani sambungan web tartamtu. Artine yen sambungan wis diatur, sampeyan ora perlu milih aplikasi saben mbukan sambungan. Sampeyan bisa ganti aplikasi gawan kapan wae pengin.



### Ngatur tautan aplikasi saka menu Setelan

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Aplikasi**.
- 3 Tutul  lan goleki **Tautan aplikasi**.
- 4 Pilih aplikasi, banjur setel setelan kaya sing dikepengini.


## Nyetel maneh aplikasi

Sampeyan bisa nyetel maneh aplikasi utawa mbusak data aplikasi yen aplikasi ora nanggepi utawa nyababake masalah karo piranti sampeyan.


### Nyetel maneh preferensi aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Aplikasi**.
  - 3 Tutul , banjur tutul **Pulihake pilihan aplikasi**.
- ! Nyetel maneh preferensi aplikasi ora mbusak data aplikasi saka piranti.


### Ngresiki data aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 2 Goleki lan tutul **Setelan** > **Aplikasi** banjur geser nyang ndhuwure tab **Kabeh**.
  - 3 Pilih aplikasi utawa layanan, banjur tutul **BUSAK DATA**.
- ! Nalika sampeyan ngresiki data aplikasi, data kanggo aplikasi kapilih dibusak saka piranti sak lawase.
- ! Opsi kanggo mbusak data aplikasi ora kasedhiya kanggo kabeh aplikasi utawa layanan.

### Ngresiki tembolok aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 2 Goleki lan tutul **Setelan** > **Aplikasi** banjur geser nyang ndhuwure tab **Kabeh**.
  - 3 Pilih aplikasi utawa layanan, banjur tutul **BUSAK CACHE**.
- ! Opsi kanggo mbusak tembolok aplikasi ora kasedhiya kanggo kabeh aplikasi utawa layanan.

### Ngresiki setelan gawan aplikasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 2 Goleki lan tutul **Setelan** > **Aplikasi** banjur geser nyang ndhuwure tab **Kabeh**.
  - 3 Pilih aplikasi utawa layanan, banjur tutul **BUSAK GAWAN**.
- ! Opsi kanggo mbusak setelan gawan aplikasi ora kasedhiya kanggo kabeh aplikasi utawa layanan.

## Daydream

Daydream iku minangka screen saver interaktif sing nampilake warna, foto, utawa slideshow kanthi otomatis nalika piranti sampeyan dipasang ing pangkon utawa diisi daya lan layare dinengake.

- Ing piranti mawa pangguna akeh, saben pangguna bisa nduweni setelan Daydream dhewe-dhewe.

### Ngaktifake utawa mateni palindhungan layar Daydream

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tampilan > Daydream**.
- 3 Tutul panggeser kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi kasebut.

### Milih konten kanggo palindhung layar Daydream

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tampilan > Daydream**.
- 3 Tutul panggeser kanggo ngaktifake fungsi kasebut.
- 4 Pilih apa sing arep ditampilake nalika palindhung layar aktif.

### Miwiti palindhung layar Daydream kanthi manual



- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tampilan > Daydream**.
- 3 Tutul panggeser kanggo ngaktifake fungsi kasebut.
- 4 Kanggo langsung ngaktifake screen saver Daydream, tutul , banjur tutul **Wiwiti saiki**.

## Setelan basa

Sampeyan bisa milih basa gawan kanggo piranti lan ngganti basa maneh mengko. Sampeyan uga bisa ngganti basa tulis kanggo input teks.

### Nggenti basa


- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Basa & input > Basa**.
- 3 Pilih salah siji.
- 4 Tutul **OK**.

- ! Yen salah milih basa lan ora bisa maca teks menu, golekan tutul . Banjur pilih teks ing jejere  lan pilih entri kapisan ing menu sing mbukak. Sampeyan banjur bisa milih basa sing dipengini.


## Tanggal lan wektu

Sampeyan bisa ngganti tanggal lan wektu ing piranti.


### Nyetel tanggal kanthi manual

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tanggal & wektu**.
- 3 Pateni fungsi **Tanggal & wektu otomatis** kanthi nutul panggeser.
- 4 Tutul **Setel tanggal**.
- 5 Gulung nengen utawa ngiwa, utawa gunakake panah kanggo ngatur tanggal sing dipengini.
- 6 Tutul **OK**.

### Nyetel wektu kanthi manual

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tanggal & wektu**.
- 3 Pateni fungsi **Tanggal & wektu otomatis** kanthi nutul panggeser.
- 4 Tutul **Setel wektu**.
- 5 Pilih jam lan menit sing cocog.
- 6 Tutul **OK**.

### Nyetel zona wektu

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Tanggal & wektu**.
- 3 Pateni fungsi **Zona wektu otomatis** kanthi nutul panggeser.
- 4 Tutul **Pilih zona wektu**.
- 5 Pilih salah siji.

## Mobile BRAVIA® Engine

Teknologi BRAVIA® Engine Sony Mobile nambah kualitas ndeleng foto lan video, menehi gambar sing luwih bening, luwih cetha, lan luwih alami. Kanggo ngurangi panggunaan baterai, Mobile BRAVIA Engine dipateni dening gawan.

### Nguripake Mobile BRAVIA® Engine

- 1 Saka layar Ngarep sampeyan, tutul .
- 2 Golek lan tutul **Setelan > Tampilan > Pangapikan gambar**.
- 3 Tutul **Mobile BRAVIA Engine 2** tombol radio yen durung dipilih sadurunge.


## Ngapiki output swara

Sampeyan bisa ngapiki swara piranti kanthi ngaktifake setelan kapisah kanthi manual, kayata Equaliser lan swara Surround. Sampeyan uga bisa ngaktifake Dynamic normaliser kanggo minimalake bedane volume antarane lagu utawa video.

### Mbanterake output swara kanthi otomatis

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Setelan audio**.
- 3 Aktifake fungsi **ClearAudio+** kanthi nutul panggeser.

### Ngatur setelan swara kanthi manual

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Setelan audio**.
  - 3 Pateni fungsi **ClearAudio+** lan **DSEE HX** kanthi nutul panggeser, yen fungsi kasebut aktif.
  - 4 Tutul **Efek swara > Ekualiser**.
  - 5 Pilih pangaturan sing disetel sadurunge saka dhaptar ceblok, utawa atur setelan swara kanthi nyeret manual tombol panggeser munggah utawa mudhun.
- ! Pangaturan setelan swara metu kanthi manual ora ana pengaruhe marang aplikasi komunikasi swara. Contone, kualitas swara ing telpon swara ora genti.

### Nyuda bedaning volume nganggo Dynamic normaliser

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Swara & kabar > Setelan audio**.
- 3 Pateni fungsi **DSEE HX** kanthi nutul panggeser, yen lagi aktif.
- 4 Aktifake fungsi **Normaliser dinamika** kanthi nutul panggeser.

## Akun pangguna akeh


Piranti sampeyan ndhukung akun pangguna akeh supaya pangguna liyane bisa login dhewe-dhewe menyang piranti banjur nggunakake. Akun pangguna akeh cocog kanggo kahanan yen sampeyan nganggo bareng piranti sing padha karo wong liya utawa nyilihake piranti menyang wong kanggo digunakake sementara. Pangguna sing sepisanan ngatur wiwitan piranti dadi pamilik piranti. Mung pamilik sing bisa ngatur akun pangguna liyane. Sakliyane akun pemilik, ana rong jinis akun sing beda:

- Pangguna Reguler: Jinis akun iki cocog kanggo wong sing biasane nganggo piranti sampeyan.
  - Pangguna Tamu: Ngidini opsi akun tamu kanggo wong sing mung pengin nganggo piranti sampeyan sementara.
- ! Sawetara fitur mung kasedhiya kanggo pamilik. Misale, mung pangguna sing bisa ngidini unduhan sama sumber sakliyane Google Play™.



## Babagan akun Pangguna Reguler

Kanthe nambah akun Pangguna Reguler, sampeyan bisa ngidini akeh pangguna nduweni maneka layar ngarep, wallpaper, lan setelan umum sing beda-beda. Kabeh pangguna kasebut uga entuk akses dhewe-dhewe menyang aplikasi lan panyimpenan memori kanggo file kayata musik lan foto. Sampeyan bisa nambahake telung akun pangguna reguler ing piranti.



### Nambahake akun pangguna reguler

- 1 Pesthekake yen sampeyan mlebu minangka pamilik, yaiku, pangguna sing nyetel piranti saka kawitan.
  - 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Setelan > Pangguna > Tambah pangguna**.
  - 4 Tutul **OK**. Akun anyar wis digawe.
  - 5 Tutul **SETEL SAIKI**. Kunci layar lan lambang sing makili pangguna anyar sing lagi wae ditambahake katon ing pojok tengen dhuwur.
  - 6 Bukak kunci layar kanthe ngusap munggah.
  - 7 Tututi patunjuk ing layar kanggo nyetel wiwitan akun pangguna.
- 💡 Sampeyan uga bisa nambahake akun pangguna biyasa saka garis status sembarang layar. Seret wae garis status mengisor lan tutul lambang pangguna, banjur tutul **Tambah pangguna**.

### Ngaktifake utawa mateni telpon metu kanggo akun pangguna biyasa

- 1 Pesthekake sampeyan mlebu minangka pamilik.
- 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan > Pangguna**.
- 4 Tutul  ing jejere jeneng pangguna sing cocog, banjur tutul panggeser **Uripake telpon** kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi kanggo pangguna.


### Mbusak akun pangguna reguler saka piranti

- 1 Pesthekake sampeyan mlebu minangka pamilik.
- 2 Saka layar Ngarep, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan > Pangguna**.
- 4 Tutul  ing jejere jeneng pangguna sing arep dibusak, banjur tutul **Busak pangguna > Busak**.



## Babagan akun Pangguna Tamu

Yen ana sing pengin nganggo piranti sampeyan sementara, sampeyan bisa ngaktifake akun tamu kanggo pangguna iki. Ing mode tamu, piranti sampeyan diwiwiti kaya sistem sing anyar diinstal mung ditambah aplikasi sing wis diinstal sadurunge. Yen tamu wis rampung nganggo piranti, sampeyan bisa mbusak sesi kasebut nganti resik supaya tamu sawise bisa miwiti kanthe seger. Akun pangguna tamu wis diinstal sadurunge lan ora bisa dibusak.


### Ngaktifake akun pangguna tamu

- 1 Pesthekake yen sampeyan mlebu minangka pamilik, yaiku, pangguna sing nyetel piranti saka kawitan.
  - 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Setelan > Pangguna > Tamu**.
- 💡 Sampeyan uga bisa ngaktifake akun pangguna tamu saka garis status ing layar ngendi wae. Seret wae garis status mengisor lan tutul lambang pangguna, banjur tutul **Tambah tamu**.

### Ngaktifake utawa mateni telpon metu kanggo akun pangguna tamu

- 1 Pesthekake sampeyan mlebu minangka pamilik.
- 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan > Pangguna**.
- 4 Tutul  ing jejere **Tamu**, banjur tutul panggeser **Uripake telpon** kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi kanggo pangguna tamu.

### Mbusak data sesi tamu

- 1 Pesthekake sampeyan mlebu nyang akun tamu.
  - 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Setelan > Pangguna**.
  - 4 Golek banjur tutul **Busak tamu**.
  - 5 Tutul **Busak**.
- 💡 Sampeyan uga bisa mbusak sesi tamu saka garis status ing sembarang layar minangka mlebu menyang akun tamu. Seret wae garis status mengisor lan tutul lambang pangguna, banjur tutul **Busak tamu**.

## Ngalih antara akeh akun pangguna

### Ngoper antarane akun pangguna akeh

- 1 Kanggo deleng dhaftar pangguna, seret garis status mudhun nganggo driji loro, banjur tutul lambang pangguna ing sisih tengen dhuwur layar.
  - 2 Tutul lambang sing makili akun pangguna sing arep dioper. Layar ngunci akun pangguna kasebut katon.
- 💡 Yen ngalih menyang akun tamu, tutul **Wiwiti maneh** yen pengin mbusak sesi sadurunge utawa tutul **Ya, terusake** kanggo nerusake sesi sadurunge.

## Setelan akun pangguna akeh

Ana telung jinis setelan ing piranti mawa pangguna akeh:

- Setelan sing bisa digenti karo kabeh pangguna lan mengaruhi kabeh pangguna. Contone basa, Wi-Fi®, Wi-Fi, mode Pesawat, NFC, lan Bluetooth®.
- Setelan sing mung mengaruhi siji akun pangguna. Contone panylarasan data otomatis, kunci layar, maneka akun sing ditambahake, lan wallpaper.
- Setelan sing mung bisa dideleng pamilik lan mengaruhi kabeh pangguna, misale, setelan VPN.

# Ngetik teks

## Keyboard layar

Sampeyan bisa ngetik teks nganggo keyboard QWERTY ing layar kanthi nutul saben aksara, utawa nganggo fitur tulis Gangsar lan nggeser driji nulis aksara siji-siji kanggo nulis tembung. Yen sampeyan milih nggunakake versi keyboard layar luwih cilik lan ngetik teks mung nganggo siji tangan, sampeyan bisa ngaktifake keyboard siji tangan.

Sampeyan bisa milih nganti telung basa kanggo ngetik teks. Fitur deteksi basa pinter ndeteksi basa sing dienggo lan ngramal tembung kanggo basa kasebut nalika sampeyan ngetik. Sawetara aplikasi mbukak keyboard layar kanthi otomatis, misale, aplikasi email lan olahpesen teks.



- 1 Mbusak karakter sadurunge kursor.
- 2 Tombol enter utawa ngonfirmasi input teks.
- 3 Ngetik spasi.
- 4 Nggawe pribadi keyboard. Tombol iki ora katon sawise keyboard digawe pribadi.
- 5 Nampilake nomer lan simbol. Kanggo simbol luwih akeh, tutul +=\$.
- 6 Ngalihi antarane huruf cilik ↵, huruf gedhe ⇧, lan kapital ⇧. Kanggo sawetara basa, tombol iki digunakake kanggo ngakses karakter ekstra ing basa kasebut.

## Nuduhake keyboard layar kanggo ngetik teks

- Tunyuk kolom entri teks.

## Nggunakake keyboard layar ing orientasi malang

- Nalika keyboard layar ditampilake, puter piranti kanthi dimiringake.
- ! Sampeyan perlu ngatur setelan ing sawetara aplikasi supaya bisa nggunakake orientasi malang.


## Ngetik teks karakter kanthi karakter siji-siji

- 1 Kanggo ngetik karakter sing ana ing keyboard, tutul karakter kasebut.
- 2 Kanggo ngetik varian karakter, tutul terus karakter keyboard reguler kanggo entuk dhaptar pilihan sing kasedhiya, banjur pilih saka dhaptar. Umpamane, kanggo ngetik "é", tutul terus "e" nganti pilihan katon, banjur, kanthi tetep menet driji ing keyboard, seret lan pilih "é".


## Ngetik titik

- Sawise ngetik tembung, tutul bar spasi ping pindhho.






### Ngetik teks nganggo fungsi tulis input Obahan

- 1 Nalika kibor layar ditampilake, geser driji saka aksara menyang aksara kanggo nglacak tembung sing arep ditulis.
- 2 Yen wis rampung ngetik sak tembung, angkat driji. Saran tembung katon adhedhasar aksara sing dilacak.
- 3 Yen tembung sing dipengini ora muncul, tutul  kanggo ndeleng pilihan liyane banjur pilih sing cocog. Yen pilihan sing dipengini ora muncul, busak kabeh tembung banjur lacak maneh, utawa tik tembung kanthi nutul saben aksara siji-siji.

### Ngganti setelan input Gangsar


- 1 Nalika keyboard layar ditampilake, tutul 12!?:.
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan papan tombol**.
- 3 Kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi input Gangsar, seret panggeser ing jejere **Tulis gangsar** menyang posisi murup utawa mati.

### Ngunakake keyboard siji tangan

- 1 Bukak keyboard layar ing mode mujur, banjur tutul 12!?:.
  - 2 Tutul , banjur tutul **Papan tombol setangan**.
  - 3 Kanggo mindhahake keyboard siji tangan menyang sisih kiwa utawa tengen layar, tutul  utawa .
-  Kanggo bali nggunakake keyboard layar wutuh, tutul .


## Phonepad

Phonepad iku padha karo papan tombol telpon standar 12 tombol. Phonepad menehi pilihan input teks prediktif lan multi-tutul. Sampeyan bisa ngaktifake cara input teks Phonepad liwat setelan kibor. Phonepad mung kasedhiya ing arah mujur.





- 1 Milih opsi input teks. Sampeyan bisa nutul saben karakter sepisan lan nganggo saran tembung, utawa nutul terus nganti karakter sing dipengini dipilih.
- 2 Busak karakter sadurunge kursor.
- 3 Tik tombol bali utawa konfirmasi input teks.
- 4 Tik spasi.
- 5 Nampilake simbol lan eseman.
- 6 Nampilake angka.
- 7 Owahi akasara gedhe-cilik banjur uripake tombol aksara gedhe.

### Mbukak Tombol telpon sing sepisanan

- 1 Tutul kolom entri teks, banjur tutul 12!?:.
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan papan tombol**.
- 3 Tutul **Keyboard potret**, banjur pilih **Tombol telpon** opsi.

### Ngetik teks nggunakake Phonepad

- Nalika ditampilake  ing Phonepad, tunyuk saben karakter mung sapisan, sanajan huruf sing dipengini dudu huruf kaping pisanan ing tombol kasebut. Penet suwe baris kandisat kanggo ndeleng saran tembung liyane lan pilih tembung saka dhaptar.
- Nalika ditampilake  ing Phonepad, tunyuk tombol ing layar kanggo karakter sing pengin diketik. Tutul terus tombol iki nganti ditampilake karakter sing dipengini. Banjur tindakake padha kanggo karakter liyane sing pengin diketik.

### Ngetik angka nggunakake Phonepad

- Nalika Phonepad dituduhake, tutul 123. Phonepad angka bakal ditampilake.




### Nyisipake simbol lan smiley nggunakake Phonepad

- 1 Nalika Phonepad dituduhake, tutul & 😊. Ditampilake kothak karo simbol lan smiley.
- 2 Gulung munggah utawa mudhun kanggo ndeleng pilihan liyane. Tunyuk simbol utawa smiley kanggo milih.




## Ngetik teks nggunakake input swara

Nalika ngetik teks, sampeyan bisa nggunakake fungsi input swara tinimbang ngetik. Sebutake tembung sing pengin sampeyan ketik. Input swara iku teknologi eksperimen saka Google™, lan kasedhiya kanggo sawetara basa lan wilayah.

### Ngaktifake input swara

- 1 Nalika kibor layar ditampilake, tutul 121?.
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan papan tombol**.
- 3 Seret panggeser ing jejere **Tombol ngetik swara Google™** menyang tengen.
- 4 Tutul  kanggo nyimpen setelan. Lambang mikropon  saiki katon ing kibor layar.

### Ngetik teks nggunakake input swara

- 1 Bukak kibor layar lan pesthekake yen fitur input swara aktif.
- 2 Tutul . Yen  muncul, ujarake teks sing arep diketik.
- 3 Yen wis rampung, tutul  maneh. Teks sing disaranake muncul.
- 4 Owahi teks kanthi manual yen perlu.

## Ngowahi teks

Sampeyan bisa milih, nugel, nyalin lan nempel teks nalika ngetik. Sampeyan bisa ngakses pilihan ngowahi kanthi nutul pindho teks sing ditik. Ing pilihan ngowahi banjur dadi sadhiya liwat baris aplikasi.

### Garis kanggo ngowahi teks

Sawise milih teks kanthi nutul kaping pindho ing sawijining tembung, garis pangowahan muncul karo sawetara alat:

- **Kethok**
  - **Salin**
  - **Tempel**
  - **Enggo bareng**
  - **Pilih kabeh**
  - **Pitulung**
- ! **Tempel** Mung ditampilake yen nduweni teks sing kasimpen ing clipboard.

### Milih teks

- 1 Tutul kaping pindho kanggo nyoroti tembung.
- 2 Sampeyan bisa nyeret tab ing kabeh sisih tembung sing disoroti kanggo milih teks liyane.

## Ngowahi teks


- 1 Tutul kaping pindhho tembung kanggo ngatonake garis aplikasi.
- 2 Pilih teks sing arep diowahi, banjur gunakake garis aplikasi kanggo ngowahi kaya sing dikarepake.

## Nggawe pribadi keyboard layar


Nalika ngetik teks nggunakake keyboard layar, sampeyan bisa ngakses setelan keyboard lan setelan input teks liyane sing mbantu, misale, nyetel pilihan basa tulis, prediksi teks, lan koreksi. Sampeyan bisa entuk saran tembung kanggo siji basa kanthi mateni fitur Deteksi basa pinter.

Keyboard bisa nggunakake teks sing nate ditulis ing olahpesen lan aplikasi liyane kanggo mahami gaya tulisan sampeyan. Ana uga Pandhuan personalisasi sing nuntun sampeyan nrapake akeh setelan dhasar, supaya sampeyan bisa cepet miwiti. Sampeyan bisa milih nganggo keyboard liyane lan ngalih antara akeh keyboard. Misale, sampeyan bisa milih keyboard Xperia™ Chinese utawa keyboard Xperia™ Japanese.


## Ngakses setelan kibor layar

- 1 Yen ngetik teks nggunakake kibor layar, tutul 121?.
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan papan tombol** lan owahi setelan kaya sing dikarepake.
- 3 Kanggo nambah basa tulis kanggo input teks, tutul **Basa tulis** lan tandhani kotak centhang sing cocog.


## Ngganti setelan saran tembung

- 1 Yen sampeyan ngetik teks nggunakake keyboard layar, tutul 121?.
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan papan tombol > Usul tembung**.
- 3 Pilih salah siji.


## Ngganti basa nulis nggunakake keyboard layar

- ! Fitur iki mung kasedhiya yen sampeyan wis nambahake luwih saka siji basa sing dilebokake lan fitur Deteksi basa pinter mati, utawa yen basa sing sampeyan pilih kalebu sing dudu basa Latin.
- Yen sampeyan ngetik teks nganggo keyboard ing layar, tutul ikon basa tulis kanggo ngalih antarane basa tulis sing dipilih. Misale, tutul  nganti basa tulis sing dipengini muncul.

## Ngganti setelan Penggunaan gaya panulisanku




- 1 Yen sampeyan ngetik teks nggunakake keyboard layar, tutul 121?.
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan papan tombol > Gunakake gaya tulisanku** lan pilih sawijine pilihan.

## Ngganti setelan Deteksi basa pinter



- ! Kanggo nggunakake Deteksi basa pinter, luwih saka sak basa kudu dipilih ing **Basa tulis**. Uga elinga yen mung basa sing nganggo aksara Latin sing kadhukung.
- 1 Nalika kibor layar ditampilake, tutul 121?.
  - 2 Tutul , banjur tutul **Setelan papan tombol**.
  - 3 Kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi Deteksi basa pinter, seret panggeser ing jejere **Deteksi basa pinter** menyang posisi murup utawa mati.

## Milih jinis layout keyboard

- ! Jinis layout kanggo keyboard ing layar bisa uga ora kasadhiya ing kabeh basa tulis. Sampeyan bisa milih layout keyboard sing beda-beda kanggo saben basa tulis.

- 1 Yen sampeyan ngetik teks nggunakake keyboard layar, tutul .
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan papan tombol**.
- 3 Tutul **Basa tulis**, banjur tutul  ing jejere basa tulis.
- 4 Pilih jinis layout keyboard.
- 5 Tutul **OK** kanggo ngonfirmasi.

#### Milih kibor liyane

- 1 Yen sampeyan ngetik teks nganggo keyboard ing layar, tutul  ing sisih ngisor kanan layar.
  - 2 Pilih salah siji.
-  Kanggo ngaktifake luwih akeh pilihan keyboard, tutul **Kibor liyane**, banjur seret panggesere menyang tengen.

# Nelpon

## Nelpon

Sampeyan bisa nelpon kanthi menet nomer telpon manual, yaiku nutul nomer sing disimpen ing dhaptar kontak, utawa nutul nomer telpon ing layar dhaptar telpon. Sampeyan uga bisa nggunakake fungsi panelpon pinter kanggo nggoleki nomer saka dhaptar kontak lan dhaptar telpon kanthi cepet dening ngetik bageyan nomer utawa jeneng kontak lan milih saka saran sing muncul.



- |   |                    |
|---|--------------------|
| 1 | Deleng opsi liyane |
| 2 | Busak nomer        |
| 3 | Tombol angka       |
| 4 | Tombol telpon      |

### Mbukak papan telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul ↵.
- 3 Yen papan telpon ora muncul, tutul ☰.

### Nelpon nomer telpon

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul ↵.
- 3 Yen cathetan telpon muncul, tutul ☰ kanggo nampilake tombol angka.
- 4 Ketik nomer telpon banjur tutul 📞.

💡 Kanggo mbusak nomer sing salah diketik, tutul ✕.

### Nelpon nganggo pencet cerdas

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul ↵.
- 3 Yen cathetan telpon muncul, tutul ☰ kanggo nampilake tombol angka.
- 4 Gunakake tombol angka kanggo ngetik abjad utawa angka sing cocog karo kontak sing pengin ditelpon. Nalika ngetik saben abjad utawa angka, dhaptar sing cocog bakal katon.
- 5 Tutul kontak sing arep ditelpon.

### Nelpon nomer internasional

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul ↵. Cathetan telpon ditampilake.
- 3 Tutul ☰ kanggo nampilake tombol telpon.
- 4 Tutul terus 0 nganti tandha "+" ditampilake.
- 5 Ketik kode nagari, kode wilayah tanpa nul awalan, banjur nomer telpon. Banjur tutul 📞.


### Nambahake nomer telpon cepet menyang layar Ngarep

- 1 Tutul terus bageyan kosong ing Layar Ngarep nganti telpon kedher lan menu kustomisasi muncul.
- 2 Ing menu kustomisasi, tutul **Widget > Trabasan**.
- 3 Gulung dhaptar aplikasi lan pilih **Telpon Langsung**.
- 4 Pilih kontak lan nomer sing pengin sampeyan gunakake minangka nomer telpon cepet.

### Nuduhake utawa ndhelikake nomer telpon

Sampeyan bisa milih kanggo nuduhake utawa ndhelikake nomer telpon ing piranti panrima nalika sampeyan nelpon.

### Nuduhake utawa ndhelikake nomer telpon

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon > Setelan tambahan > ID Panelpon** banjur pilih salah siji.
- ! Pilihan iki uga bisa ora kasedhiya dening kabeh operator.

### Nampa telpon

Yen sampeyan nampa telpon mlebu nalika piranti ing mode ngaso utawa layar kekunci, aplikasi telpon mbukak ing format layar utuh. Yen sampeyan nampa telpon mlebu nalika layar aktif, telpon mlebu ditampilake minangka kabar dhisik, artine, ing jendhela cilik sing ngambang ing dhuwur saka layar apa wae sing mbukak. Nalika ana kabar kaya ngene, sampeyan bisa milih njawab telpon lan mbukak layar aplikasi telpon, utawa sampeyanolak telpon lan tetep ing layar saiki.


### Njawab telpon mlebu nalika layar ora aktif

- Seret  nengen.

### Njawab telpon mlebu nalika layar aktif

- Ing kabar dhisik sing katon ing dhuwure layar, tutul **JAWAB**.
- 💡 Tinimbang njawab telpon, sampeyan bisa menyang layar aplikasi telpon utama kanthi nutul bagian dhuwur jendhela kabar dhisik. Nganggo cara iki, sampeyan duwe pilihan sing luwih akeh kanggo nangani telpon. Contone, sampeyan bisa mutusi nolak telpon kanthi pesen utawa nerusake telpon menyang mesin penjawab.

### Nolak telpon mlebu nalika layar ora aktif

- Nalika ana telpon mlebu, seret  ngiwa.

### Nolak telpon mlebu nalika layar aktif

- Ing kabar sing katon dhisik ing dhuwure layar, tutul **TOLAK**.
- 💡 Tinimbang nolak telpon, sampeyan bisa menyang layar aplikasi telpon utama kanthi nutul bageyan ndhuwur jendhela kabar dhisik. Nganggo cara iki, sampeyan duwe pilihan sing luwih akeh kanggo nangani telpon. Contone, sampeyan bisa mutusake nolak telpon karo pesen.

### Nggawe bisu nada dering kanggo telpon mlebu

- Nalika nampa telpon, pencet tombol volume.

### Nggunakake mesin panjawab

Sampeyan bisa nggunakake aplikasi mesin panjawab ing piranti kanggo njawab telpon nalika sibuk utawa ora bisa njawab telpon. Sampeyan bisa ngaktifake fungsi njawab otomatis lan nemtokake pirang detik wektu sadurunge telpon dijawab otomatis. Sampeyan uga bisa kanthi manual ngarahake telpon menyang mesin panjawab nalika

sibuk banget lan ora bisa njawab. Lan sampeyan bisa langsung ngakses pesen sing ker ing mesin panjawab.

- ! Sadurunge nganggo mesin panjawab, sampeyan kudu ngrekam pesen uluk salam.

#### Ngrekam uluk salam kanggo mesin panjawab

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul 🗑️.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon > Mesin Pawangsul Xperia™ > Salam.**
- 3 Tutul **Rekam salam anyar** lan turuti prentah ing layar.

#### Ngaktifake jawab otomatis

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul 🗑️.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon > Mesin Pawangsul Xperia™.**
- 3 Seret panggeser ing jejere **Mesin Panjawab** menyang tengen.

- 💡 Yen sampeyan ora nemtokake wektu tunggu kanggo jawab otomatis telpon, wektu gawan bakal dianggo.

#### Nemtokake wektu tunggu kanggo jawab otomatis

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul 🗑️.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon > Mesin Pawangsul Xperia™.**
- 3 Tutul **Angkat sawise.**
- 4 Atur wektu kanthi nggulung munggah mudhun.
- 5 Tutul **Rampung.**

#### Nerusake telpon mlebu menyang mesin panjawab

- Nalika ana telpon mlebu, tutul **Opsi tanggepan** banjur pilih **Tolak nganggo Mesin Panjawab.**
- 💡 Nalika ana telpon mlebu, sampeyan uga bisa ngenteni nganti wektu tundha sing disetel sadurunge wis kliwat supaya mesin panjawab ngangkat telpon kasebut kanthi otomatis.

#### Ngrungokake pesen ing mesin panjawab

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul 🗑️.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon > Mesin Pawangsul Xperia™ > Pesen.**
- 3 Pilih pesen swara sing arep sampeyan rungokake.

- 💡 Sampeyan uga bisa ngrungokake langsung pesen mesin panjawab saka log telpon kanthi nutul 🗑️.

## Nolak telpon nganggo sms

Sampeyan bisa nolak telpon nganggo sms Nalika nolak telpon nganggo sms kaya mengkono, pesen dikirim otomatis menyang panelpon lan disimpen ing obrolan Olahpesen karo kontak kasebut.

Sampeyan bisa milih saka pirang-pirang sms sing wis disetel saka piranti, utawa bisa nggawe dhewe sing anyar. Sampeyan uga bisa nggawe sms pribadi kanthi ngowahi saka sing ana ing setelan.

#### Nolak telpon nganggo pesen sms nalika layar ora aktif

- 1 Nalika ana telpon mlebu, tutul **Opsi tanggepan.**
- 2 Pilih pesen sing wis ditemtokake dhisik utawa tutul **Tulis pesen anyar.**

#### Nolak telpon nganggo pesen sms nalika layar aktif

- 1 Nalika ana telpon mlebu, tutul bageyan ndhuwur jendhela kabar sing ngambang ing panggonane nomer telpon utawa jeneng kontak.
- 2 Tutul **Opsi tanggepan.**
- 3 Pilih pesen sing wis ditemtokake dhisik utawa tutul **Tulis pesen anyar.**


### Nolak telpon liya nganggo pesen teks

- 1 Yen krungu suara bip bola-bali nalika lagi nelpon, tutul **Opsi tanggepan**.
- 2 Pilih pesen sing wis ditemtokake dhisik utawa tutul **Tulis pesen anyar**.

### Ngowahi pesen teks sing digunakake kanggo nolak telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Telpon** > **Tolak telpon nganggo pesen**.
- 3 Tutul pesen sing arep diowahi, banjur owahi saperlune.
- 4 Tutul **OK**.

## Telpon aktif






- 1 Pungkasi telpon
- 2 Nelpon nomer liyane
- 3 Nahan telpon aktif utawa nyambungake maneh telpon sing ditahan
- 4 Ketik nomer nalika nelpon
- 5 Gawe meneng mikropon nalika nelpon
- 6 Uripake spiker nalika nelpon



### Ngganti volume speaker sajrone nelpon

- Pencet tombol volume munggah utawa mudhun.

## Nggunakake cathetan telpon

Ing cathetan telpon, sampeyan bisa ndeleng telpon ora kejawab , telpon mlebu  lan telpon metu .



### Mbukak log telpon

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Goleki lan tutul .

### Ndeleng telpon ora kejawab

- 1 Nalika ana telpon ora kejawab,  katon ing bar status. Seret mudhun baris status.
- 2 Tutul **Telpon ora kejawab**.

### Nelpon nomer saka cathetan telpon

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul . Cathetan telpon ditampilake.
- 3 Kanggo nelpon nomer langsung saka cathetan telpon, tutul nomere. Kanggo ngowahi nomer sadurunge nelpon, demek terus nomer kasebut, banjur tutul **Owahi nomer sadurunge telp.**

### Nambahake nomer saka cathetan telpon menyang kontak

- 1 Tutul terus nomer sing ditampilake ing log telpon, banjur tutul **Tambah menyang Kontak.**
- 2 Pilih akun sing ana sing arep ditambahi nomer, utawa tutul **Gawe kontak anyar.**
- 3 Owahi rincian kontak, banjur tutul **SIMPEN.**

### Ndeleng opsi log telpon


- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul .
- 3 Tutul .

 Sampeyan uga bisa ngakses setelan telpon umum kanthi nututi jangkah ing ndhuwur.

## Nerusake telpon

Sampeyan bisa ngalihake telpon menyang panampa liya, misale, menyang nomer telpon liya, piranti liya, utawa layanan penjawab telpon.

### Nerusake telpon


- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon.**
- 3 Tutul **Panerusan telpon** banjur pilih salah siji.
- 4 Tik nomer sing pengin dienggo nerusake telpon, banjur tutul **Uripake.**

### Mateni terusake telpon


- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon > Panerusan telpon.**
- 3 Pilih salah siji, banjur tutul **Pateni.**


## Matesi telpon

Sampeyan bisa mblokir kabeh utawa kategori telpon mlebu lan telpon metu tartamtu. Yen wis nampa kode PIN2 saka panyedhiya layanan, sampeyan uga bisa nggunakake dhaptar Nomer Telpon Saluran Tetep (FDN) kanggo matesi telpon metu. Yen langganan kalebu layanan surat swara, sampeyan bisa ngirim kabeh telpon mlebu saka kontak tartamtu langsung menyang surat swara. Yen pengin mblokir nomer tartamtu, bukak Google Play™ lan undhuh aplikasi sing ndhukung fungsi iki.

 FDN ora didhukung dening kabeh operator jaringan. Hubungi operator jaringan sampeyan kanggo mesthekake yen kertu SIM utawa layanan jaringan ndhukung fitur iki.

### Mblokir telpon mlebu utawa metu

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon.**
- 3 Tutul **Blokir Telpon**, banjur pilih opsi.
- 4 Tik sandhi, banjur tutul **Uripake.**

 Nalika nyetel blokir telpon kaping pisanan, sampeyan kudu ngetik sandhi. Sampeyan kudu nggunakake sandhi sing padha mengko yen pengin ngowahi setelan blokir telpon.

### Ngaktifake utawa mateni telpon winates

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon > Nomer telpon tetep**.
- 3 Tutul **Aktifake telpon winates** utawa **Pateni telpon winates**.
- 4 Tik PIN2 banjur tutul **OK**.

### Ngakses dhaptar panampa telpon sing dijawab

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon**.
- 3 Tutul **Nomer telpon tetep > Nomer telpon tetep**.

### Ngganti PIN2 kertu SIM

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon**.
- 3 Tutul **Nomer telpon tetep > Genti PIN2**.
- 4 Tik PIN2 kertu SIM lawas banjur tutul **OK**.
- 5 Tik PIN2 kertu SIM anyar banjur tutul **OK**.
- 6 Konfirmasi PIN2 anyar banjur tutul **OK**.

### Ngirim telpon sing mlebu saka kontak tartamtu langsung menyang surat swara

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul 📞.
- 3 Pilih kontak sing dipengini.
- 4 Tutul ✎ > ⋮.
- 5 Centhang kothak ing jejere **Kbh telp. nyang surat swara**.
- 6 Tutul **SIMPEN**.

## Telpon multi

Yen ngaktifake telpon tunggu, sampeyan bisa nangani sawetara telpon sekaligus. Yen diaktifake, sampeyan bakal nampa swara thit yen ana telpon liya mlebu.

### Ngaktifake utawa mateni telpon tunggu

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon > Setelan tambahan**.
- 3 Kanggo ngaktifake utawa mateni telpon tunggu, tutul **Telpon entenan**.

### Njawab telpon kaloro lan nahan telpon sing lagi lumaku

- 1 Yen krungu swara bip bola-bali nalika nelpon, seret 🔄 nengen.
- 2 Tutul **Tahan telpon**.

### Nolak telpon liyane

- Yen krungu swara bip bola-bali nalika nelpon, seret 🚫 ngiwa.

### Nelpon nomer kaloro

- 1 Nalika lagi nelpon, tutul ↗. Cathetan telpon ditampilake.
- 2 Tutul 📞 kanggo nampilake tombol telpon.
- 3 Ketik nomer panrima banjur tutul 📞. Telpon kapisan ditahan.

### Ngoper antarane pirang-pirang telpon

- Kanggo ngoper menyang telpon liya lan nahan telpon aktif, tutul **Ditahan**.

## Telpon konferensi

Kanthe telpon konferensi utawa multi peserta, sampeyan bisa nggabung obrolan karo rong peserta utawa luwih.

- ! Kanggo rincian babagan cacahé peserta sing bisa ditambahake menyang telpon konferensi, hubungi operator jaringan.

### Nggawe telpon konperensi

- 1 Nalika lagi nelpon, tutul . Cathetan telpon ditampilake.
- 2 Kanggo nampilake tombol telpon, tutul .
- 3 Penet nomer peserta kaloro, banjur tutul . Peserta kapisan ditahan telpone sauntara.
- 4 Kanggo nambahake peserta kaloro menyang telpon lan miwiti telpon konperensi, tutul .
- 5 Kanggo nambah peserta liyane menyang telpon kasebut, baleni jangkah kaya sing ditrangake ing ndhuwur.

### Ngobrol kanthi pribadi karo peserta telpon konperensi

- 1 Nalika lagi telpon konperensi, tutul **Atur konperensi**.
- 2 Tutul nomer telpon peserta sing arep diajak ngobrol kanthi pribadi.
- 3 Kanggo mungkasi obrolan pribadi lan bali menyang telpon konperensi, tutul .

### Medhot peserta saka telpon konperensi

- 1 Nalika lagi telpon konperensi, tutul **Atur konperensi**.
- 2 Tutul ing jejere peserta sing arep dipedhot.

### Mungkasi telpon konperensi

- Sajrone telpon konperensi, tutul .

## Surat swara

Yen lengganan sampeyan kalebu layanan surat swara, panelpon bisa ninggal pesen surat swara nalika sampeyan ora bisa njawab telpon. Nomer layanan surat swara biasane disimpen ing kertu SIM. Yen ora, sampeyan bisa njaluk nomer saka panyedhiya layanan lan ngetik kanthi manual.

### Ngetik nomer surat swara

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Telpon**.
- 3 Pilih kertu SIM.
- 4 Tutul **Surat swara > Setelan surat swara > Nomer Voicemail**.
- 5 Ketik nomer surat swara.
- 6 Tutul **OK**.

### Nelpon layanan surat swara



- 1 Bukak papan telpon.
- 2 Demek terus **1** nganti nomer surat swara katelpon.

- 💡 Kaping pisanan sampeyan nelpon nomer surat swara, sistem surat swara operator jaringan biyasane njaluk sampeyan supaya nyetel surat swara. Contone, sampeyan uga bisa dijuluk supaya ngrekam salam lan nyetel sandhi.

## Telpon darurat

Piranti ndhukung nomer darurat internasional, contone 112 utawa 911. Biasane, sampeyan bisa nggunakake nomer kasebut kanggo telpon darurat ing negara endi wae, nganggo utawa tanpa nglebokake kertu SIM yen sampeyan ana ing jangkauan jaringan.




### Nelpon nomer dharurat

- 1 Bukak papan telpon.
  - 2 Ketik nomer dharurat, banjur tutul .
-  Sampeyan bisa nelpon nomer dharurat sanajan ora ana kertu SIM sing dipasang utawa yen telpon metu dialangi.

### Telpon nomer dharurat yen kertu SIM dikunci

- 1 Tutul **Telpon darurat**.
- 2 Tik nomer dharurat, banjur tutul .

### Telpon nomer dharurat yen layar dikunci

- 1 Yen jinis kunci layar sing aktif yaiku **Usap**, tutul  kanggo nampilake tombol angka, banjur tik nomer dharurat lan tutul .
- 2 Yen layar dikunci nganggo pola, PIN, utawa sandhi, tutul **Telpon darurat**, banjur tik nomer dharurat lan tutul .

# Kontak

## Nransfer kontak

Ana sawetara cara kanggo nransfer kontak menyang piranti anyar. Sampeyan bisa nyinkronake akun online utawa ngimpor kontak kanthi langsung saka piranti liya.

### Ngirim kontak nggunakake komputer

Xperia™ Transfer yaiku aplikasi sing nulung nglumpukake kontak saka piranti lawas lan ngirimake menyang piranti anyar. Xperia™ Transfer, sing bisa diakses saka piranti lunak Xperia™ Companion, ndhukung piranti seluler sing lumaku ing iOS/iCloud lan Android™. Yen ngoper saka piranti iOS, fitur App Matching nyaranake padanan Android karo aplikasi iOS.

Kanggo nggunakake Xperia™ Transfer, diperlokake:

- Komputer sing nyambung internet.
  - Piranti Android™ anyar.
  - Kabel USB kanggo piranti Android™ anyar.
  - Piranti lawas.
  - Kabel USB kanggo piranti lawas.
- 💡 Sampeyan bisa uga ora butuh piranti lawas. Kanggo piranti iOS, sampeyan bisa nyambung langsung menyang iCloud utawa nggunakake serep lokal. Kanggo piranti Sony sing sadurunge diduweni, sampeyan bisa nggunakake serep lokal.




### Kirim kontak menyang piranti anyar

- 1 Golek lan undhuh Xperia™ Companion kanggo Windows ing <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion/> utawa Xperia™ Companion kanggo Mac ing <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion-mac/> yen piranti lunak durung diinstal.
- 2 Nganggo kabel USB, sambungake piranti nyang komputer.
- 3 Sawise bisa nginstal, bukak piranti lunak Xperia™ Companion, yen ora otomatis diluncurake, banjur klik *Xperia™ Transfer* lan tututi patunjuk sing cocog kanggo kirim kontak.

## Nransfer kontak nganggo akun online

Yen sampeyan nyinkronake kontak ing piranti lawas utawa komputer karo akun online, misale, Google Sync™, Facebook™, utawa Microsoft® Exchange ActiveSync®, sampeyan bisa nransfer kontak menyang piranti anyar nganggo akun kasebut.




### Nyelarasake kontak menyang piranti anyar nganggo akun singkronisasi

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
  - 2 Tutul , banjur tutul **Setelan > Akun & panyelarasan**.
  - 3 Pilih akun sing pengin diselarasake karo kontak, banjur tutul  > **Selarasake saiki**.
- ! Sampeyan kudu mlebu menyang akun panyelarasan sing cocog sadurunge nyelarasake kontak.

## Cara liyane kanggo ngirim kontak

Ana sawetara cara liyane kanggo ngirim kontak saka piranti lawas menyang piranti anyar. Contone, sampeyan bisa nyalin kontak menyang kertu memori, nggunakake teknologi Bluetooth®, utawa nyimpen kontak menyang kertu SIM. Kanggo informasi luwih spesifik babagan ngirim kontak menyang piranti lawas, deleng Pandhu pangguna sing cocog.




### Ngimpor kontak saka kertu memori

- 1 Saka Layar Ngarepsampeyan, tutul , banjur tutul .
- 2 Penet , banjur tutul **Impor kontak** > **Kertu SD**.
- 3 Pilih panggonan nyimpen kontak.
- 4 Pilih kumpulan sing pengin diimpor lan tutul **OK**.

### Ngimpor kontak nganggo teknologi Bluetooth®

- 1 Priksa manawa sampeyan wis nguripake fungsi Bluetooth® lan piranti wis disetel supaya katon.
- 2 Yan sampeyan nampa kabar ana file sing mlebu menyang piranti, seret baris status mudhun banjur tutul kabar kanggo nampa kiriman file.
- 3 Tutul **Tampa** kanggo wiwit ngirim file.
- 4 Seret mudhun baris status. Yen transfer wis rampung, tutul kabare.
- 5 Tutul file sing ditampa lan pilih panggonan kanggo nyimpen kontak.

### Ngimpor kontak saka kertu SIM




- ! Sampeyan bisa kelangan informasi utawa oleh akeh entri kontak yen nransfer kontak nganggo kertu SIM.
- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
  - 2 Tutul , banjur tutul **Impor kontak** > **Kertu SIM**.
  - 3 Pilih panggonan nyimpen kontak.
  - 4 Kanggo ngimpor kontak individu, golek banjur tutul kontak kasebut. Kanggo ngimpor kabeh kontak, tutul **Impor kabeh**.

## Nggoleki lan ndeleng kontak






- 1 Nggoleki kontak
- 2 Ndeleng opsi liyane
- 3 Tab Kontak, Favorit, lan Grup
- 4 Ngowahi lan ndeleng informasi kontak medis lan darurat
- 5 Ndeleng rincian kontak
- 6 Ngalih menyang kontak sing diwiwiti aksara sing dipilih
- 7 Nambah kontak

## Nelusuri kontak




- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 2 Tutul  lan ketik nomer telpon, jeneng, utawa informasi liyane ing kolom **Tlusur kontak**. Dhaptar kasil disaring nalika sampeyan ngetik saben karakter.

## Milih kontak sing arep ditampilake ing aplikasi Kontak




- 1 Saka Layar Ngarepsampeyan, tutul , banjur tutul .
- 2 Penet , banjur tutul **Nyaring**.
- 3 Ing dhaptar sing katon, wenehi tandha lan busak tandha pilihan sing dikepengini. Yen sampeyan wis nyelarasake kontak sampeyan karo akun sinkronisasi, akun kasebut bakal katon ing dhaptar. Kanggo nggedhekake dhaptar pilihan, tutul akun.

## Nambah lan ngowahi kontak





### Nambah kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
  - 2 Tutul .
  - 3 Yen sampeyan wis nyelarasake kontak karo saakun utawa luwih lan nambahake kontak sing kapisanan, sampeyan kudu milih akun sing arep ditambahi kontak iki. Cara liyane, tutul **Tanpa serep** yen sampeyan mung arep nganggo lan nyimpen kontak iki ing piranti.
  - 4 Tik utawa pilih informasi sing dikarepake kanggo kontak kasebut.
  - 5 Yen wis rampung, tutul **SIMPEN**.
- ! Nalika milih akun sinkronisasi ing tahap 3, akun kasebut bakal tuwuh minangka akun gawan sing ditawakake liya wektu yen sampeyan nambah kontak. Nalika nyimpen kontak ing akun tartamtu, akun kasebut bakal tuwuh minangka akun gawan sing kudu disimpen liya wektu yen sampeyan nambah kontak. Yen sampeyan wis nyimpen kontak ing akun tartamtu lan arep ngganti, sampeyan kudu gawe kontak anyar lan milih akun liyane kanggo nyimpen kontak mau.
- 💡 Yen sampeyan nambahake tandha tambah lan kode negara ing ngarepe nomer telpon kontak, sampeyan ora prelu ngowahi nomer kuwi maneh yen nelpon saka negara liya.

### Ngowahi kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
  - 2 Tutul kontak sing arep diowahi, banjur tutul .
  - 3 Owahi informasi sing dikarepake.
  - 4 Yen wis rampung, tutul **SIMPEN**.
- ! Sawetara layanan sinkronisasi ora ngidini sampeyan ngowahi rincian kontak.




### Nggandhengake gambar karo kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
  - 2 Tutul kontak sing arep diowahi, banjur tutul .
  - 3 Tutul , banjur pilih cara kanggo nambahake gambar kontak lan ngowahi sing dikarepake.
  - 4 Yen gambar wis ditambahake, tutul **SIMPEN**.
- 💡 Sampeyan uga bisa nambah gambar menyang kontak langsung saka aplikasi **Album lagu**. Gambar sing disimpen ing akun online kudu diunduh dhisik.

### Nyetel dering telpon khusus kanggo kontak tartamtu

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul , banjur tutul .
- 2 Tutul kontak sing arep diowahi, banjur tutul .
- 3 Tutul  > **Setel dering**.
- 4 Pilih salah siji opsi saka dhaptar utawa tutul  kanggo milih file musik sing disimpen ing piranti, banjur tutul **Rampung**.
- 5 Tutul **SIMPEN**.



### Mbusak kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 2 Tutul terus kontak sing arep dibusak.
- 3 Kanggo mbusak kabeh kontak, tutul panah mudhun kanggo mbukak menu gulung mudhun, banjur pilih **Tandhani kabeh**.
- 4 Tutul , banjur tutul **Busak**.

### Kanggo ngowahi informasi kontak bab sampeyan dhewe


- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 2 Tutul **Aku**, banjur tutul .
- 3 Ketik informasi anyar utawa ganti kaya sing dipengini.
- 4 Yen wis rampung, tutul **SIMPEN**.

### Nggawe kontak anyar saka pesen teks

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur temokake lan tutul .
- 2 Tutul lambang ing jejere nomer telpon, banjur tutul **Simpen**.
- 3 Pilih kontak sing ana, utawa tutul **Gawe kontak anyar**.
- 4 Owahi informasi kontak banjur tunyuk **SIMPEN**.




## Nambahake informasi kontak medis lan darurat

Sampeyan bisa nambahake lan ngowahi informasi ICE (In Case of Emergency) ing aplikasi Kontak. Sampeyan bisa nglebokake data medis, kayata alergi lan obat sing sampeyan gunakake, uga katrangan bab kluwarga lan kanca sing bisa dihubungi yen ana kahanan darurat. Sawise disetel, informasi ICE sampeyan bisa diakses saka layar kunci keamanan. Padha karo senajan layar dikunci, contone karo PIN, pola, utawa sandhi, personil kedaruratan tetep bisa mbukak informasi ICE sampeyan.



- 1 Mbalik ing layar Kontak utama
- 2 Deleng opsi liyane
- 3 Nuduhake informasi medis lan pribadi sampeyan minangka bageyane informasi ICE
- 4 Informasi medis
- 5 Dhaptar kontak ICE
- 6 Gawe kontak ICE anyar
- 7 Gunakake kontak sing ana minangka kontak ICE




### Nuduhake informasi medis lan pribadi minangka bageyan saka informasi ICE

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 2 Tutul **ICE (In Case of Emergency) – Kahanan Dharurat**.
- 3 Tutul , banjur tandhani kothak centhang **Tampilake informasi pribadi**.




### Nglebokake informasi medis sampeyan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 2 Tutul **ICE (In Case of Emergency) – Kahanan Dharurat**.
- 3 Tutul , banjur tutul **Owahi info medis**.
- 4 Owahi informasi sing dikarepake.
- 5 Yen wis rampung, tutul **SIMPEN**.




### Nambah kontak ICE anyar

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
  - 2 Tutul **ICE (In Case of Emergency) – Kahanan Dharurat**, banjur tutul .
  - 3 Yen sampeyan wis nylarasake kontak karo saakun utawa luwih lan nambahake kontak sing kapisanan, sampeyan kudu milih akun sing arep ditambahi kontak iki. Cara liyane, tutul **Tanpa serep** yen sampeyan mung arep nganggo lan nyimpen kontak iki ing piranti.
  - 4 Tik utawa pilih informasi sing dikarepake kanggo kontak kasebut.
  - 5 Yen wis rampung, tutul **SIMPEN**.
- ! Kontak ICE kudu saora-orane duwe nomer telpon supaya personil kedaruratan bisa nelpon. Yen piranti sampeyan dikunci nganggo kunci layar kaamanan, personil kedaruratan mung bisa ndeleng nomer telpon kontak ICE, senajan ana informasi liya sing dilebokake ing aplikasi Kontak bab kontak kasebut.




### Ngunakake kontak sing ana minangka kontak ICE

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
  - 2 Tutul **ICE (In Case of Emergency) – Kahanan Dharurat**, banjur tutul .
  - 3 Tandhani kontak sing arep sampeyan dadekake kontak ICE.
  - 4 Yen wis rampung, tutul **Rampung**.
- ! Kontak ICE sing sampeyan pilih kudu saora-orane duwe nomer telpon sing bisa dihubungi dening personil kedaruratan. Yen piranti sampeyan dikunci nganggo kunci layar pangamanan, personil kedaruratan mung bisa ndeleng nomer telpon kontak ICE, senajan ana katrangan liya sing dilebokake ing aplikasi Kontak ngenani kontak-kontak kasebut.

### Nggawe informasi ICE sampeyan katon saka layar kunci pangamanan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
  - 2 Tutul **ICE (In Case of Emergency) – Kahanan Dharurat**.
  - 3 Tutul , banjur tutul **Setelan**.
  - 4 Centhang kothak **ICE ing layar kunci**.
- ! Nurut gawane, informasi ICE sampeyan wis katon saka layar kunci pangamanan.




### Ngaktifake telpon menyang kontak ICE saka layar kunci kaamanan

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul , banjur tutul .
  - 2 Tutul **ICE (In Case of Emergency) – Kahanan Dharurat**.
  - 3 Tutul , banjur tutul **Setelan**.
  - 4 Centhang kothak **Aktifake telpon ing ICE**.
- ! Sawetara jaringan utawa operator jaringan uga bisa ora ndhukung telpon ICE.



## Favorit lan grup

Kontak sing wis sampeyan tandhani minangka favorit katon ing ngisore favorit tab ing aplikasi Kontak bebarengan karo kontak sing paling kerep disebut utawa "kontak sing top". Ngunakake cara iki sampeyan bisa entuk akses kanggo kontak luwih cepet. Sampeyan uga bisa nglebokake-kontak menyang grup, kanggo njaluk akses cepet menyang grup kontak saka aplikasi Kontak.


### Nyenthang utawa mbusak kontak minangka favorit

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Tunyuk kontak sing dipengini kanggo ditambahake menyang utawa dibusak saka favorit.
- 3 Tunyuk .

### Ndeleng kontak favorit




- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 2 Tutul **Favorit**.

### Nglebokake kontak menyang sawiji grup




- 1 Ing aplikasi Kontak, tutul kontak sing arep digabungake karo gugus.
- 2 Tutul , banjur langsung tutul garis ing babagan **Gugus**.
- 3 Centhang kothak kanggo grup sing pengin sampeyan tambahi kontak.
- 4 Tutul **SIMPEN**.

## Ngirim informasi kontak





### Ngirim kertu nama

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 2 Tutul **Aku**.
- 3 Tutul , banjur tutul **Bagi**.
- 4 Pilih cara transfer sing kasedhiya banjur tindakake pandhuan ing layar.

### Ngirim kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 2 Tutul kontak sing rinciane arep dikirim.
- 3 Tutul , banjur tutul **Bagi**.
- 4 Pilih cara transfer sing kasedhiya banjur tindakake pandhuan ing layar.




### Ngirim sawetara kontak sanalika

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 2 Penet , banjur tutul **Tandhani swetara**.
- 3 Tandhani kontak sing arep dikirimi, utawa pilih kabeh yen sampeyan pengin ngirim menyang kabeh kontak.
- 4 Tutul , banjur pilih cara ngirim sing kasadhiya banjur tindakake instruksi ing layar.




## Nyingkiri nggawe duplikat entri ing aplikasi Kontak

Yen sampeyan nyelarasake kontak karo akun anyar utawa ngimpor informasi kontak kanthi nganggo cara liyane, sampeyan bisa tanpa sengaja nggawe duplikat entri ing aplikasi Kontak. Yen mengkono iku, sampeyan bisa nggabungake duplikat mau kanggo nggawe entri siji. Lan yen sampeyan tanpa sengaja nggabungake entri, sampeyan bisa misahake entri-entri mau mengko.

### Nyambung kontak

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 2 Tutul kontak sing arep disambung karo kontak liyane.
- 3 Penet , banjur tutul **Sambungake kontak**.
- 4 Tutul kontak sing informasine arep digabungake karo kontak kapisan, banjur tutul **OK** kanggo netepake. Informasi saka kontak kapisan ditambahake menyang kontak kaloro, lan kontak disambung ditampilake minangka siji kontak ing dhaptar Kontak.




### Misah kontak sing disambung

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 2 Tutul kontak sambungan sing arep diowahi, banjur tutul .
- 3 Tutul **Pedhot kontak > Ilangi link**.




## Nggawe serep kontak

Sampeyan bisa nggunakake simpenan internal, kertu memori, utawa kertu SIM kanggo gawe serep kontak. Deleng *Nransfer kontak* ing kaca 79 kanggo informasi luwih pepak babagan cara mulihake kontak menyang piranti.

### Ngekspor kabeh kontak menyang kertu memori

- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur tunyuk .
- 2 Penet , banjur tunyuk **Eksportir kontak > Kertu SD**.
- 3 Tutul **OK**.

### Ngekspor kontak menyang kertu SIM

- ! Nalika sampeyan ekspor kontak menyang kertu SIM, ora kabeh informasi bisa diekspor. Iki amarga watesan memori ing kertu SIM.
- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
  - 2 Penet , banjur tutul **Eksportir kontak > Kertu SIM**.
  - 3 Tandhani kontak sing arep diekspor, utawa tutul **Tandhani kabeh** yen sampeyan arep ngekspor kabeh kontak.
  - 4 Tutul **Eksportir**.
  - 5 Pilih **Tambah kontak** yen sampeyan pengin nambah kontak menyang kontak sing wis ana ing kertu SIM, utawa pilih **Ganti kontak kabeh** yen sampeyan pengin ngganti kontak sing wis ana ing kertu SIM.

# Olahpesen lan obrolan

## Maca lan ngirim pesen





Aplikasi Olahpesen nuduhake pesen sampeyan minangka obrolan, sing ateges kabeh pesen menyang lan saka wong tartamtu didadekake sak kelompok. Kanggo ngirim pesen multimedia, sampeyan perlu setelan MMS sing bener ing piranti. Waca *Setelan Internet lan MMS* kaca 46.

- ! Jumlah karakter sing bisa dikirim ing pesen tunggal bisa ora padha gumantung operator lan basa sing digunakake. Ukuran maksimal pesan multimedia, kalebu ukuran files sing ditambahake, uga gumantung marang operator. Hubungi operator jaringan kanggo informasi liyane.





- 1 Bali menyang dhaptar obrolan
- 2 Telpon pangirim pesen
- 3 Deleng opsi liyane
- 4 Pesen sing dikirim lan ditampa
- 5 Kirim pesen sing wis rampung
- 6 Nambah lampiran




## Nggawe lan ngirim pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur goleki lan tutul .
  - 2 Tutul .
  - 3 Tik jeneng utawa nomer telpon panampa, utawa informasi kontak liyane sing wis disimpen babagan panampa kasebut, banjur pilih saka dhaptar sing muncul. Yen panampa durung kedhaptar minangka kontak, tik nomer panampa kanthi manual.
  - 4 Yen sampeyan arep ngirim pesen gugus, baleni prosedur sing digambarake ing ndhuwur kanggo nambah panrima liya.
  - 5 Tutul **Tulis pesen** banjur tik teks pesen.
  - 6 Yen sampeyan pengin nambah lampiran, pilih opsi lampiran sing cocog.
  - 7 Kanggo ngirim pesen kasebut, tutul .
- 💡 Yen metu saka pesen sadurunge ngirim, pesen bakal disimpen minangka konsep. Obrolan diwenehi tandha karo tembung **Konsep**.




## Maca pesen sing ditampa

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur golek lan tutul .
  - 2 Tutul obrolan sing dikepengini.
  - 3 Yen pesen durung diundhuh, tutul terus pesen kasebut, banjur tutul **Download pesen**.
- 💡 Kabeh pesen sing ditampa disimpen menyang memori piranti kanthi setelan gawan.



### Mbales pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur temokake lan tutul .
- 2 Tutul obrolan sing ngamot pesen.
- 3 Ketik balesan banjur tutul .

### Nerusake pesen



- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur goleki lan tutul .
- 2 Tutul obrolan sing amot pesen sing arep diterusake.
- 3 Tutul terus pesen sing arep diterusake, banjur tutul **Terusake pesen**.
- 4 Ketik jeneng utawa nomer telpon panampa, utawa informasi kontak liyane sing wis disimpen babagan panampa kasebut, banjur pilih saka dhaptar sing muncul. Yen panampa durung kedhaptar minangka kontak, ketik nomer panampa kanthi manual.
- 5 Owahi pesen, yen perlu, banjur tutul .

### Kanggo nyimpen file sing ana ing pesen sing ditampa





- 1 Saka Layar Ngarep, tunyuk , banjur temokake lan tunyuk .
- 2 Tutul obrolan sing arep dibukak.
- 3 Yen pesen durung diundhuh, tutul terus pesen kasebut, banjur tutul **Download pesen**.
- 4 Tutul terus pesen sing arep disimpen kasebut, banjur pilih opsi sing dikepengini.

## Ngatur pesen



### Mbusak pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur golek lan tutul .
- 2 Tutul obrolan sing amot pesen sing arep dibusak.
- 3 Demek terus pesen sing arep dibusak, banjur tutul **Busak pesen** > **Busak**.

### Mbusak obrolan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur temokake lan tutul .
- 2 Tutul , banjur tutul **Busak obrolan**.
- 3 Tandhani kothak obrolan sing arep dibusak, banjur tutul  > **Busak**.




### Menehi lintang menyang pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur temokake lan tutul .
- 2 Tutul obrolan sing arep dibukak.
- 3 Tutul terus pesen sing arep diwenehi lintang, banjur tutul **Tambah lintang**.
- 4 Kanggo mbusak lintang ing pesen, tutul terus pesen sing diwenehi lintang, banjur tutul **Bsk lintang**.

### Ndeleng pesen nganggo lintang

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur golek lan tutul .
- 2 Tutul , banjur tutul **Pesen ditandhani lintang**.
- 3 Kabeh pesen sing nganggo lintang katon ing dhaptar.

### Nlusuri pesen



- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur goleki lan tutul .
- 2 Tutul .
- 3 Tik tembung kunci telusur. Asil telusur muncul ing dhaptar.

## Nelpon saka pesen

### Nelpon pangirim pesen




- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul , banjur goleki lan tutul .
- 2 Tutul obrolan, banjur tutul .

### Nyimpen nomor pangirim minangka kontak




- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur temokake lan tutul .
- 2 Tutul lambang ing jejere nomer telpon, banjur tutul **Simpen**.
- 3 Pilih kontak sing ana, utawa tutul **Gawe kontak anyar**.
- 4 Owahi informasi kontak banjur tunyuk **Simpen**.

## Setelan olahpesen

### Nggenti setelan kabar pesen

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur goleki lan tutul .
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan**.
- 3 Kanggo nyetel swara kabar, tutul **Swara kabar**, banjur pilih opsi utawa tutul **+** lan pilih file musik sing disimpen ing piranti.
- 4 Kanggo ngonfirmasi, tutul **Rampung**.
- 5 Kanggo setelan kabar liya, seret panggeser kagayut nengen utawa ngiwa.

### Nguripake utawa mateni fungsi laporan kiriman kanggo pesen metu

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur temokake lan tutul .
  - 2 Tutul , banjur tutul **Setelan**.
  - 3 Tandhani utawa busak tandha kothak **Laporan kiriman** kaya sing dikarepake.
- ! Sawise fungsi laporan kiriman diuripake, tandha centhang dituduhake ing pesen sing kasil dikirim.


## Olahpesen sanalika lan obrolan video

Sampeyan bisa nggunakake aplikasi olahpesen sanalika lan obrolan video Google Hangouts™ ing piranti kanggo ngobrol karo kanca sing uga nggunakake aplikasi kasebut ing komputer, piranti Android™ utawa piranti liyane. Sampeyan bisa nggenti obrolan menyang telpon video karo sawetara kanca, lan sampeyan bisa ngirim pesen menyang kanca sanajan kanca sampeyan offline. Sampeyan uga bisa ndeleng lan enggo bareng potret kanthi gampang.

Hangouts™ njaluk akses internet lan akun Google™. Bukak <http://support.google.com/hangouts> banjur klik tautan "Hangouts ing Android" kanggo njupuk katrangan liyane babagan cara nggunakake aplikasi iki.

- ! Fungsi telpon video mung bisa aktif ing piranti sing nduweni kamera ngarep.

### Nggunakake aplikasi Hangouts™



- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Hangout**.

# Email



## Nyiyapake email

Gunakake aplikasi email ing piranti sampeyan kanggo ngirim lan nampa pesen email liwat akun email sampeyan. Sampeyan bisa nduweni siji utawa akeh akun email bebarengan, kalebu akun korporat Microsoft Exchange ActiveSync.


### Nggawe akun email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Email**.
  - 3 Tindakake instruksi sing katon ing layar kanggo nglengkapi setelan atur wiwitan.
-  Kanggo sawetara layanan email, sampeyan bisa uga kudu ngontak panyadhiya layanan kanggo nggolek informasi bab setelan rinci akun email.

### Nambahake akun email ekstra


- 1 Saka Layar Ngarepsampeyan, tutul lambang layar aplikasi .
- 2 Golek lan tutul **Email**.
- 3 Tutul ; banjur tutul **Setelan > Tambah akun**.
- 4 Tik alamat email lan sandhi, banjur tutul **Sabanjure**. Yen setelan akun email ora bisa diundhuh kanthi otomatis, rampungake persiyapan kanthi ing cara manual.
- 5 Yen wis rampung, tutul **Sabanjure**.

## Ngirim lan nampa pesen email



- 1 Deleng dhaptar akun email lan folder paling anyar
- 2 Goleki pesen email
- 3 Ngakses setelan lan opsi
- 4 Dhaptar pesen email
- 5 Tulis pesen email

### Ngundhuh pesen email anyar

- Yen kothak mlebu email mbukak, usap mudhun ing dhaptar pesen.
-  Sadurunge nyoba ngundhuh pesen email anyar, pesthekake sambungan data mlaku. Kanggo informasi luwih lengkap babagan mesthekake sambungan data sing apik, deleng *Setelan Internet lan MMS* ing kaca 46.

### Maca pesen email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul ☰.
- 2 Goleki lan tutul **Email**.
- 3 Yen sampeyan nggunakake sawetara akun email, tutul ≡ banjur pilih akun sing arep dipriksa. Yen sampeyan arep mriksa kabeh akun email saknalika, tutul ≡, banjur tutul **Kothak mlebu gabungan**.
- 4 Ing kothak mlebu email, gulung munggah utawa mudhun banjur tutul pesen email sing arep diwaca.

### Nggawe lan ngirim pesen email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul ☰, banjur goleki lan tutul **Email**.
- 2 Yen sampeyan nggunakake sawetara akun email, tutul ≡ banjur pilih akun sing arep digawe ngirim email.
- 3 Tutul ✍, banjur ketik jeneng utawa alamat email panampa, banjur pilih siji utawa luwih panampa saka dhaptar gulung mudhun.
- 4 Tik judhul email lan teks pesen, banjur tutul ➤.

### Mbales pesen email

- 1 Ing kothak mlebu email, golek banjur tutul pesen sing arep diwales, banjur tutul **Wales** utawa **Wales kabeh**.
- 2 Tik walesan, banjur tutul ➤.

### Nerusake pesen email

- 1 Ing kothak mlebu email, golek banjur tutul pesen sing arep diterusake, banjur tutul **Terusake**.
- 2 Ketik jeneng utawa alamat email panampa, banjur pilih siji utawa luwih panampa saka dhaptar gulung mudhun.
- 3 Tik pesen teks, banjur tutul ➤.

### Ndeleng lampiran email

- 1 Golek lan tutul email sing amot lampiran sing arep dideleng. Pesen email sing nganggo lampiran dituduhake dening @.
- 2 Sawise pesen email mbukak, tutul **Amot**. Lampiran wiwit ngundhuh.
- 3 Sawise lampiran rampung diundhuh, tutul **Deleng**.

### Nyimpen alamat email pangirim menyang kontak

- 1 Goleki lan tutul pesen ing kothak mlebu email.
- 2 Tutul jeneng pangirim, tutul **Tambah menyang Kontak**, banjur tutul **OK**.
- 3 Pilih kontak sing ana, utawa tutul **Gawe kontak anyar**.
- 4 Owahi informasi kontak, yen gelem, banjur tutul **Simpen**.

## Ngatur pesen email

### Ngurutake email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul ☰.
- 2 Goleki lan tutul **Email**.
- 3 Yen sampeyan nggunakake sawetara akun email, tutul ≡ banjur pilih akun karo kothak mlebu sing arep diurutake. Yen pengin ngurutake email ing kabeh akun email saknalika, tutul ≡, banjur tutul **Kothak mlebu gabungan**.
- 4 Tutul ⋮, banjur tutul **Urutake**.
- 5 Pilih pilihan ngurutake.

### Nlusuri email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul ☰, banjur goleki lan tutul **Email**.
- 2 Yen sampayan nggunakake sawetara akun email, tutul ≡ banjur pilih akun sing arep ditlusuri. Yen pengin nggoleki ing kabeh akun email saknalika, tutul ≡, banjur tutul **Kothak mlebu gabungan**.
- 3 Tutul Q.
- 4 Tik teks telusur, banjur tutul Q ing papan tombol.
- 5 Kasil tlusuran katon ing dhaptar sing diurutake miturut tanggal. Tutul pesen email sing arep dibukak.

### Ndeleng kabeh folder kanggo sak akun email

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul ☰, banjur goleki lan tutul **Email**.
- 2 Tutul ≡, banjur pilih akun sing arep dipriksa.
- 3 Ing akun sing arep dipriksa, pilih **Tampilake kabeh folder**.

### Mbusak pesen email

- Ing kothak mlebu email, usap pesen sing arep dibusak ing sisih tengen.
- ! Supaya fungsi ing dhuwur bisa mlaku, Usap kanggo mbusak fitur sing kudu diaktifake. Mode iki biasane wis diaktifake kanthi gawan. Kanggo mesthekake yen wis diaktifake, tutul ⋮ > **Setelan**, priksa kothak centhang ing jejere **Usap kanggo ngatur/mbusak**.

### Mindhah pesen email menyang folder liyane

- 1 Ing kothak mlebu email, usap pesen sing arep dipindhah menyang kiwa.
  - 2 Tutul **Pindhah**, banjur pilih folder.
- ! Supaya fungsi ing dhuwur bisa mlaku, Usap kanggo mbusak fitur sing kudu diaktifake. Mode iki biasane wis diaktifake kanthi gawan. Kanggo mesthekake yen wis diaktifake, tutul ⋮ > **Setelan**, priksa kothak centhang ing jejere **Usap kanggo ngatur/mbusak**.

## Setelan akun email

### Kanggo mbusak akun email saka piranti

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul ☰.
- 2 Golek banjur tutul **Email**.
- 3 Penet ⋮, banjur tutul **Setelan**.
- 4 Pilih akun sing arep dibusak.
- 5 Tutul **Busak akun** > **OK**.

### Kanggo ngganti frekuensi pangecekan kothak mlebu


- 1 Saka Layar Ngarepsampayan, tutul ☰.
- 2 Golek lan tutul **Email**.
- 3 Tutul ⋮, banjur tutul **Setelan**.
- 4 Pilih akun sing arep dianggo ngganti kekerepan pamriksan kothak mlebu.
- 5 Tutul **Frekuensi mriksa** > **Frekuensi pamriksan** banjur pilih salah siji.

### Nyetel jawaban-otomatis Out of Office ing akun Exchange Active Sync

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul ☰, banjur temokake lan tutul **Email**.
- 2 Penet ⋮, banjur tutul **Setelan**.
- 3 Pilih akun EAS (Exchange Active Sync) sing arep dianggo nyetel jawaban otomatis Metu Saka Kantor.
- 4 Tutul **Metu kantor**.
- 5 Seret tandha geser ing jejere **Metu kantor** nengen kanggo nguripake fungsi kasebut.
- 6 Yen dibutuhake, tandhani kothak centhang **Setel kisaran wektu** banjur atur jangka wektu kanggo jawaban otomatis.
- 7 Tik pesen Out of Office ing kolom teks isi.
- 8 Tutul **OK** kanggo ngonfirmasi.

## Gmail™

Yen duwe akun Google™, sampeyan bisa nggunakake aplikasi Gmail™ kanggo maca lan nulis pesen email.



1 Deleng dhaptar akun Gmail lan folder

2 Goleki pesen email

3 Dhaptar pesen email

4 Tulis pesen email

### Sinau luwih lengkap babagan Gmail™

- Nalika aplikasi Gmail mbukak, tutul ☰, banjur goleki lan tutul **Pitulung**.


# Musik

## Mindhah lagu menyang piranti

- Ana akeh cara kanggo mindhah lagu saka komputer menyang piranti:
  - Sampeyan bisa ngirim file ing antarane piranti lan komputer nggunakake kabel USB sing kasadhiya. Sawise nyambung, pilih **Pamindhahan file (MTP)** ing piranti banjur salin lan templekake utawa seret lan seleh file nggunakake komputer. Deleng *Ngatur file nggunakake komputer* ing kaca 40.
  - Sampeyan bisa nggunakake piranti lunak Xperia™ Companion kanggo mindhah file media antarane komputer lan piranti. Sinau salengkape lan undhuh Xperia™ Companion kanggo Windows ing <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion/> utawa Xperia™ Companion kanggo Mac ing <http://support.sonymobile.com/tools/xperia-companion-mac/>.
- ! Aplikasi Musik bisa ora ndhukung kabeh format file lagu. Kanggo informasi salengkape bab format file sing didhukung lan panggunan file multimedia (audio, gambar, lan video), undhuh Kertas Putih kanggo piranti ing [www.sonymobile.com/support/](http://www.sonymobile.com/support/).


## Ngrungokake musik

Gunakake aplikasi Musik kanggo ngrungokake lagu lan buku audio favorit.



- 1 Cilikake layar kebak pamuter
- 2 Tlusur kabeh lagu sing disimpen ing piranti
- 3 Deleng antrean puter sing saiki
- 4 Gambar album (yen sadhiya)
- 5 Indikator progres – seret indikator utawa tutul saluran menyang maju cepet utawa mundur cepet
- 6 Wektu sing dilakoni lagu sing diputer
- 7 Total wektu dawane lagu sing diputer
- 8 Baleni kabeh lagu ing antrean lagu sing diputer
- 9 Tutul kanggo menyang lagu sabanjure ing antrean lagu, demek terus kanggo cepetake maju lagu sing lagi diputer.
- 10 Muter utawa ngaso lagu
- 11 Tutul kanggo pindhah menyang lagu sadurunge ing antrean lagu, demek terus kanggo cepetake mundur lagu sing lagi diputer.
- 12 Acak lagu ing antrean lagu sing diputer

## Layar ngarep Musik



- 1 Tutul ☰ ing pojok ndhuwur sisih kiwa kanggo mbukak menu Musik
- 2 Gulung munggah utawa mudhun kanggo ndeleng isi
- 3 Puter lagu nganggo aplikasi Musik
- 4 Puter kabeh lagu ing mode acak
- 5 Bali menyang layar ngarep pamuter musik

### Muter lagu nganggo aplikasi Musik

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul 🎵, banjur goleki lan tutul 🎵.
  - 2 Tutul ☰.
  - 3 Pilih kategori lagu.
  - 4 Tutul lagu kanggo diputer.
- ! Sampeyan mbok menawa ora bisa muter item sing kalindhungi hak ciptane. Verifikasi yen wis nduweni hak cipta sing dibutuhake kanggone materi sing arep diandum.

### Nggoleki informasi online sing gegandhengan karo lagu

- Nalika lagu lagi muter ing aplikasi musik, tutul gambar Album banjur tutul **Luwih akeh bab iki**.
- 💡 Sumber daya online kagayut menyang lagu bisa kalebu video ing YouTube™, syair lagu, lan katrangan artis ing Wikipedia.

### Ngowahi informasi musik lan ngundhuh gambar album

- 1 Saka aplikasi Musik, tutul gambar album banjur tutul **Owah katr. lagu**.
  - 2 Owahi informasi kaya sing dikarepake.
  - 3 Kanggo nyetel utawa ngundhuh gambar album, tutul ✎, banjur pilih salah siji.
  - 4 Yen wis rampung, tutul **SIMPEN**.
- 💡 Sampeyan uga bisa nyetel gambar album supaya otomatis diundhuh ing menu Musik, ing bageyan Setelan.

### Nyetel volume audio

- Penet tombol volume.

### Nyilikake aplikasi pamuter Musik


- Nalika lagu diputer, tutul 🏠 kanggo mbukak Layar Ngarep. Aplikasi Musik tetep lumaku ing latar mburi.

### Mbukak aplikasi Musik nalika lagi diputer ing latar mburi

- Nalika lagu lagi muter ing latar mburi, seret garis status mudhun lan tutul aplikasi Musik.
- Cara liya, saka Layar Ngarep, tutul 🎵, banjur goleki lan tutul 🎵.

## Menu Musik

Menu Musik menehi ringkesan kabeh lagu ing piranti. Saka kene sampeyan bisa ngatur album lan dhaptar lagu.



- 1 Bali menyang layar ngarep Musik
- 2 Deleng antrean puter sing saiki
- 3 Jlajah kabeh artis
- 4 Jlajah kabeh album
- 5 Jlajah kabeh lagu
- 6 Jlajah kabeh folder
- 7 Jlajah kabeh dhaptar lagu
- 8 Puter anduman file musik sing kasimpen ing piranti liya
- 9 Deleng kabeh file langganan utawa diunduh ing podcast
- 10 Bukak menu setelan kanggo aplikasi Musik
- 11 Bukak menu dhukungan kanggo aplikasi Musik

### Mbukak menu Musik

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur goleki lan tutul .
- 2 Tutul .

### Bali menyang layar ngarep Musik

- Nalika menu Musik mbukak, tutul **Ngarep**.
- Nalika menu layar Musik mbukak, tutul layar ing sisih tengen menu.


### Mbusak lagu

- 1 Saka menu Musik, tlusuri lagu sing pengin dibusak.
- 2 Demek terus judhul lagu, banjur tutul **Busak** ing dhaptar sing muncul.
- 3 Tutul **Busak** maneh kanggo ngonfirmasi.

## Dhaptar lagu

Ing layar ngarep Musik, sampeyan bisa nggawe dhaptar lagu dhewe saka musik sing wis disimpen ing piranti.

### Nggawe dhaptar lagu dhewe

- 1 Saka layar ngarep Musik, tutul terus jeneng album utawa lagu sing pengin ditambahake menyang dhaptar lagu.
  - 2 Ing menu sing mbukak, tutul **Tambahake menyang dhaptar lagu** > **Gawe dhaptar lagu anyar**.
  - 3 Ketik jeneng kanggo dhaptar lagu, banjur tutul **OK**.
-  Sampeyan uga bisa mbukak menu layar ngarep Musik, nutul **Dhaptar lagu**, banjur tutul **+** kanggo nggawe dhaptar lagu anyar.

### Muter dhaptar lagu sampeyan dhewe

- 1 Bukak menu Musik, banjur tutul **Dhaptar lagu**.
- 2 Ing **Dhaptar lagu**, pilih dhaptar lagu sing arep dibukak.
- 3 Yen pengin muter kabeh lagu, tutul lagu utawa **Acak kabeh**.

### Nambahake lagu menyang dhaptar lagu

- 1 Saka layar ngarep Musik, telusuri menyang lagu utawa album sing arep ditambahake menyang dhaptar lagu.
- 2 Tutul terus judhul lagu utawa album, banjur tutul **Tambahake menyang dhaptar lagu**.
- 3 Tutul jeneng dhaptar lagu sing pengin ditambahi album utawa lagu. Album utawa lagu wis ditambahake menyang dhaptar lagu.

### Mbusak lagu saka dhaptar lagu

- 1 Ing dhaptar lagu, tutul terus judhul lagu sing arep dibusak.
  - 2 Tutul **Busak saka dhaptar lagu**.
- ! Sampeyan menawa ora bisa mbusak lagu sing disimpen ing kertu memori utawa panyimpanan internal piranti.

### Mbusak dhaptar lagu

- 1 Bukak menu Musik, banjur tutul **Dhaptar lagu**.
  - 2 Demek terus dhaptar lagu sing pengin dibusak.
  - 3 Tutul **Busak**.
  - 4 Tutul **Busak** maneh kanggo ngonfirmasi.
- ! Sampeyan ora bisa mbusak dhaptar lagu pinter.

## Nuduhake musik

### Nuduhake lagu

- 1 Saka layar ngarep Musik, telusuri menyang lagu utawa album sing pengin dituduhake.
  - 2 Demek terus judhul lagu, banjur tutul **Enggo bareng**.
  - 3 Pilih aplikasi saka dhaptar, banjur turuti instruksi ing layar.
- 💡 Sampeyan uga bisa nuduhake album lan dhaptar lagu nganggo cara iki.

## Ngapiki swara

### Ngapikake kualitas swara nganggo Ekuwaliser

- 1 Bukak menu Musik, banjur tutul **Setelan > Setelan audio**.
- 2 Yen dijaluk, pilih **Setelan audio**, banjur tutul **Efek swara > Ekuwaliser**.
- 3 Kanggo ngatur swara kanthi manual, seret tombol pita frekwensi munggah utawa mudhun. Kanggo ngatur swara kanthi otomatis, tutul **✓** banjur pilih gaya.


### Nguripake fitur swara Surround

- 1 Bukak menu Musik, banjur tutul **Setelan > Setelan audio**.
- 2 Yen dijaluk, pilih **Setelan audio**, banjur tutul **Efek swara > Swara surround (VPT)**.
- 3 Gulung cepet ngiwa utawa nengen kanggo milih setelan, banjur tutul **OK** kanggo ngonfirmasi.

## Ngenali musik nganggo TrackID™

Gunakake layanan pengenalan musik TrackID™ kanggo ngenali lagu sing keprungu lagi diputer ing sakcedhake sampeyan. Rekam wae sampel cendhak lagu lan sampeyan bakal entuk info artis, judhul, lan album ing etungan detik. Sampeyan bisa tuku lagu sing




dikenali dening TrackID™ lan ndeleng denah TrackID™ kanggo ndeleng apa sing ditlusur pangguna TrackID™ sadonya. Kanggo asil paling apik, gunakake TrackID™ ing daerah sing sepi.



- 1 Nggoleki informasi trek, album, lan artis
- 2 Gawe profil TrackID™ online
- 3 Ndeleng tangga lagu saiki
- 4 Deleng opsi TrackID™
- 5 Deleng riwayat tlusuran sadurunge
- 6 Priksa sing ditlusuri wong liya
- 7 Ngenali lagu sing lagi dirungokake

- ! Aplikasi TrackID™ lan sawetara fitur saka layanan TrackID™ sing bisa uga ora didhukung ing kabeh nagari utawa wilayah, utawa dening kabeh jaringan utawa panyedhiya layanan. TrackID™ bisa disambungake menyang layanan striming musik sing sadhiya ing nagari sampeyan.



### Ngenali musik nggunakake teknologi TrackID™

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 2 Golek lan tutul **TrackID™**, banjur arahake piranti menyang sumber musik.
  - 3 Tutul . Yen lagu bisa dikenali dening layanan TrackID™, asile bakal ditampilake ing layar.
- 💡 Kanggo bali menyang layar wiwitan **TrackID™**, tutul .

### Ndeleng informasi artis kanggo lagu


- 1 Sawise lagu dikenali dening aplikasi **TrackID™**, asil ditampilake ing layar ngarep TrackID™.
- 2 Gulung asile menyang item sing arep dideleng, banjur tutul kanggo mbukak.

### Mbusak lagu saka riwayat track

- 1 Bukak aplikasi **TrackID™**, banjur telusuri menyang lagu sing pengin dibusak.
- 2 Tutul terus layar supaya  metu.
- 3 Tutul .

### Nggunakake TrackID™ LIVE


Sampeyan bisa nggunakake TrackID™ LIVE kanggo ndeleng trek LIVE wektu nyata saka saubenge donya. Anda rong cara kanggo wiwit TrackID™ LIVE:

- Tutul peta ing layar ngarep TrackID™.
  - Utawa penet , banjur tutul TrackID™ LIVE.
- 💡 Sampeyan bisa ngowahi sepiro cepete entuk trek lan bisa menengake utawa nguripake swara pratilik lagu.

# radio FM



## Ngrungokake radio

Radio FM ing piranti sampeyan mlaku kaya radio FM liyane. Misale, sampeyan bisa nggoleki lan ngrungokake stasiun radio FM, lan nyimpen minangka favorit. Sampeyan kudu nyambungake headset utawa headphone sing nganggo kabel menyang piranti supaya bisa nggunakake radio. Iki amarga headset utawa headphone fungsi minangka antena. Sawise salah siji piranti iki nyambung, sampeyan bisa ngalihake audio menyang speaker, yen pengin.



- 1 Dhaptar favorit
- 2 Tombol radio urip/mati
- 3 Ndeleng opsi menu
- 4 Frekuensi sing dirungokake
- 5 Nyimpen utawa mbusak saluran minangka sing paling disenengi
- 6 Tombol tuning
- 7 Pita frekuensi – seret ngiwa utawa tengen kanggo pindhah antarane saluran
- 8 Pindhah munggah pita frekuensi kanggo nelusuri saluran
- 9 Saluran favorit sing wis disimpen
- 10 Pindhah mudhun pita frekuensi kanggo nelusuri saluran


## Ngrungokake radio FM

- 1 Sambungake headset utawa headphone karo piranti.
  - 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Radio FM** . Saluran sing kasedhiya ditampilake sajrone sampeyan nggulung ing sadawane pita frekuensi.
- ! Nalika miwiti radio FM, saluran sing kasedhiya dituduhake kanthi otomatis. Yen saluran tartamtu nduweni informasi RDS, info iki dituduhake sawise sawetara detik sampeyan miwiti ngrungokake saluran kasebut.

## Mindhah ing antarane saluran radio

- Seret pita frekwensi ngiwa utawa nengen.

## Miwiti tlusuran saluran radio anyar

- 1 Nalika radio mbukak, tutul .
- 2 Tutul **Tlusuri saluran**. Radio mindai kabeh pita frekwensi, lan menehi tandha kabeh saluran sing kasedhiya.

### Ngoper swara radio menyang spiker

- 1 Nalika radio mbukak, penet ⋮.
  - 2 Tutul **Puter ing spiker**.
- 💡 Kanggo ngoper swara bali menyang piranti tanpa nyekel utawa piranti kuping nganggo kabel, penet ⋮ lan tutul **Puter ing piranti kuping**.

### Ngenali lagu ing radio FM nganggo TrackID™

- 1 Nalika lagu lagi diputer ing radio FM piranti, tutul ⋮, banjur pilih **TrackID™**.
  - 2 Indikator progres katon nalika aplikasi TrackID™ njupuk conto lagu. Yen identifikasi kasil, sampeyan diwenehi asil utawa dhaptar kemungkinan lagu.
  - 3 Kanggo bali menyang Radio FM, tutul ◀.
- ! Aplikasi TrackID™ lan layanan TrackID™ ora didhukung ing kabeh negara/wilayah, utawa dening kabeh operator jaringan lan/utawa panyedhiya layanan ing kabeh wilayah.

## Saluran radio favorit

### Nyimpen saluran minangka favorit

- 1 Nalika radio mbukak, navigasi menyang saluran sing pengin disimpen minangka favorit.
- 2 Tutul ☆.
- 3 Tik jeneng lan pilih warna kanggo saluran, banjur tutul **Simpen**.

### Ngrungokake saluran radio favorit

- 1 Tutul ⚙️.
- 2 Pilih salah siji.

### Mbusak saluran minangka favorit

- 1 Nalika radio mbukak, navigasi menyang saluran sing arep dibusak minangka favorit.
- 2 Tutul ★, banjur tutul **Busak**.

## Setelan swara

### Ngoper antarane mode swara mono lan stereo

- 1 Nalika radio mbukak, pencet ⋮.
- 2 Tunyuk **Aktifake swara stereo**.
- 3 Kanggo ngrungokake radio ing mode swara mono maneh, penet ⋮ banjur tutul **Peksa swara mono**.

### Milih wilayah radio

- 1 Nalika radio mbukak, penet ⋮.
- 2 Tutul **Pilih wilayah radio**.
- 3 Pilih salah sijine pilihan.




# Kamera

## Motret lan ngrekam video



- 1 Lensa kamera ngarep
- 2 Ngoper antarane kamera ngarep lan kamera utama
- 3 Pilih mode motret
- 4 Zoom digedhekake utawa dicilikake
- 5 Layar kamera utama
- 6 Tombol kamera – Ngaktifake kamera/Motret/Ngrekam video
- 7 Ndeleng foto lan video
- 8 Njepret foto utawa ngrekam video
- 9 Mundur sak jangkah utawa metu saka kamera
- 10 Setelan mode motret
- 11 Setelan lampu kilat

### Motret saka layar kunci

- 1 Kanggo nguripake layar, penet sedhela tombol daya .
- 2 Kanggo ngaktifake kamera, tutul terus lambang kamera , banjur seret ngiwa.
- 3 Yen kamera mbukak, tutul .


### Njupuk potret nggunakake tombol kamera

- 1 Uripake kamera.
- 2 Penet tombol kamera kanthi manet.


### Njupuk potret kanthi nutul tombol layar kamera

- 1 Uripake kamera.
- 2 Arahake kamera menyang subyek.
- 3 Tutul tombol layar kamera . Potret dijupuk sanalika yen sampeyan ngangkat driji.

### Motret selfi nggunakake kamera ngarep


- 1 Aktifake kamera.
- 2 Tutul .
- 3 Kanggo motret, penet tombol kamera. Foto dijupuk sanalika ngeculake tombol kamera.

### Ngunakake lampu kilat kamera foto


- 1 Nalika kamera mbukak, tutul .
- 2 Pilih setelan lampu kilat sing dipengini.
- 3 Njupuk foto.

### Nggunakake fungsi atur ukuran






Nalika kamera mbukak, jiwit utawa sebarake ing layar kamera. Sampeyan bisa nggunakake tombol volume, menet munggah utawa mudhun.

- 1 Kanggo ngakifake fungsi iki, tutul , banjur tutul **Liyane** > **Gunakake tbl Volume kanggo**.
- 2 Pilih **Zoom**.


### Ngrekam video kanthi nggunakake tombol kamera

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Usap layar kanggo milih .
- 3 Kanggo wiwit ngrekam video, penet tombol kamera.
- 4 Kanggo mungkasi ngrekam, penet tombol kamera maneh.

### Ngrekam video

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Yen mode video ora dipilih, usap layar kanggo milih .
- 3 Arahake kamera menyang subyek.
- 4 Kanggo wiwit ngrekam, tutul .
- 5 Kanggo ngaso nalika ngrekam video, tutul . Kanggo nerusake ngrekam, tutul .
- 6 Kanggo mandheg ngrekam, tutul .


### Motret foto nalika ngrekam video

- Kanggo motret foto nalika ngrekam video, tutul . Foto dijupuk sanalika ngeculake tombol kamera.

### Ndeleng potret lan video





- 1 Aktifake kamera, banjur tutul gambar cilik kanggo mbukak foto utawa video.
- 2 Gulung cepet ngiwa utawa nengen kanggo ndeleng potret lan klip video.

### Mbusak foto utawa video sing direkam

- 1 Goleki foto utawa video sing pengin dibusak.
- 2 Tutul layar kanggo nampilake toolbar.
- 3 Tutul .
- 4 Tutul **Busak** kanggo ngonfirmasi.

## Setelan kamera umum

### Mode jepretan


-  **Manual**  
Atur setelan kamera kanthi manual kayata resolusi, kaseimbangan warna putih, lan ISO.
-  **Super otomatis**  
Optimalake setelan supaya cocog ing kabeh sesawangan.
-  **Kamera video**  
Atur setelan video kanthi manual kayata resolusi, video HDR, lan mode fokus.
-  **Aplikasi kamera**  
Pilih aplikasi kamera kanthi manual.

- ! Video HDR mung kasedhiya yen resolusi video disetel menyang HD.

### Ngoper antarane mode motret lan aplikasi kamera

- 1 Penet terus tombol kamera.
- 2 Usap layar menyang mode motret sing dipengini utawa menyang dhaptar aplikasi.







## Aplikasi kamera

-  **Sound Photo**  
Jepret foto karo swara latar mburi.
-  **Efek AR**  
Jepret foto utawa rekam video nganggo sesawangan lan karakter virtual.
-  **Efek kreatif**  
Trapake efek menyang foto utawa video.
-  **Sapuan Panorama**  
Jepret foto sudhut amba lan panorama.
-  **Gaya potret**  
Jepret foto nganggo gaya potret wektu nyata.
-  **Timeshift video**  
Rekam video laju bingkai dhuwur lan trapake efek obah alon.
-  **Video 4K**  
Ngrekam video karo definisi ultra dhuwur 4K.
-  **Gambar panyisipan rupa**  
Jepret foto nganggo kamera ngarep lan mburi bebarengan.
-  **Sawetara kamera**  
Rekam sesawangan sing padha saka sawetara sudhut ing sak layar.
-  **Topeng AR**  
Gunakake praupan wong liya kanggo nutupi praupan sampeyan.

## Sweep Panorama

Sampeyan bisa njupuk potret sudhut amba lan panorama saka arah horisontal utawa vertikal ing gerakan gampang penet-lan-Sapuan.

### Motret panorama

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Usap layar kanggo milih    , banjur tutul .
- 3 Kanggo milih arah motret, tutul .
- 4 Pencet tombol kamera banjur pindhah kamera alon lan kanthi ajeg menyang arah saka gerakan dituduhake ing layar.






## Mode akeh kamera

Mode akeh kamera ngidini sampeyan motret foto utawa video sing nggabungake akeh sudhut saka sumber sing beda. Tampilan rong kamera muncul ing layar piranti- siji saka kamera piranti lan sijine saka piranti Xperia® sing disambungake utawa kamera Sony sing ndhukung teknologi NFC lan Wi-Fi Direct®.

Dadi yen ana ing panggonan konser, misale, lan sampeyan pengin motret foto sing nggabungake gambar band saka siji sudhut lan pamirsa saka sudhut liyane, sampeyan bisa nganggo mode Akeh kamera kanggo efek paling apik.

Sampeyan bisa nyiyapake mode Akeh kamera nganggo NFC, sing masangake rong piranti kasebut nganggo teknologi Wi-Fi Direct®.




### Ngunakake mode Akeh kamera

- 1 Uripake fungsi NFC ing piranti sing pengin disambungake.
- 2 Aktifake kamera ing piranti.
- 3 Usap layar kanggo milih , banjur tutul .
- 4 Ing layar kaloro piranti, tutul .
- 5 Demek area deteksi NFC sawiji piranti menyang liyane. Kaloro piranti saiki mestine nyambung nganggo teknologi Wi-Fi Direct®.
- 6 Sawise piranti kasambung, loro tampilan kamera muncul ing layar piranti– sing siji saka kamera piranti, liyane saka kamera piranti sing kasambung.
- 7 Kanggo ngatur maneh utawa mbentuk maneh tampilan kamera, tutul .
- 8 Yen wis rampung ngowahi lan siyap motret foto utawa video trakir, tutul **Rampung** > .

### Potret Gaya

Sampeyan bisa nggunakake fitur Potret Gaya kanggo nrapake efek owahan nalika motret foto kanggo mesthekake kasil paling apik. Sampeyan uga bisa nganggo setelan **Sorotan ajaib** kanggo nambah pola lampu sorot kanggo mripat.

### Ngunakake fitur Potret gaya

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Usap layar kanggo milih , banjur tutul .
- 3 Kanggo nampilake kabeh gaya, tutul jeneng gaya sing bubar dipilih, contone, **Plemb..**
- 4 Kanggo nambah gaya maneh, tutul **Liyane**.
- 5 Tutul gaya sing arep ditrapake, banjur tutul  kanggo motret.






### Ngunakake fitur Magic beam

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Usap layar kanggo milih , banjur tutul  > .
- 3 Kanggo ngetrapake efek lampu sorot njero mripat, pilih pola sing dikustomisasi.

### AR mask

Gunakake fitur AR mask kanggo menehi delfie praupan sampeyan topeng nganggo fitur praupan wong liya utawa kewan. Misale, sampeyan bisa nggabungake praupan sampeyan karo praupane kanca kanggo nggawe selfie gabungan sing lucu.



### Ngunakake fitur tutup AR

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Usap layar kanggo pindhah menyang , banjur pilih .
- 3 Arahake kamera menyang pasuryan, banjur pilih tutup sing pengin dienggo.
- 4 Kanggo motret, tutul dhisik  kanggo dhelikake kabeh tutup, banjur tutul .
- 5 Kanggo nuduhake kabeh jinis tutup maneh, goleki pasuryan ing pigura warna sing katon viewfinder kamera, banjur tutul .

### Ngundhuh aplikasi kamera

Sampeyan bisa ngundhuh aplikasi kamera sing gratis utawa sing mbayar saka Google Play™ utawa liyane. Sadurunge wiwit ngundhuh, pesthekake sampeyan nduweni sambungan Internet aktif, luwih apik liwat Wi-Fi kanggo matesi prabeya kiriman data.

### Ngundhuh aplikasi kamera

- 1 Bukak aplikasi kamera.
- 2 Usap layar kanggo milih , banjur tutul .
- 3 Pilih aplikasi sing pengin diundhuh, lan tututi patunjuk kanggo ngrampungake instalasi.

## Deteksi pasuryan

Kamera otomatis ndeteksi pasuryan lan nuduhake karo pigura. Pigura warna nuduhake pasuryan endi sing dipilih kanggo fokus. Fokus diset menyang pasuryan sing paling cedhak karo kamera. Sampeyan uga bisa nutul salah sijine pigura kanggo milih pasuryan sing arep dianggo fokus.

## Nggunakake Smile Shutter™ kanggo motret pasuryan sing mesem

Gunakake teknologi Smile Shutter™ kanggo motret pasuryan sing mesem. Kamera bisa ndeteksi nganti limang pasuryan banjur milih salah siji kanggo deteksi eseman lan fokus otomatis. Nalika pasuryan sing dipilih mesem, kamera motret kanthi otomatis.

### Nguripake Smile Shutter™



- 1 Aktifake kamera.
- 2 Tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Jepret Esem** banjur pilih level eseman.

### Njupuk potret nggunakake Smile Shutter™



- 1 Nalika kamera mbukak lan Smile Shutter™ urip, arahake kamera menyang subyek. Kamera milih pasuryan sing arep dianggo fokus.
- 2 Pasuryan sing dipilih katon ing njero pigura warna lan potret dijupuk kanthi otomatis.
- 3 Yen eseman ora kadeteksi, penet tombol kamera kanggo njupuk potret kanthi manual.

## Nambahake posisi geografis menyang foto

Aktifake fungsi Simpen panggonan kanggo nambah prakiran panggonan geografis nyang foto nalika dijepret. Panggonan geografis ditemtokake nganggo jaringan nirkabel lan/utawa teknologi GPS.

Nalika  muncul ing layar kamera, Simpen panggonan diuripake nanging posisi geografis durung ditemokake. Nalika  muncul, Simpen panggonan diuripake lan kasedhiya lokasi geografis, mula lokasi geografis bisa ditambahake menyang foto. Yen salah siji saka kaloro simbol iki muncul, Simpen panggonan dipateni.

### Ngaktifake panandha panggonan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Tutul **Setelan > Panggonan**.
- 3 Tutul tombol urip-mati.
- 4 Aktifake kamera.
- 5 Tutul .
- 6 Tutul **Liyane > Simpen panggonan**. Seret tandha geser nengen.

## Bukak cepet

Gunakake setelan Bukak cepet kanggo mbukak kamera nalika layar dikunci.

### Mung bukak

Nalika setelan iki diaktifake, sampeyan bisa mbukak kamera nalika layar dikunci kanthi menet terus tombol kamera.

### Bukak lan jupuk

Nalika setelan iki diaktifake, sampeyan bisa mbukak kamera lan motret kanthi otomatis nalika layar dikunci kanthi menet terus tombol kamera.

### Bukak lan rekam video

Nalika setelan iki diaktifake, sampeyan bisa mbukak kamera lan ngrekam video nalika layar dikunci kanthi menet terus tombol kamera.

### Mati

## Motret karo ndemek

Tamtokake area fokus, banjur tutul layar kamera nganggo driji. Foto dipotret sanalika ngeculake layar.

## Swara

Sampeyan bisa milih kanggo nguripake utawa mateni swara jepretan.

## Panyimpenan data

Sampeyan bisa milih arep nyimpen data ing kertu SD sing bisa dipindhah-pindhah utawa menyang panyimpenan internal piranti.

### **Simpunan internal**

Potret utawa video sing disimpen ing memori piranti.

### **Kertu SD**

Potret utawa video sing disimpen ing kertu SD.

## Garis pinggir

Pilih kanggo nguripake utawa mateni garis pinggir ing jendhela bidhik kamera.

## Anggo Tombol swara minangka

Sampeyan bisa milih kepriye pengin nganggo tombol volume nalika njepret foto.

### **Zoom**

Anggo tombol volume kanggo zoom gedhe utawa cilik.

### **Volume**

Anggo tombol volume kanggo ngatur volume.


### **Rana**

Anggo tombol volume kanggo njepret foto.

## Blok Tutul

Sampeyan bisa mateni layar tutul supaya ora bisa ditutul kanthi ora sengaja nalika nganggo kamera.

## Imbang putih

Setelan sing mung kasedhiya ing mode motret **Manual** iki ngatur imbangan warna miturut kondisi cahya. Sampeyan uga bisa ngatur cahya kanthi manual mulai -2,0 EV nganti +2,0 EV. Misale, sampeyan bisa nambah pepadhange gambar utawa nyuda cahya sakabehe kanthi nutul kontrol plus utawa minus nalika lambang setelan imbang putih/ukuran pepadhangan/HDR  ditampilake.



### **Otomatis**

Nyetel imbangan warna kanthi otomatis miturut kondisi cahya.



### **Inkandesen**

Nyetel imbangan warna kanggo kondisi cahya anget, kayata ing ngisor lampu bolam.



### **Fluoresensi**

Nyetel imbangan warna kanggo cahya lampu neon.



### **Awan Padhang**

Nyetel imbangan warna kanggo panggunaan kondisi njaba ruangan kanthi cahya srengenge.




### **Mendhung**

Nyetel imbangan warna kanggo langit mendhung.

## Setelan kamera foto

### Ngatur setelan kamera foto

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Kanggo nuduhake kabeh setelan, tutul .
- 3 Pilih setelan sing pengin disetel, banjur owahi kaya sing dipengini.

## Ringkesan setelan kamera potret

### Resolusi

Sampeyan bisa milih ing antarane sawetara resolusi lan rasio aspek sadurunge motret. Foto karo resolusi sing luwih dhuwur merlokake luwih akeh memori.

#### **21MP**

##### **5312×3984(4:3)**

Resolusi 21 megapiksel kanthi rasio aspek 4:3. Cocog kanggo potret sing arep dideleng ing tampilan non-layar amba utawa dicithak kanthi resolusi dhuwur.

#### **16MP**

##### **5344×3008(16:9)**

Resolusi 16 megapiksel kanthi rasio aspek 16:9. Cocog kanggo foto sing pengin dideleng ing tampilan layar amba.

#### **8MP**

##### **3264×2448(4:3)**

Resolusi 8 megapiksel kanthi rasio aspek 4:3. Cocog kanggo potret sing arep dideleng ing tampilan non-layar amba utawa dicithak kanthi resolusi dhuwur.

#### **3MP**

##### **2048×1536(4:3)**

Resolusi 3 megapiksel kanthi rasio aspek 4:3. Cocog kanggo potret sing arep dideleng ing tampilan non-layar amba utawa dicithak kanthi resolusi dhuwur.

#### **2MP**

##### **1920×1088(16:9)**

Resolusi 2 megapiksel kanthi rasio aspek 16:9. Cocog kanggo foto sing pengin dideleng ing tampilan layar amba.

#### **VGA**

##### **640×480(4:3)**

Format VGA kanthi aspek rasio 4:3.

-  Setelan iki mung kasedhiya ing mode potret **Manual**.

## Timer foto

Nganggo timer foto, sampeyan bisa motret tanpa nyekeli piranti. Gunakake fungsi iki kanggo motret awake dhewe utawa motret gugus supaya kabeh bisa dipotret. Sampeyan uga bisa nggunakake timer foto supaya kamera ora goyang nalika motret.

#### **10 det.**

Setel wektu tundha 10 detik wiwit menet tombol rana nganti potret dijupuk.

#### **2 det.**

Setel wektu tundha 2 detik wiwit menet tombol rana nganti potret dijupuk.

#### **0,5 det.**

Setel wektu tundha setengah detik wiwit menet tombol rana nganti potret dijupuk.

#### **Mati**

Foto dijupuk nalika menet tombol rana.

## Palacakan objek

Nalika sampeyan milih objek kanthi nutul ing jendhela bidik, kamera bakal nglacak.

## HDR

Gunakake setelan HDR (High Dynamic Range) kanggo njupuk potret ing cahya mburi sing kepadhangen ing kahanan sing kontrase banget. HDR menehi kompensasi kanggo rincian sing ilang lan nggawe gambar sing apik ing panggonan sing peteng utawa padhang.

- ! Setelan iki mung kasedhiya ing setelan kasalarasan warna putih/ukuran pepadhang/HDR saka mode jepretan **Manual**.

## ISO

Sensitivitas ISO bisa disetel supaya ngatur kanthi otomatis, utawa bisa ngatur kanthi manual menyang setelan sensitivitas sing kisarane saka 100 nganti 3200.

- ! Setelan iki mung kasedhiya ing mode potret **Manual**.

## Ngukur

Fungsi iki kanthi nemtokake cahya sing imbang kanthi ngukur jumlah cahya kanggo subyek sing pengin dijupuk.

### **Pusat**

Nemtokake cahya adhedhasar padhange ing tengah subyek.

### **Spot**

Ngatur cahya ing bageyan cilik subyek sing pengin dijupuk.

### **Rata-rata**

Ngetung cahya adhedhasar akehing cahya sing nyinari kabeh subyek.

- ! Setelan iki mung kasedhiya ing mode potret **Manual**.

## Pratilik foto otomatis

Sampeyan bisa milih kanggo pratilik foto sawise dipotret.

### **Aktif**

Sawise motret, pratilike muncul ing pojok tengen isor layar sasuwé 3 detik.


### **Mung kamera ngarep**

Sawise motret karo kamera ngarep, pratilike muncul ing pojok tengen isor layar sasuwé 3 detik.

### **Mati**

Foto utawa video disimpen sawise dijupuk, lan ora ana pratilik sing muncul.

## Lampu kilat

Gunakake lampu kilat kanggo motret nalika kahanan cahya surem utawa yen ana cahya saka mburi. Opsi ing ngisor iki kasedhiya nalika sampeyan nutul lambang lampu kilat  ing layar kamera:

### **Otomatis**

Kamera otomatis nemtokake manawa kahanan cahya mbutuhake panggunaan lampu kilat.

### **Lampu kilat pangisi**

Gunakake setelan iki yen latar mburi luwih padhang tinimbang subyek. Setelan iki ngilangi bayangan peteng sing ora dipengini.

### **Nyuda mripat abang**

Nyuda warna abang ing mata nalika motret.

### **Mati**

Lampu kilat dipateni. Kala-kala, kualitas foto malah luwih apik tanpa lampu kilat, sanajan ing kahanan cahya surem. Njupuk foto sing apik tanpa nggunakake lampu kilat mbutuhake tangan sing anteng. Gunakake fitur atur wektu kanggo nyegah foto burem.

### **Lampu**

Lampu kilat murup terus-terusan nalika motret.

## Pamilihan gambar

Gunakake fitur Pamilihan gambar supaya bisa cepet nyetel kamera kanggo kahanan umum nggunakake gambar sing wis diprogram dhisik. Kamera wis nemtokake maneka setelan sing bisa dipasake kanggo gambar sing wis dipilih, supaya foto bisa paling apik.

### **Mati**

Fitur Pamilihan gambar mati lan sampeyan bisa motret kanthi manual.



### **Kulit mulus**

Motret nganggo efek ayu canggih.



### **Potret alus**

Gunakake kanggo motret sing latar mburine lembut.



### **Anti bureng obah**

Gunakake kanggo minimalake kamera obah nalika motret ing gambar sing rada surem.



### **Bawana**

Gunakake kanggo foto sesawangan. Kamera fokus ing obyek sing adoh.



### **HDR koreksi cahya latar**

Gunakake kanggo ngapiki jepretan sing kontras banget. Koreksi cahya latar sing wis diprogram nganalisa gambar lan otomatis ngatur gambar supaya cahyane sampurna.



### **Potret bengi**

Gunakake kanggo foto ngadeg sing dijupuk ing wayah bengi utawa ing kahanan sing surem. Amarga suwene wektu cahya, kamera kudu dicekeli kanthi anteng utawa diselehake ing papan sing rata.



### **Gambar bengi**

Gunakake nalika motret ing wayah bengi utawa ing kahanan sing surem. Amarga suwene wektu cahya, kamera kudu dicekeli kanthi anteng utawa diselehake ing papan sing rata.



### **Wengi sanggan**

Gunakake kanggo motret cekel-tangan cahya-surem kanthi panyuda noise lan burem.



### **Sensitivitas dhuwur**

Gunakake kanggo motret tanpa lampu kilat ing kahanan cahya surem. Ngurangi burem.



### **Panganan**

Gunakake kanggo motret tatanan panganan sing wernane terang.



### **Kewan ingon**

Gunakake kanggo motret ingon-ingon. Ngurangi burem lan mripat abang.



### **Pantai**

Gunakake kanggo motret foto ing pinggir segara utawa tlaga.



### **Salju**

Gunakake ing kahanan padhang supaya foto ora kepadhangen.



### **Pesta**

Gunakake kanggo motret ing njero kamar ing kahanan kurang cahya. Sesawangan iki njupuk cahya latar mburi njero kamar utawa cahya lilin. Amarga suwene wektu cahya, kamera kudu dicekeli kanthi anteng utawa diselehake ing papan sing rata.



### **Olahraga**

Gunakake kanggo motret obyek sing obahe cepet. Wektu cahya sing cepet minimalake burem amarga obah.



### **Dokumen**

Gunakake kanggo foto teks utawa gambar. Nambahi kontras foto sing luwih jelas.





### **Kembang api**

Gunakake kanggo motret werna-wernining cahya kembang api.

! Setelan iki mung kasedhiya ing mode motret **Manual**.

## Setelan kamera video

### Nyetel setelan kamera video

- 1 Aktifake kamera.
- 2 Usap menyang .
- 3 Kanggo nuduhake setelan, tutul .
- 4 Pilih setelan sing arep disetel, banjur genti saksenenge.

## Ringkesan setelan kamera video

### Resolusi video

Setel resolusi video kanggo format sing beda.

#### **Full HD (30 fps)**

**1920×1080(16:9)**

Format full HD (Full High Definition) nganggo 30 fps lan rasio aspek 16:9.

#### **Full HD (60 fps)**

**1920×1080(16:9)**

Format full HD (Full High Definition) nganggo 60 fps lan rasio aspek 16:9.

#### **HD**

**1280×720(16:9)**

Format HD (High Definition) kanthi rasio aspek 16:9.

#### **VGA**

**640×480(4:3)**

Format VGA kanthi aspek rasio 4:3.

#### **MMS**

Rekam video sing cocog kanggo dikirim ing pesen multimedia. Wektu ngrekam kanggo format video iki diwatesi supaya file video bisa pas karo pesen multimedia.

## Palacakan objek

Nalika sampeyan milih objek kanthi nutul ing jendhela bidik, kamera bakal nglacak.

## Smile Shutter™(video)

Gunakake fungsi Smile Shutter™ kanggo nemtokake eseman apa sing dideteksi kamera sadurunge ngrekam video.

## Video HDR

Gunakake setelan HDR (High-Dynamic Range) kanggo ngrekam video ing cahya mburi sing kepadhangen ing kahanan sing kontrase banget. Video HDR menehi kompensasi kanggo rincian sing ilang lan nggawe gambar sing apik ing panggonan sing peteng utawa padhang.

## SteadyShot™

Nalika ngrekam video, bisa angel nyekeli piranti kanthi anteng. Stabiliser mbiyantu sampeyan kanthi ngimbangi obahe tangan.

#### **Aktif**

Aktifake kanggo ngatasi obahing kamera.

#### **Mati**

Stabiliser dipateni.

## Pratilik foto otomatis

Sampeyan bisa milih ndeleng pratilik video sanalika bubar direkam.

#### **Aktif**

Pratilik video muncul sanalika direkam.


### Mung kamera ngarep

Video langsung mbukak kanggo pangowahan sanalika direkam.

### Mati

Video disimpen sanalika direkam, lan pratilik ora muncul.

## Lampu Kilat

Gunakake lampu kilat kanggo ngrekam video nalika kondisi cahya surem utawa ana cahya saka mburi. Lambang lampu kilat video  mung kasedhiya ing layar kamera video. Elinga yen kadang, kualitas video bisa luwih apik tanpa lampu, sanajan kondisi cahya surem.



**Aktif**



**Mati**

## Pamilihan gambar

Fitur pemilihan gambar mbantu sampeyan supaya bisa cepet nyetel kamera kanggo kahanan umum nggunakake gambar video sing wis diprogram dhisik. Saben-saben setelan sesawangan dirancang kanggo ngasilake video paling apik ing lingkungan rekaman khusus.

### **SCN** Mati

Fitur pemilihan gambar mati lan sampeyan bisa ngrekam video kanthi manual.



### **Potret alus**

Gunakake kanggo ngrekam video sing latar mburine alus.



### **Bawana**

Gunakake kanggo video mujur nengen. Kamera fokus ing obyek sing adoh.



### **Gambar bengi**

Yen diuripake, sensitivitas cahya bakal tambah. Gunakake ing lingkungan sing kurang cahya. Video kanthi obyek sing obah cepet bisa uga burem. Jaga supaya tangan anteng, utawa gunakake panyangga. Pateni mode peteng yen kondisi cahya apik, kanggo nambah kualitas video.



### **Pantai**

Gunakake kanggo video ing gambar pinggir segara utawa tlaga.



### **Salju**

Gunakake ing lingkungan sing padhang supaya video ora kepadhangen.



### **Olahraga**

Gunakake kanggo video sing obyeke obah cepet. Wektu cahya sing cepet minimalake burem amarga obah.



### **Pesta**

Gunakake kanggo video ing njero ruangan ing lingkungan sing surem. Pemandangan iki njupuk cahya latar mburi njero ruangan utawa cahya lilin. Video kanthi obyek sing obah cepet bisa uga burem. Jaga supaya tangan anteng, utawa gunakake panyangga.

# Foto lan video ing Album




## Ndeleng foto lan video

Gunakake aplikasi Album kanggo ndeleng foto lan muter video sing dijupuk nganggo kamera, utawa ndeleng isi sing padha sing disimpen ing piranti. Potret lan video ditampilake ing kothak kanthi urutan kronologis.



- 1 Tutul lambang kanggo mbukak menu kaca ngarep Album
- 2 Deleng slideshow kabeh gambar, utawa gambar sing ditambahake menyang favorit
- 3 Seret pinggir kiwa layar menyang tengen kanggo mbukak menu layar Album
- 4 Kisaran tanggal item ing grup iki
- 5 Tutul potret utawa video kanggo mbukak ing layar wutuh
- 6 Gulung munggah utawa mudhun kanggo ndeleng konten

## Ndeleng foto lan video

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Album lagu**.
  - 3 Tutul foto utawa video sing arep dideleng. Yen dijuluk, tutul .
  - 4 Gulung cepet ngiwa kanggo ndeleng foto utawa video sabanjure. Gulung cepet nengen kanggo ndeleng foto utawa video sadurunge.
-  Kanggo ngatur layar supaya otomatis muter nalika diwalik, tutul **Puter otomatis layar** ing **Setelan > Tampilan > Puteran layar**.


## Nggenti ukuran gambar cilik

- Nalika ndeleng gambar cilik potret lan video ing Album, biyak driji loro kanggo nggedhekake, utawa jiwitake driji loro kanggo nyilikake.


## Zoom foto

- Nalika ndeleng potret, biyak driji loro kanggo nggedhekake, utawa jiwitake driji kanggo nyilikake.


## Nonton slide show potret

- 1 Nalika ndeleng potret, tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul  > **Panuduhan urut** kanggo wiwit muter kabeh potret ing album.
- 2 Tutul potret kanggo mungkasi slide show.

## Muter video

- 1 Ing Album, golek banjur tutul video sing arep diputer.
- 2 Tutul .
- 3 Yen kontrol pamuteran ora ditampilake, tutul layar kanggo nampilake. Kanggo ndelikake kontrol, tutul layar maneh.

### Ngaso video

- 1 Nalika video diputer, tunyuk layar kanggo nuduhake kontrol.
- 2 Tunyuk .

### Maju lan mundur cepet video

- 1 Nalika video lagi diputer, tutul layar kanggo nampilake kontrol.
- 2 Seret panandha garis progres ngiwa kanggo mundur cepet, utawa nengen kanggo maju cepet.

### Ngatur volume video


- Pencet tombol volume.

## Ngandum lan ngatur foto lan video


Sampeyan bisa ngandum foto lan video sing disimpen ing piranti. Sampeyan uga bisa ngatur kanthi akeh cara. Misale, sampeyan bisa ngowahi foto kanthi rombongan, mbusak foto, lan nyambungake foto menyang kontak. Yen nduweni foto sing disimpen ing piranti, apike transfer foto kanthi rutin menyang komputer utawa menyang piranti simpenan eksternal supaya ora ana data sing ilang. Yen kuwi ditindakake, sampeyan bakal nduweni luwih akeh panggonan ing piranti. Deleng *Ngatur file nggunakake komputer* ing kaca 40.

- ! Sampeyan bisa uga ora bisa nyalin, ngirim utawa ngirim item sing dilindhungi hak cipta. Uga, sawetara item ora bisa dikirim yen ukuran file kegedhen.


### Mbagi foto utawa video

- 1 Ing Album, golek lan tutul foto utawa video sing pengin dibagi.
- 2 Tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul .
- 3 Tutul aplikasi sing arep digunakake kanggo enggo bareng potret, banjur tindakake langkah kanggo ngirim.

### Nggunakake foto minangka gambar kontak

- 1 Nalika lagi ndeleng foto, tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul  > **Gunakake dadi** > **Gambar kontak**.
- 2 Pilih kontak, banjur owahi foto kaya sing dipengini.
- 3 Tutul **Simpen**.

### Nggunakake foto minangka wallpaper

- 1 Nalika lagi ndeleng foto, tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul  > **Gunakake dadi** > **Wallpaper**.
- 2 Tututi instruksi ing layar.


### Kanggo muter foto

- 1 Nalika ndeleng potret, tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul .
- 2 Tutul **Puter**, banjur pilih pilihan. Foto disimpen ing orientasi anyar.

### Mbusak foto utawa video

- 1 Nalika ndeleng potret, tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul .
- 2 Tutul **Busak**.

### Nggarap sakumpulan potret utawa video ing Album

- 1 Nalika ndeleng gambar cilik foto lan video ing Album, tutul terus item nganti disorot.
- 2 Tutul item liyane sing arep digarap kanggo milih. Yen pengin milih kabeh item, tutul , banjur tutul **Pilih kabeh**.
- 3 Gunakake alat ing garis alat kanggo ngowahi item sing dipilih.

## Nganalisis foto nganggo praupan ing Album

Sampeyan bisa nganalisis foto ing piranti miturut praupane wong. Yen wis diaktifake, fitur analisis foto tansah murup, lan foto anyar bakal langsung dianalisis nalika ditambahake. Sawise analisis, sampeyan bisa nglumpukake kabeh foto wong sing padha ing siji folder.

### Nguripake fitur analisis foto

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Album lagu**.
- 3 Tutul , banjur tutul **Pasuryan**. Kabeh foto ing piranti dianalisis lan diklumpukake ing folder Praupan sing durung dijenengi.

### Njenengi telpon

- 1 Ing kothak **Pasuryan**, tutul folder **Praupan ora dijenengi**, banjur telusuri menyang folder **Praupan liyane** lan pilih pasuryan sing pengin dijenengi.
- 2 Tutul **Tambah jeneng**.
- 3 Ketik jeneng, banjur tutul **Rampung > Tambah minangka wong anyar**.

### Ngowahi jeneng pasuryan

- 1 Nalika lagi ndeleng pasuryan ing tampilan layar wutuh, tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul  > **Owahi tenger jeneng**.
- 2 Tutul **OK**.
- 3 Tutul jeneng pasuryan sing pengin diowahi.
- 4 Owahi jeneng, banjur tutul **Rampung > Tambah minangka wong anyar**.




## Ngedit foto nganggo aplikasi Photo editor

Sampeyan bisa ngedit lan nrapake efek menyang foto asli sing dijupuk nganggo kamera. Misale, sampeyan bisa ngowahi efek cahya. Sawise nyimpen foto sing wis diowahi, versi foto asli sing ora diowahi bakal kesimpen ing piranti.





### Ngowahi foto

- Nalika ndeleng potret, tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul .



### Motong foto

- 1 Nalika ndeleng potret, tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul .
- 2 Yen dijaluk, pilih **Editor foto**.
- 3 Tutul  > **Tugel**.
- 4 Tutul **Tugel** kanggo milih opsi.
- 5 Kanggo nyetel pigura potong, tutul terus pinggirane pigura potong kasebut. Yen bunderan ing pojok ilang, seret mlebu utawa metu kanggo ngowahi ukuran pigura.
- 6 Kanggo ngowahi ukuran kabeh pinggirane pigura potong bebarengan, tutul terus salah siji saka patang sudhut. Yen bunderan ing pojok ilang, seret uga sudhut.
- 7 Kanggo mindhah pigura menyang bidang liya ing foto, tutul terus ing tengah pigura, banjur seret menyang posisi sing dipengini.
- 8 Tutul .
- 9 Kanggo nyimpen salinan foto nalika dipotong, tunyuk **Simpen**.



### Nrapake efek khusus menyang foto

- 1 Nalika ndeleng foto, tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul .
- 2 Yen dijaluk, pilih **Editor foto**.
- 3 Tutul , , utawa , banjur pilih salah siji.
- 4 Owahi foto kaya sing dipengini, banjur tutul **Simpen**.



### Nambah efek bingkai foto menyang foto

- 1 Nalika ndeleng foto, tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul .
- 2 Yen dijaluk, pilih **Editor foto**.
- 3 Tutul , banjur pilih opsi.
- 4 Kanggo nyimpen salinan foto sing wis diowahi, tutul **Simpen**.

### Ngatur setelan pepadhang kanggo foto

- 1 Nalika ndeleng foto, tutul layar kanggo nudhuhake toolbar, banjur tutul .
- 2 Yen dijaluk, pilih **Editor foto**.
- 3 Tutul , banjur pilih opsi lan owahi kaya sing dikarepake.
- 4 Kanggo nyimpen salinan foto sing wis diowahi, tutul **Simpen**.


### Nyetel tingkat saturasi warna ing foto

- 1 Nalika ndeleng foto, tutul layar kanggo nudhuhake toolbar, banjur tutul .
- 2 Yen dijaluk, pilih **Editor foto**.
- 3 Tutul , banjur pilih opsi.
- 4 Kanggo nyimpen salinan foto sing wis diowahi, tutul **Simpen**.


## Ngowahi video nganggo aplikasi Movie Creator

Sampeyan bisa ngowahi video sing direkam nganggo kamera. Misale, sampeyan bisa motong durasi video utawa ngatur kacepetan video. Sawise nyimpen video sing wis diowahi, versi foto asli sing ora diowahi bakal kesimpen ing piranti.


### Ngethok video

- 1 Ing Album, golek banjur tutul video sing arep diowahi.
- 2 Tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul  > **Kethok**.
- 3 Kanggo mindhahake bingkai sing dikethok menyang bagean liya ing garis wektu, tutul terus pinggire bingkai sing dipotong menyang posisi sing dipengini, banjur tutul **Trapake**.
- 4 Kanggo nyimpen salinan video sing wis dikethok, tutul **Simpen**.

### Ngatur kacepetan video

- 1 Ing Album, golek banjur tutul video sing arep diputer.
- 2 Tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul  > **Cepet**.
- 3 Pilih opsi, banjur tutul terus pinggir garis wektu lan seret menyang posisi sing dipengini, banjur tutul **Trapake**.
- 4 Kanggo nyimpen salinan video sing wis diowahi, tutul **Simpen**.


### Njepret foto saka video

- 1 Ing Album, golek banjur tutul video sing arep diputer.
- 2 Tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul .
- 3 Yen dijaluk, pilih **Panyunting Video**, banjur tutul **Bidhikan Foto**.
- 4 Karo pitulungan panah, utawa kanthi nyeret panandha ing garis perkembangan, pilih bingkai sing pengin dijepret, banjur tutul **Simpen**.

## Ndhelikake foto lan video

Sampeyan bisa ndhelikake foto lan video saka layar ngarep Album. Yen wis dihelikake saka layar ngarep Album, foto lan video kasebut mung bisa dideleng saka folder Didelikake.

### Ndhelikake foto utawa video

- 1 Ing Album, golek lan tutul foto utawa video sing arep didhelikake.
- 2 Tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul .
- 3 Tutul **Dhelikake** > **OK**.

### Nuduhake foto lan video sing didhelikake


- 1 Ing Album, tutul , banjur tutul **Ndelik**.
- 2 Tutul potret utawa video kanggo dideleng.
- 3 Gulung cepet ngiwa kanggo ndeleng potret utawa video sabanjure. Gulung cepet nengen kanggo ndeleng foto utawa video sadurunge.

## Nampilake foto utawa video sing didhelikake

- 1 Ing Album, tutul ≡, banjur tutul **Ndelik**.
- 2 Tutul foto utawa video sing arep ditampilake.
- 3 Tutul layar kanggo nampilake toolbar, banjur tutul ☰.
- 4 Tutul **Aja didelikake**.

## Menu layar ngarep album

Saka menu layar ngarep Album, sampeyan bisa njalajahi kabeh foto album, kalebu foto lan video sing dijupuk nganggo efek khusus, uga isi sing wis diandum online liwat layanan kayata Picasa™ lan Facebook. Sawise mlebu ing platform kuwi, sampeyan bisa ngatur isi lan ndeleng gambar online. Saka aplikasi Album, sampeyan bisa nambahake tandha panggonan menyang foto, nindakake tugas pangowahan dhasar, lan nggunakake metode kayata teknologi nirkabel Bluetooth® lan email kanggo ngandum isi.



- 1 Bali menyang layar ngarep aplikasi Album kanggo ndeleng kabeh isi
- 2 Ndeleng foto lan video favorit
- 3 Ndeleng kabeh video sing disimpen ing piranti
- 4 Ndeleng foto ing peta utawa ing tampilan Globe
- 5 Ndeleng kabeh foto lan video sing dijupuk nganggo kamera piranti nggunakake efek khusus
- 6 Ndeleng kabeh foto lan video sing disimpen ing piranti ing maneka folder
- 7 Ndeleng kabeh foto sing ana praupane
- 8 Ndeleng foto lan video ing piranti liya ing jaringan sing padha
- 9 Mbukak menu setelan kanggo aplikasi Album
- 10 Bukak dhukungan web
- 11 Nggulung munggah utawa mudhun kanggo ndeleng isi

## Ndeleng foto saka layanan online ing Album

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul ☰.
- 2 Golek lan tutul **Album lagu**, banjur tutul ≡.
- 3 Tutul layanan online sing dipengini, banjur tututi patunjuk ing layar kanggo miwiti. Kabeh album sing kasedhiya online lan diunggah menyang layanan iku bakal ditampilake.
- 4 Tutul album kanggo ndeleng isine, banjur tutul foto ing album kasebut.
- 5 Gulung cepet ngiwa kanggo ndeleng potret utawa video sabanjure. Gulung cepet nengen kanggo ndeleng foto utawa video sadurunge.

## Ndeleng foto ing peta

Nambahake informasi lokasi ing foto uga diarani menehi geotag. Sampeyan bisa ndeleng lan menehi tag foto ing peta, banjur nuduhake lokasi sampeyan menyang kanca lan

kulawarga babagan lokasi sampeyan njupuk foto kasebut. Deleng *Nambahake posisi geografis menyang foto* ing kaca 104 kanggo informasi luwih lengkap.

- Yen sampeyan wis nguripake deteksi lokasi lan ngaktifake getotag ing kamera, sampeyan bisa menehi tag kanthi langsung menyang foto supaya mengko bisa dideleng ing peta.



- 1 Ndeleng foto sing diwenehi tandha panggonan ing layar Globe
- 2 Golek lokasi ing peta
- 3 Ndeleng opsi menu
- 4 Tutul ping pindho kanggo nggedhekake, utawa Jiwit kanggo nyilikake. Seret kanggo ndeleng samubarang bagean ing peta
- 5 Sakgrup foto lan/utawa video sing diwenehi tandha panggonan karo lokasi sing padha
- 6 Gambar cilik grup potret lan/utawa video sing dipilih. Tutul salah siji item kanggo dideleng ing layar wutuh

- Yen sawetara potret dijupuk ing panggonan sing padha, mung siji sing bakal katon ing peta. Jumlah total potret katon ing pojok sisih ndhuwur, contone, 📷. Kanggo ndeleng kabeh foto ing grup iki, tutul tutup potret banjur tutul salah sijine gambar cilik ing sisih ngisor layar.

### Nambah utawa ngowahi tandha panggonan foto

- 1 Nalika ndeleng foto, tutul layar kanggo nampilake toolbar.
- 2 Tutul 📍, banjur tutul **Tambah weneh tandha pan.** utawa **Owahi weneh tandha pangg.** kanggo mbukak layar peta.
- 3 Tutul peta kanggo nyetel panggonan foto.
- 4 Kanggo nyetel maneh panggonan foto, tutul lokasi anyar ing peta.
- 5 Yen wis rampung, tutul **OK**.

### Ndeleng foto sing diwenehi tandha ing peta

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul 📍.
- 2 Goleki lan tutul **Album lagu**.
- 3 Tutul ☰, banjur tutul **Papan**.
- 4 Tutul foto sing arep dideleng ing peta.


### Ndeleng foto sing diwenehi tandha panggonan ing globe

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul 📍.
- 2 Goleki lan tutul **Album lagu**.
- 3 Tutul ☰, banjur tutul **Papan** > 🌐.
- 4 Tutul foto sing arep dideleng ing globe.

### Nggenti geotag foto

- 1 Nalika ndeleng foto ing peta ing Album, demek terus foto nganti pigura dadi biru, banjur tutul lokasi sing dipengini ing peta.
- 2 Tutul **OK**.

### Nggenti tampilan peta


- Nalika ndeleng peta ing Album, tutul , banjur genti antarane **Deleng klasik** lan **Deleng satelit**.

# Video

## Nonton video ing aplikasi Video

Gunakake aplikasi Video kanggo muter film lan konten video liyane sing wis disimpen utawa diunduh ing piranti. Aplikasi Video uga ngewangi sampeyan ngolehi poster film, ringkesan plot, info genre lan rincian sutradara kanggo saben film. Sampeyan uga bisa muter film ing piranti liyane sing disambung karo jaringan sing padha.





- ! Sawetara file video bisa uga ora bisa diputer ing aplikasi Video.




- 1 Tutul lambang kanggo mbukak menu layar ngarep Video
- 2 Tampilake video sing bubar diputer
- 3 Seret pinggir kiwa layar menyang tengen kanggo njajah kabeh video sing diunduh lan disimpen
- 4 Ndeleng kabeh video sing disimpen ing piranti
- 5 Deleng video online
- 6 Tutul utawa puter file video sing wis disimpen utawa diunduh
- 7 Deleng pilihan menu video
- 8 Nggulung munggah utawa mudhun kanggo ndeleng isi

- ! Sony Entertainment Network karo PlayStation™ Video ora kasedhiya ing kabeh pasar. Sarat lan katentuan tambahan ditrapake.



### Muter video

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur goleki lan tutul **Video**.
- 2 Golek banjur tutul video sing arep diputer. Yen video ora ditampilake ing layar, tutul  kanggo mbukak menu layar ngarep, banjur goleki lan tutul video sing pengin diputer.
- 3 Kanggo nampilake utawa ndhelikake kontrol, tutul layar.
- 4 Kanggo ngaso, tutul . Kanggo nerusake muter, tutul .
- 5 Kanggo nggulung mundhur cepet, seret panandha garis progres ngiwa. Kanggo nggulung maju cepet, seret panandha garis progres nengen.


### Muter video ing piranti eksternal

- 1 Nalika video diputer, tunyuk layar kanggo nuduhake kabeh kontrol.
- 2 Tutul  > **Throw**.
- 3 Pilih piranti eksternal kanggo muter video. Yen ora ana piranti eksternal sing kasadhiya, tututi instruksi ing layar kanggo nambahake piranti.


### Kanggo ngowahi setelan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul  , banjur goleki lan tutul **Video**.
- 2 Tutul  kanggo mbukak menu layar ngarep, banjur tutul **Setelan**.
- 3 Owahi setelan kaya sing dikepengini.

### Nggenti setelan swara nalika video lagi muter

- 1 Nalika video diputer, tutul layar kanggo nuduhake kontrol.
- 2 Tutul  > **Setelan swara**, banjur genti setelan kaya sing dikarepake.
- 3 Yen wis rampung, tutul **OK**.

### Kanggo nuduhake video

- 1 Nalika video lagi muter, tutul  , banjur tutul **Enggo bareng**.
- 2 Tutul aplikasi sing arep digunakake kanggo enggo bareng video sing kapilih, banjur tindakake langkah sing cocog kanggo ngirim.


## Mindhah konten video menyang piranti

Sadurunge wiwit nggunakake aplikasi Video, becike sampeyan mindhah film, acara TV, lan konten video liyane menyang piranti sampeyan saka piranti liyane, kayata komputer. Ana sawetara cara kanggo mindhah konten:



- Mung kanggo Windows<sup>®</sup>: Sambungake piranti menyang komputer nganggo kabel USB banjur seret lan selehake file video langsung nganggo aplikasi manajer file ing komputer. Deleng *Ngatur file nggunakake komputer* ing kaca 40.
- Yen nduweni PC utawa komputer Apple<sup>®</sup> Mac<sup>®</sup>, gunakake Xperia<sup>™</sup> Companion kanggo ngatur konten lan mindhah file video menyang piranti.

## Ngatur konten video

### Njupuk katrangan film kanthi manual

- 1 Pesthekake piranti duwe sambungan data sing aktif.
- 2 Nalika video lagi diputer, tutul layar kanggo nampilake kontrol.
- 3 Tutul  > **Informasi**.

### Mbusak video

- 1 Saka layar Ngarep, tutul  , banjur goleki lan tutul **Video**.
- 2 Tutul  kanggo mbukak menu layar ngarep Video, banjur tlusuri file video sing pengin dibusak.
- 3 Demek terus gambar cilik video, banjur tutul **Busak** saka dhaptar sing katon.
- 4 Tutul **Busak** maneh kanggo ngonfirmasi.



## Movie Creator

Xperia<sup>™</sup> Movie Creator otomatis nggawe video cendhak nganggo foto lan video sing ana. Aplikasi iki kanthi otomatis nemtokake warangka wektu kanggo nggawe film. Misale, aplikasi iki bisa milih foto lan video saka rekreasi Sabtu sore utawa saka jangka wektu saben minggu, sasi, uga tahun lan nggawe film kanggo sampeyan. Yen film gaya sorotan iki wis siyap, sampeyan bakal dikabari. Sampeyan banjur bisa ngowahi film kasebut kaya sing dikarepake. Misale, sampeyan bisa ngowahi judhul, mbusak adegan, nggenti lagu, utawa nambah foto lan video maneh. Sampeyan bisa nggawe Sorotan Film dening milih foto lan video kanthi manual.

### Mbukak Movie Creator

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Goleki lan tutul **Movie Creator**.

### Ngaktifake utawa mateni kabar Movie Creator

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Movie Creator**.
- 3 Tutul ; banjur tutul **Setelan**, lan tutul panggeser **Kabar** kanggo ngaktifake utawa mateni kabar kasebut.

### Ngaktifake utawa mateni panggawe otomatis saka Sorotan Film

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Movie Creator**.
- 3 Tutul ; banjur tutul **Setelan**, lan tutul panggeser **Nggawe otomatis** kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi kasebut.

### Nggawe Sorotan Film kanthi manual

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Goleki lan tutul **Movie Creator**.
- 3 Tutul  > **Gawe anyar** > **Pilih foto lan/utawa video**.
- 4 Demek terus item kanggo milih, banjur tutul item liyane sing pengin ditambahake kanggo dipilih.
- 5 Tutul **Gawe**. Yen pengin ngowahi Sorotan Film, tutul **Tudhuhake crita**, banjur gunakake alat-alat ing toolbar kanggo ngowahi kaya sing dipengini.



## Layanan PlayStation™ Video

Gunakake layanan PlayStation™ Video kanggo tuku lan nyewa video utawa acara TV sing bisa dideleng ora mung ing piranti Android™, nanging uga ing PC, PlayStation® Portable (PSP®), PlayStation® 3, PlayStation® 4 utawa PlayStation® Vita. Pilih pilihan sampeyan saka rilis Hollywood paling anyar, film laga, komedi, klasik, lan macem-macem kategori liyane.

Sampeyan kudu nggawe akun Sony Entertainment Network yen pengin tuku utawa nyewa film liwat layanan PlayStation™ Video. Yen wis duwe akun jaringan PlayStation®, sampeyan bisa nggunakake akun kasebut.

- ! Yen nggunakake piranti mawa pangguna akeh, sampeyan kudu mlebu minangka pamilik, yaiku pangguna primer, kanggo nggunakake layanan PlayStation™ Video.
- ! Sony Entertainment Network karo PlayStation™ Video ora kasedhiya ing kabeh pasar. Sarat lan katentuan tambahan ditrapake.

### Miwiti PlayStation™ Video

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Goleki banjur tutul , banjur tututi patunjuk ing layar kanggo miwiti PlayStation™ Video.


# Konektivitas

## Ngilonake layar piranti kanthi nirkabel ing TV

Sampeyan bisa nggunakake fitur Pangilonan layar kanggo nuduhake layar piranti ing TV utawa layar sing amba tanpa nganggo sambungan kabel. Teknologi Wi-Fi Direct™ nggawe sambungan nirkabel antarane rong piranti, supaya sampeyan bisa nglaras nyengsemi foto-foto kasenangan sinambi sante. Sampeyan uga bisa nggunakake fitur iki kanggo ngrungokake lagu saka piranti liwat spiker TV.

- ! Nalika nggunakake pangilonan layar, kualitas gambar kala-kala bisa kena pengaruh negatif yen ana gangguan saka jaringan Wi-Fi liyane.

### Ngilonake layar piranti menyang layar TV

- 1 **TV:** Tututi patunjuk ing Pandhuan pangguna TV kanggo nguripake fungsi Pangilonan layar.
- 2 **Piranti sampeyan:** Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan > Sambungan piranti > Pangilonan layar**.
- 4 Tutul **Wiwiti**.
- 5 Tutul **OK** banjur pilih salah siji piranti.

- ! TV kudu ndhukung Pangilonan layar adedhasar Wi-Fi CERTIFIED Miracast™ supaya fungsi bisa mlaku. Yen TV ora ndhukung Pangilonan layar, sampeyan prelu tuku adaptor layar nirkabel dhewe. Saliyane kuwi, nalika nganggo Pangilonan layar, aja nutupi area antena Wi-Fi ing piranti.

### Ngendheg pangilonan layar antarane piranti

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Sambungan piranti > Pangilonan layar**.
- 3 Tutul **Pedhot**, banjur tutul **OK**.

## Enggo bareng isi karo piranti DLNA Certified™




Sampeyan bisa ndeleng isi media puter sing disimpen ing piranti utawa ing piranti liyane kayata TV utawa komputer. Piranti iki kudu ing jaringan nirkabel sing padha lan bisa awujud TV utawa speaker Sony, utawa produk sing kudu entuk DLNA Certified™ saka Digital Living Network Alliance. Sampeyan uga bisa ndeleng utawa muter isi saka piranti DLNA Certified™ liyane ing piranti.

Sawise ngatur media sing dienggo bareng ing antarane piranti, sampeyan bisa, contone, ngrungokake file musik sing disimpen ing komputer saka piranti, utawa ndeleng potret sing dijupuk nganggo kamera piranti ing TV layar amba.



## Muter file saka piranti DLNA Certified™ liyane ing piranti sampeyan

Nalika muter file saka piranti DLNA Certified™ liyane ing piranti sampeyan, piranti liyane iki tumindak minangka server. Ing tembung liyane, piranti enggo bareng isi liwat jaringan. Piranti server kudu mbisakake fungsi enggo bareng isi lan menehi akses idin menyang piranti sampeyan. Piranti server kudu disambung karo jaringan Wi-Fi sing padha karo piranti sampeyan.



### Nggunakake piranti kanggo muter trek lagu sing kasimpen ing piranti liya

- 1 Pesthake yen piranti sing arep digunakake kanggo ngandum file wis disambungake karo jaringan Wi-Fi sing padha karo piranti.
- 2 Saka **Layar Ngarep**, tutul , banjur goleki lan tutul .
- 3 Tutul , banjur tutul **Jaringan ngarep**.
- 4 Pilih piranti saka dhaptar piranti sing kasambung.
- 5 Jajah folder sing sambung karo piranti banjur pilih trek sing pengin diputer. Yen wis dipilih, trek wiwit muter kanthi otomatis.

### Muter video sing diandum ing piranti

- 1 Pesthake yen piranti sing arep digunakake kanggo ngandum file wis disambungake karo jaringan Wi-Fi sing padha karo piranti.
- 2 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur goleki lan tutul **Video**.
- 3 Tutul , banjur tutul **Jaringan ngarep**.
- 4 Pilih piranti saka dhaptar piranti sing kasambung.
- 5 Jljajah folder sing disambung karo piranti banjur pilih video sing arep diputer.



### Ndeleng foto sing diandum ing piranti

- 1 Pesthake yen piranti sing arep digunakake kanggo ngandum file wis disambungake karo jaringan Wi-Fi sing padha karo piranti.
- 2 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur goleki lan tutul **Album lagu**.
- 3 Tutul , banjur tutul **Jaringan ngarep**.
- 4 Pilih piranti saka dhaptar piranti sing kasambung.
- 5 Jljajah folder piranti sing kasambung banjur pilih foto sing arep dideleng.

## Muter file saka piranti DLNA Certified™ liyane ing piranti sampeyan

Sakdurunge bisa ndeleng utawa muter file media saka piranti sampeyan ing piranti DLNA Certified™, sampeyan kudu ngatur wiwitan fungsi enggo bareng file ing piranti. Piranti sing digunakake enggo bareng isi kuwi disebut piranti klien. Contone, TV, komputer utawa tablet bisa tumindak minangka piranti klien. Piranti sampeyan tumindak minangka server media yen nyedhiyakake isi kanggo piranti klien. Nalika ngatur wiwitan fungsi enggo bareng file ing piranti, sampeyan uga kudu menehi ijin akses menyang piranti klien. Yen kuwi wis ditindakake, piranti kaya mengkono kuwi katon minangka piranti kadhaptar. Piranti sing ngenteni ijin akses didhaptar minangka piranti ketundha.

### Ngatur wiwitan andum file karo piranti DLNA Certified™ liyane

- 1 Sambungake piranti menyang jaringan Wi-Fi.
  - 2 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur goleki lan tutul **Setelan > Sambungan piranti > Server media**.
  - 3 Tutul panggeser **Anggo bareng media** kanggo ngaktifake fungsi kasebut.
  - 4 Gunakake komputer utawa piranti klien DLNA™ liyane ing jaringan Wi-Fi sing padha kanggo nyambungake piranti.
  - 5 Kabar muncul ing garis status piranti. Bukak kabar banjur setel idin akses kanggo saben piranti klien sing nyoba nyambung menyang piranti.
- ! Jangkah kanggo ngakses media ing piranti nggunakake klien DLNA™ beda-beda ing antarane piranti klien. Rujuk nyang Patunjuk pangguna piranti klien kanggo informasi liyane. Yen piranti ora bisa diakses karo klien ing jaringan, priksa apa jaringan Wi-Fi lagi fungsi.
- ☀ Sampeyan uga bisa ngakses menu **Server media** saka aplikasi tartamtu kaya Musik, Album, utawa Video kanthi nutul , banjur nutul **Setelan > Server media**.

### Ngendhegi anggo bareng file karo piranti DLNA Certified™ liya

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Sambungan piranti > Server media**.
- 3 Seret tandha geser ing jejere **Anggo bareng media** ngiwa.

### Nemtokake idin akses kanggo piranti sing ketundha

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Sambungan piranti > Server media**.
- 3 Pilih piranti saka dhaptar **Piranti sing ditundha**.
- 4 Pilih tingkatan idin akses.

### Ngenti jeneng piranti sing kadhaptar

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Sambungan piranti > Server media**.
- 3 Pilih piranti saka dhaptar **Piranti kadhaptar**, banjur pilih **Ganti jeneng**.
- 4 Tik jeneng anyar kanggo piranti, banjur tutul **OK**.

### Nggenti level akses piranti sing kadhaptar

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Sambungan piranti** > **Server media**.
- 3 Pilih piranti saka dhaptar **Piranti kadhaptar**.
- 4 Tutul **Ganti tingkat akses** banjur pilih salah siji opsi.

### Njaluk tulung bab ngandum isi karo piranti DLNA Certified™ liyane


- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Sambungan piranti** > **Server media**.
- 3 Tutul ; banjur tutul **Pitulong**.

## Nyambung piranti karo aksesori USB


Sampeyan bisa gunakake adaptor Host USB kanggo nyambung piranti menyang aksesori USB kayata piranti simpen gedhe USB lan mice USB. Yen piranti USB duwe pangambung USB, adaptor Host USB ora diperlokake.

- ! Piranti iki duwe port USB tanpa tutup. Yen piranti kecemplung banyu, priksa port USB wis garing sadurunge nglebokake kabel USB.
- ! Adaptor Host USB didol kapisah. Sony ora njamin yen kabeh aksesori USB kadhukung dening piranti.

### Nyambung aksesori USB nggunakake adaptor host USB

- 1 Lampirake adaptor Host USB menyang piranti, banjur sambung adaptor menyang aksesori USB.
  - 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Sambungan piranti** > **Sambungan USB** > **Ndeteksi piranti USB**.
- ! Langkah utawa piranti lunak tambahan mbokmenawa dibutuhake kanggo ngatur wiwitan kontroler game, audio USB, aksesori USB Ethernet. Sony ora njamin yen kabeh aksesori USB kadhukung dening piranti.

### Ngakses isi ing piranti simpenan gedhe USB nganggo adaptor Host USB

- 1 Lampirake adaptor Host USB menyang piranti, banjur sambungake adaptor menyang piranti simpenan gedhe USB.
  - 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Sambungan piranti** > **Sambungan USB** > **Ndeteksi piranti USB**.
  - 4 Kanggo ngakses file lan folder ing piranti simpenan USB, gunakake aplikasi pengatur file kaya dene File Commander.
- 💡 Sampeyan uga bisa bukak aplikasi media sing gegandengan ing piranti kanggo deleng langsung isine. Contone, sampeyan bisa mbukak aplikasi Album kanggo ndeleng potret-potret sing kesimpen ing piranti panyimpenan gedhe USB.

### Medhot sambungan piranti panyimpenan gedhe USB

- 1 Kanggo mbukak Panel Kabar, seret mudhun baris status, banjur tutul **Panyimpenan USB disambungake**.
- 2 Tutul **OK**.
- 3 Jabut adaptor Host USB saka piranti sampeyan.

### Ngatur wiwitan piranti kanggo ndeteksi piranti USB


- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Sambungan piranti** > **Sambungan USB** > **Ndeteksi piranti USB**.

## NFC

Gunakake Near Field Communications (NFC) kanggo ngandum data karo piranti liya, kayata video, foto, alamat kaca web, file lagu, utawa kontak. Sampeyan uga bisa nggunakake NFC kanggo mindai tandha sing menehi informasi babagan prodhuk utawa layanan sarta tandha sing ngaktifake fungsi tartamtu ing piranti.


NFC iku teknologi nirkabel karo jangkauan maksimum sak sentimeter, dadi piranti sing ngandum data kudu dicedhakake. Sadurunge bisa nganggo NFC, sampeyan kudu nguripake fungsi NFC dhisik, lan layar piranti kudu aktif.

Area deteksi NFC ana ing mburi piranti. Cedhekake piranti sampeyan lan piranti liya utawa pamaca NFC supaya area deteksi NFC bisa gegayut.





- ! NFC bisa uga ora kasedhiya ing kabeh nagari utawa wilayah. Ngunakake aplikasi tartamtu, sawetara fungsi NFC bisa diaktifake nalika piranti dipateni. Elinga yen ora kabeh piranti ndhukung fitur iki.




### Nguripake fungsi NFC

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Liyane**.
- 3 Tutul saklar on-off ing jejere **NFC**.


### Ngandum kontak karo piranti liya nganggo NFC

- 1 Pesthekake yen kabeh piranti wis nguripake fungsi NFC, lan yen layar loro-lorone aktif.
- 2 Kanggo ndeleng kontak, bukak Layar Ngarep, tutul , banjur tutul .
- 3 Tutul kontak sing arep diandum.
- 4 Cekel piranti sampeyan lan piranti panampa unkur-ungkuran supaya area deteksi NFC saben piranti bisa kagayut. Nalika piranti nyambung, gambar cilik kontak bakal katon.
- 5 Tutul gambar cilik kanggo wiwit kirim.
- 6 Yen pangiriman wis rampung, katrangan kontak disimpen ing piranti panampa lan dituduhake ing layare.



### Nganum file lagu karo piranti liya nganggo NFC

- 1 Pesthekake yen piranti sampeyan lan piranti panampa wis nguripake fungsi NFC, lan layar loro-lorone aktif.
- 2 Kanggo mbukak aplikasi Musik, tutul , banjur golek lan tutul .
- 3 Pilih kategori lagu lan tlusuri trek sing arep diandum.
- 4 Tunyuk trek kanggo diputer. Sampeyan bisa nutul  supaya trek ngaso. Kiriman bisa lumaku manawa trek diputer utawa ngaso.
- 5 Cekel piranti sampeyan lan piranti panampa unkur-ungkuran supaya area deteksi NFC saben piranti bisa kagayut. Nalika piranti nyambung, gambar cilik trek bakal muncul.
- 6 Tutul gambar cilik kanggo wiwit kirim.
- 7 Yen pangiriman wis rampung, file lagu sing disimpen ing piranti panampa lan dituduhake ing layare.

### Ngandum foto utawa video karo piranti liya nganggo NFC

- 1 Pesthekake yen kabeh piranti wis nguripake fungsi NFC, lan yen layar loro-lorone aktif.
- 2 Kanggo ndeleng foto lan video ing piranti, bukak Layar Ngarep, tutul , banjur goleki lan tutul **Album lagu**.
- 3 Tutul foto utawa video sing arep diandum.
- 4 Cekel piranti sampeyan lan piranti panampa unkur-ungkuran supaya area deteksi NFC saben piranti bisa kagayut. Nalika piranti nyambung, gambar cilik foto lan video muncul.
- 5 Tutul gambar cilik kanggo wiwit kirim.
- 6 Yen pangiriman wis rampung, foto utawa video disimpen ing piranti panampa lan dituduhake ing layare.

### Ngandum alamat web karo piranti liya nganggo NFC

- 1 Pesthekake yen kabeh piranti wis nguripake fungsi NFC, lan yen layar loro-lorone aktif.
- 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 3 Kanggo mbukak peramban web, goleki lan tutul .
- 4 Amot kaca web sing arep diandum.
- 5 Cekel piranti sampeyan lan piranti panampa unkur-ungkuran supaya area deteksi NFC saben piranti bisa kagayut. Nalika piranti nyambung, gambar cilik kaca web bakal muncul.
- 6 Tutul gambar cilik kanggo wiwit kirim.
- 7 Yen pangiriman wis rampung, kaca web dituduhake ing layar piranti panrima.

### Maca cepet label NFC

Piranti bisa maca cepet maneka warna label NFC. Contone, piranti bisa maca cepet label sing ditempelake ing poster, papan iklan gedhe, utawa jejere produk ing toko eceran. Sampeyan bisa nampa informasi tambahan, kayata alamat web.

### Nyeken tenger NFC

- 1 Pesthekake yen fungsi NFC ing piranti sampeyan wis diuripake lan layar aktif.
- 2 Selehake piranti sampeyan ing ndhuwure tenger supaya area dheteksi NFC nyenggol tenger. Piranti nyeken tenger banjur nuduhake isi sing diklumpukake. Tutul isi tenger kanggo mbukak.

### Nyambung karo piranti sing kompatibel karo NFC

Sampeyan bisa nyambungake piranti karo piranti liyane sing kompatibel karo NFC gaweane Sony, kayata spiker utawa piranti kuping. Nalika lagi nandangi sambungan sing kaya mangkene iki, waca Pandhuan pangguna piranti sing kompatibel kanggo informasi liyane.

- ! Sampeyan perlu nguripake Wi-Fi utawa Bluetooth® ing piranti loro-lorone supaya sambungan aktif.

## Teknologi nirkabel Bluetooth®

Gunakake fungsi Bluetooth® kanggo ngirim file menyang piranti liyane sing kompatibel karo Bluetooth®, utawa kanggo nyambung menyang aksesori tanpa nyekel. Sambungan Bluetooth® luwih apik ing kisaran jangkauan 10 meter (33 kaki), tanpa ana objek pasek sing ngalangi. Ing sawetara kasus, sampeyan kudu nggathukake piranti sampeyan karo piranti Bluetooth® liya kanthi manual.

- ! Interoperabilitas lan kompatibilitas ing antarane piranti Bluetooth® iku bisa warna-warna.
- ! Yen sampeyan nggunakake piranti mawa pangguna akeh, saben pangguna bisa nggenti setelan Bluetooth®, lan panggentian iku mengaruhi kabeh pangguna.

### Nguripake fungsi Bluetooth®

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Bluetooth**.
- 3 Tutul tombol on-off ing jejere **Bluetooth** supaya fungsi Bluetooth® urip. Piranti sampeyan saiki katon ing piranti sing cedhak lan muncul dhaptar piranti Bluetooth® sing kasedhiya.

## Menehi jeneng telpon

Sampeyan bisa menehi jeneng piranti. Jeneng iki dituduhake menyang piranti liya sawise sampeyan nguripake fungsi Bluetooth® lan telpon disetel supaya bisa dideleng.

### Menehi jeneng piranti sampeyan

- 1 Pesthekake yen fungsi Bluetooth® wis diaktifake.
- 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Bluetooth**.
- 4 Tutul  > **Owahi jeneng piranti iki**.
- 5 Tik jeneng kanggo piranti.
- 6 Tutul **Ganti jeneng**.


## Masangake karo piranti Bluetooth® liyane

Yen sampeyan masangake piranti sampeyan karo piranti liyane, sampeyan bisa, kayata nyambungake piranti menyang headset Bluetooth® utawa kit mobil Bluetooth® lan nggunakake piranti kasebut kanggo nelpon lan nampa telpon.


Yen piranti piranti sampeyan wis nate dipasangake karo karo piranti Bluetooth® liya, piranti sampeyan bakal eling pasangan iki. Yen masangake telpon karo piranti Bluetooth®, sampeyan bisa uga kudu ngetik sandhi. Telpon bakal nyoba sandhi umum 0000 kanthi otomatis. Yen ora bisa, deleng pandhuan pangguna piranti Bluetooth® kanggo entuk sandhi piranti. Sampeyan ora perlu ngetik maneh sandhi yen mbesuk nyambungake menyang piranti Bluetooth® sing wis nate dipasangake.

- ! Sawetara piranti Bluetooth®, kayata akeh headset Bluetooth®, njaluk sampeyan masangake lan uga nyambungake telpon karo piranti liya.
- ! Sampeyan bisa masangake piranti karo sawetara piranti Bluetooth®, nanging sampeyan mung bisa nyambung menyang siji piranti Bluetooth® saknalika.

### Nggathukake piranti karo piranti Bluetooth® liya

- 1 Pesthekake yen piranti sing arep digathukake duwe fungsi Bluetooth® sing wis diaktifake lan katon tumrap piranti Bluetooth® liyane.
- 2 Saka Layar Ngarep piranti sampeyan, tutul .
- 3 Golek banjur tutul **Setelan > Bluetooth**.
- 4 Seret panggeser ing sandhinge **Bluetooth** kanggo nguripake fungsi Bluetooth®. Dhaptar piranti Bluetooth® sing kasedhiya bakal ditampilake.
- 5 Tutul piranti Bluetooth® sing arep digathukake.
- 6 Ketik sandhi, yen dijaluk, utawa konfirmasi sandhi sing padha ing piranti loro-lorone.

### Nyambungake piranti sampeyan karo piranti Bluetooth® liya

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Setelan > Bluetooth**.
- 3 Tutul piranti Bluetooth® sing arep sampeyan sambungi.

### Medhot gegathukan piranti Bluetooth®


- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan > Bluetooth**.
- 3 Ing judhul **Piranti dipasangake**, tutul  ing jejere jeneng piranti sing arep dipedhot gegathukane.
- 4 Tutul **Lalekake**.

### Ngirim lan nampa item nganggo teknologi Bluetooth®

Nuduhake item karo piranti liyane sing kompatibel karo Bluetooth®, kayata telpon utawa komputer. Sampeyan bisa ngirim lan nampa sawetara jinis item kanthi nggunakake fungsi Bluetooth®, kayata:

- Foto lan video
- Musik lan file audio liyane
- Kontak
- Kaca web


### Ngirim item nggunakake Bluetooth®

- 1 **Piranti panampa:** Pesthekake yen fungsi Bluetooth® wis diuripake lan piranti katon menyang piranti Bluetooth® liyane.
- 2 **Ngirim piranti:** Bukak aplikasi sing amot item sing arep dikirim, banjur gulung menyang item kasebut.
- 3 Gumantung marang aplikasi lan item sing arep dikirim, sampeyan perlu, contone, demek terus item kasebut, bukak item, lan penet . Cara liya kanggo ngirim item uga ana.
- 4 Pilih **Bluetooth**.
- 5 Uripake Bluetooth® yen dijaluk.
- 6 Tutul jeneng piranti panampa.
- 7 **Piranti panampa:** Yen dijaluk, tampanen sambungan kasebut.
- 8 **Ngirim piranti:** Yen dijaluk, konfirmasi pangiriman menyang piranti panampa.
- 9 **Piranti panampa:** Nampa item sing mlebu.

### Nampa item nganggo Bluetooth®

- 1 Pesthekake yen fungsi Bluetooth® urip lan bisa dideteksi dening piranti Bluetooth® liyane.
- 2 Piranti sing ngirim saiki wiwit ngirim data menyang piranti sampeyan.
- 3 Yen disaranake, ketik sandhi sing padha ing piranti loro mau, utawa konfirmasi sandhi sing disaranake.
- 4 Yan sampeyan nampa kabar ana file sing mlebu menyang piranti, seret baris status mudhun banjur tutul kabar kanggo nampa kiriman file.
- 5 Tutul **Tampa** kanggo wiwit ngirim file.
- 6 Kanggo ndeleng proses pangiriman, seret mudhun garis status.
- 7 Kanggo mbukak item sing ditampa, seret mudhun garis status lan tutul kabar sing cocog.

### Ndeleng file sing sampeyan tanpa liwat Bluetooth®

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Setelan > Bluetooth**.
- 3 Penet  banjur pilih **Tampilake file ditampa**.

# Aplikasi lan fitur pinter sing bisa ngiritake wektu

## Ngontrol aksesori lan setelan nganggo Smart Connect™

Gunakake aplikasi Smart Connect™ kanggo nyetel apa sing kedadeyan ing piranti nalika sampeyan nyambung utawa medhot aksesori. Contone, sampeyan bisa nemtokake supaya aplikasi radio FM tansah wiwit yen headset disambungake.

Sampeyan uga bisa nyetel Smart Connect™ kanggo maca pesen teks sing mlebu. Utawa sampeya bisa nggunakake aplikasi kanggo nemtokake mlakune tumindak utawa gugus tumindak kusus ing piranti ing wektu-wektu tartamtu sedina. Contone, nalika sampeyan nyambung headset antarane jam 7 esuk nganti 9 esuk, sampeyan bisa nemtokake yen:

- Aplikasi radio FM diwiwiti.
- Aplikasi jejaring sosial kabukak, contone, Facebook.
- Volume bel disetel kedher.

Migunakake Smart Connect™, sampeyan uga bisa ngelola aplikasi kayata Xperia™ SmartTags utawa jam saka seri SmartWatch Sony. Deleng Tuntunan pangguna aksesori tartamtu kanggo katrangan luwih lengkap.

- ! Yen nggunakake piranti mawa pangguna akeh, sampeyan kudu mlebu minangka pamilik, yaiku pangguna utama, kanggo nggunakake aplikasi Smart Connect™.



1 Tutul kanggo nuduhake aksesori sing kasehdiya

2 Nambah aksesori utawa acara






3 Ndeleng opsi menu

4 Tutul kanggo nuduhake kabeh acara

5 Tutul kanggo ngaktifake acara

6 Tutul kanggo ndeleng acara



### Nggawe prastawa Smart Connect™

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur temokake lan tutul .
  - 2 Yen sampeyan lagi sepisan mbukak Smart Connect™, tutul **OK** kanggo nutup layar pambuka.
  - 3 Ing tab **Acara**, tutul **+**.
  - 4 Yen sampeyan lagi sepisan gawe prastawa, tutul **OK** maneh kanggo nutup layar pambuka.
  - 5 Tambahake kahanan sing sampeyan karepake dadi sebab kedadeyane prastawa. Kahanan kasebut bisa arupa sesambungan karo aksesori, utawa let wektu kusus, utawa kalorone.
  - 6 Tutul  yen arep terus.
  - 7 Tambahake apa sing sampeyan karepake kedadeyan nalika nyambung aksesori, banjur gawe setelan liya kaya sing dikarepake.
  - 8 Tutul  yen arep terus.
  - 9 Temtokake jeneng prastawa, banjur tutul **Rmpng**.
-  Kanggo nambah aksesori Bluetooth®, pisanane sampeyan kudu nggathukake karo piranti sampeyan.



### Ngowahi prastawa Smart Connect™

- 1 Miwiti aplikasi Smart Connect™.
- 2 Ing tab **Acara**, tutul salah siji prastawa.
- 3 Yen prastawa dipateni, seret silder menyang tengen kanggo nguripake.
- 4 Tutul **Owahi acara**, banjur pasake setelan kaya sing dikarepake.

### Mbusak prastawa

- 1 Miwiti aplikasi Smart Connect™.
  - 2 Ing tab **Acara** demek terus prastawa sing arep dibusak, banjur tutul **Busak acara**.
  - 3 Tutul **Busak** kanggo ngonfirmasi.
-  Sampeyan uga bisa mbukak prastawa sing arep dibusak, banjur tutul  > **Busak acara** > **Busak**.

### Nyetel Smart Connect™ kanggo macana pesen teks sing mlebu

- 1 Miwiti aplikasi Smart Connect™.
  - 2 Tutul , banjur tutul **Setelan**.
  - 3 Centhang kothak ing jejere **Teks Kanggo Wicara**, banjur konfirmasi aktivasi, yen perlu.
-  Yen fitur iki diaktifake, kabeh pesen sing mlebu bakal diwacakake. Kanggo ngelindhungi privasi, sampeyan perlu mateni fitur iki yen sampeyan nggunakake piranti, saumpamane ing panggonan umum utawa panggawean.

### Ngatur aksesori

Gunakake aplikasi Smart Connect™ kanggo ngatur akeh aksesori cerdas sing bisa disambungake menyang piranti, kalebu Xperia™ SmartTags, jam seri SmartWatch utawa piranti kuping nirkabel saka Sony. Smart Connect™ ngundhuh kabeh aplikasi sing dibutuhake lan uga nemokake aplikasi pihak katelu, yen kasedhiya. Aksesori sing nyambung sadurunge dituduhake ing dhaptar supaya sampeyan bisa entuk informasi luwih lengkap babagan fitur saben aksesori.

### Masangake lan nyambungake aksesoris

- 1 Miwiti aplikasi Smart Connect™. Yen sampeyan lagi sepisan mbukak Smart Connect™, tutul **OK** kanggo nutup layar pambuka.
- 2 Tutul **Aksesori**, banjur tutul **+**.
- 3 Uripake fungsi Bluetooth® yen durung diuripake, banjur tutul jeneng aksesoris sing arep dipasangake lan disambungake.
- 4 Yen perlu, ketik sandhi, utawa konfirmasi sandhi sing padha ing piranti lan aksesori kasebut.

### Ngatur setelan kanggo aksesoris sing nyambung


- 1 Pasangake lan smabungake aksesoris karo piranti.
- 2 Miwiti aplikasi Smart Connect™.
- 3 Tutul **Aksesoris**, banjur tutul jeneng aksesoris sing nyambung.
- 4 Atur setelan sing dipengini.

### Nggunakake piranti minangka dhompét

Gunakake piranti minangka wallet kanggo mbayar barang tanpa sik njongko kanggo dompét sing nyata. Kabeh layanan pembayaran sing kapasitas dipasang bebarengan supaya bisa dideleng lan diatur. Elinga yen nggawe pembayaran, sampeyan kudu nguripake fungsi NFC sadurunge piranti nutul pembaca kertu. Kanggo informasi luwih lengkap babagan pasangan, waca *NFC* ing kaca 124.

- ! Layanan pembayaran seluler menawa durung sumadhiya ing kabeh dhaerah.

### Ngatur layanan pembayaran

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Liyane** > **Tutul & bayar**. Ditampilake dhaptar layanan pembayaran.
- 3 Atur layanan pembayaran kaya sing dipengini, contone, sampeyan bisa nggenti layanan pembayaran gawan.

# Lelungan lan peta

## Gunakake layanan panggonan

Layanan panggonan ngidini aplikasi kayata Peta lan kamera kanggo nggunakake informasi saka jaringan seluler utawa Wi-Fi, uga informasi Global Positioning System (GPS) kanggo namtokake prakira panggonan sampeyan. Yen sampeyan ora bisa dideleng saka satelit GPS kanthi jelas, piranti bisa namtokake panggonan sampeyan nganggo fungsi Wi-Fi. Yen sampeyan ora ana ing jangkauan jaringan, piranti bisa namtokake panggonan sampeyan nganggo jaringan seluler.

Supaya bisa gunakake piranti kanggo nggoleki panggonan sampeyan, sampeyan kudu ngaktifake layanan panggonan.

- ! Sampeyan uga bisa dikenani prabeya sambungan data nalika nyambung menyang Internet saka piranti.

### Ngaktifake utawa mateni layanan panggonan

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Panggonan**, banjur tutul panggeser kanggo ngaktifake utawa mateni layanan panggonan.

## Ngapiki akurasi GPS

Nalika sepisanan sampeyan nggunakake fungsi GPS ing piranti, perlu wektu sawetara menit nganti lokasi ditemokake. Kanggo mbantu panelusuran, pesthekake sampeyan bisa ndeleng langit kanthi jelas. Menenga wae lan aja nutupi antena GPS (bagean sing padhang ing gambar). Sinyal GPS bisa nembus mega lan plastik, nanging ora bisa nembus barang sing padhet kayata bangunan lan gunung-gunung. Yen lokasi ora ketemu sawise sawetara menit, pindhah menyang lokasi liyane.



## Google Maps™ lan navigasi

Nganggo Google Maps™ kanggo nglacak lokasi sing saiki, deleng kahanan lalu-lintas lan nampa arah rinci nyang tujuan sampeyan.

Aplikasi Google Maps™ mbutuhake sambungan internet nalika digunakake online. Sampeyan uga bisa dikenani prabeya sambungan data nalika nyambung menyang internet saka piranti. Kanggo informasi luwih rinci babagan cara nggunakake aplikasi iki, bukak <http://support.google.com> lan klik tautan “Peta kanggo seluler”.

- ! Aplikasi Google Maps™ bisa uga ora kasedhiya ing saben pasar, nagari, utawa wilayah.

## Nganggo Google Maps™


- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Google > Peta**.

## Gunakake lalu lintas data nalika lelungan

Nalika sampeyan lunga metu saka jaringan seluler omah, sampeyan bisa entuk akses internet gunakake kiriman data. Yen mengkono, sampeyan kudu ngaktifake roaming data ing piranti. Sampeyan bisa kena prabeya nalika ngaktifake roaming data. Disaranake supaya sadurunge mriksa prabeya transmisi data sing gegandhengan.

- ! Yen nggunakake piranti mawa pangguna akeh, sampeyan kudu mlebu minangka pamilik, yaiku pangguna utama, kanggo ngaktifake utawa mateni roaming data.

## Ngaktifake utawa mateni roaming data

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan > Liyane > Jaringan mobile**.
  - 3 Tutul panggeser **Roaming data** kanggo ngaktifake utawa mateni fungsi kasebut.
- ! Sampeyan ora bisa ngaktifake roaming data nalika kiriman data seluler dipateni.

## Mode pesawat

Ing mode Pesawat, transceiver jaringan lan radio dipateni kanggo ngalangi gangguan ing peralatan sing sensitif. Nanging, sampeyan isih bisa main game, ngrungokake musik, nonton klip video lan isi liyane, anggare kabeh isi iki wis disimpen ing kertu memori utawa panyimpenan internal. Sampeyan uga bisa diwenehi kabar nganggo weker, yen weker wis diuripake.

- 💡 Nguripake mode Pesawat nyuda panggunaan baterai.

## Ngaktifake utawa mateni mode Pesawat

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan**.
- 3 Tutul panggeser **Mode pesawat**.

# Tanggalan lan jam weker

## Tanggalan

Gunakake aplikasi Tanggalan kanggo ngatur jadwal wektu sampeyan. Yen sampeyan wis mlebu lan nyelarasake piranti karo siji utawa sawetara akun online sing ngamot tanggalan, contone, akun Google™ utawa Xperia™ karo akun Facebook, banjur tanggalan acara saka akun kasebut uga bakal katon ing aplikasi Tanggalan. Sampeyan bisa milih tanggalan sing arep diintegrasikan menyang tampilan Tanggalan gabungan.

Nalika wektu janji wis cedhak, piranti muter swara kabar kanggo ngelingake sampeyan. Uga, 📅 dituduhake ing baris status.



- 1 Pilih jinis tampilan lan tanggalan sing arep dideleng
- 2 Bali menyang tanggal saiki
- 3 Akses setelan lan opsi liyane
- 4 Gulung cepet ngiwa utawa nengen kanggo njlajah luwih cepet
- 5 Agenda kanggo dina sing dipilih
- 6 Tambah acara tanggalan

## Nggawe acara tanggalan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul 📅, banjur tutul **Tanggalan**.
- 2 Tutul +.
- 3 Yen sampeyan wis nyelarasake tanggalan karo siji akun utawa luwih, pilih akun sing pengin dienggo kanggo nambahake acara iki. Yen sampeyan mung pengin nambahake acara iki ing piranti, tutul **Tanggalan piranti**.
- 4 Ketik utawa pilih informasi sing dipengini lan tambah pengunjung acara.
- 5 Kanggo nyimpen acara lan ngirim undangan, tutul **Simpen**.

## Ndeleng acara tanggalan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul 📅, banjur tutul **Tanggalan**.
- 2 Tutul acara sing arep sampeyan deleng.



## Ndeleng tanggalan luwih saka siji

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul 📅, banjur temokake lan tutul **Tanggalan**.
- 2 Tutul ☰, banjur cethang kothak tanggalan-tanggalan sing arep sampeyan deleng.

## Zoom tampilan tanggalan

- Yen tampilan **Minggu** utawa **Dina** dipilih, jiwit layar kanggo nggedhekake.



### Nuduhake prei nasional ing aplikasi Tanggalan


- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul **Tanggalan**.
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan**.
- 3 Tutul **Prei nasional**.
- 4 Pilih salah siji opsi, utawa kombinasi opsi, banjur tutul **OK**.

### Nuduhake ambal warsa ing aplikasi Tanggalan



- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul **Tanggalan**.
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan** > **Ambal warsa**.
- 3 Seret panggeser ing jejere **Ambal warsa** menyang tengen.

### Nuduhake prakiran kaanan hawa ing aplikasi Tanggalan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul **Tanggalan**.
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan**.
- 3 Tutul **Prakira kaanan hawa**, banjur seret panggeser ing jejere **Prakira kaanan hawa** menyang tengen.
- 4 Yen layanan panggonan dipateni, tutul **Panggonan asal**, banjur tlusur kutha sing arep sampeyan tambahake.

 Kanggo katrangan sajangkepe ngenani cara ngaktifake layanan panggonan, waca *Gunakake layanan panggonan* ing kaca 132.

### Nggenti setelan prakiran kaanan hawa ing aplikasi Tanggalan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul , banjur tutul **Tanggalan**.
- 2 Tutul , banjur tutul **Setelan**.
- 3 Tutul **Prakira kaanan hawa**.
- 4 Pasake setelan kaya sing dikarepake.

## Weker lan jam



Sampeyan bisa nyetel siji utawa sawetara weker lan nggunakake swara sing disimpen ing piranti minangka swara weker. Weker ora muni nalika piranti dipateni.

Format wektu weker sing ditampilake padha karo format sing dipilih kanggo setelan wektu umum, contone, 12 jam utawa 24 jam.



- 1 Ngakses layar ngarep weker
- 2 Ndeleng jam dunya lan ngatur setelan
- 3 Ngakses fungsi stopwatch
- 4 Ngakses fungsi timer
- 5 Ndeleng opsi
- 6 Mbukak setelan tanggal lan wektu kanggo jam
- 7 Nguripake utawa mateni weker
- 8 Nambah weker anyar



### Nyetel weker anyar

- 1 Saka layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Jam**.
- 3 Tutul .
- 4 Tutul **Wektu** lan pilih nilai sing dikarepake.
- 5 Tutul **OK**.
- 6 Yen dikarepake, owahi setelan weker liyane.
- 7 Tutul **Simpen**.

### Nundha weker nalika muni

- Tunyuk **Tundha**.

### Mateni weker nalika muni

- Seret  nengen.
- 💡 Kanggo mateni weker sing ditundha, sampeyan bisa nyeret mudhun garis status kanggo mbukak panel Kabar banjur tutul .

### Ngowahi weker sing ana

- 1 Golek banjur tutul **Jam**, banjur tutul weker sing arep diowahi.
- 2 Owahi kaya sing dikarepake.
- 3 Tutul **Simpen**.


### Nguripake utawa mateni weker

- Golek banjur tutul **Jam**, banjur tutul panggeser weker sing arep diuripake utawa dipateni.

### Mbusak weker

- 1 Goleki lan tutul **Jam**, banjur tutul terus weker sing pengin dibusak.
- 2 Tutul **Busak weker**, banjur tutul **Ya**.

### Nyetel swara weker

- 1 Golek banjur tutul **Jam**, banjur tutul weker sing arep diowahi.
- 2 Tutul **Swara weker** lan pilih opsi, utawa tutul  lan pilih file musik.
- 3 Tutul **Rmpg**, banjur tutul **Simpen**.

- 💡 Kanggo informasi babagan cara ngatur tingkat volume weker, deleng *Setelan volume* ing kaca 56.

### Ngatur tingkat volume weker

- 1 Golek banjur tutul **Jam**, banjur tutul weker sing arep diowahi.
- 2 Seret panggeser volume ing ngisore **Volume weker** menyang posisi sing dipengini.
- 3 Tutul **Simpen**.

### Nyetel weker ambalan

- 1 Golek banjur tutul **Jam**, banjur tutul weker sing arep diowahi.
- 2 Tutul **Baleni**.
- 3 Tandhani kothak centhang kanggo dina sing cocog, banjur tutul **OK**.
- 4 Tutul **Simpen**.

### Ngaktifake fungsi kedher kanggo weker

- 1 Golek banjur tutul **Jam**, banjur tutul weker sing arep diowahi.
- 2 Tandhani kothak centhang **Kedher**.
- 3 Tutul **Simpen**.

### Nyetel paripolah tombol iringan

- 1 Golek banjur tutul **Jam**, banjur pilih weker sing arep diowahi.
- 2 Tutul **Tumindak tmbol pinggir**, banjur pilih paripolah tombol iringan yen dipenet nalika weker muni.
- 3 Tutul **Simpen**.

# Aksesibilitas

## Wiraga panggedhen

Wiraga panggedhen ngidinake sampeyan nggedhekake bageyane layar kanthi nutul kaping telu ing daerah layar demek kanthi urut.

### Ngaktifake utawa mateni Obahan panggedhen

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Aksesibilitas** > **Isarat Gerak kanggo nggedhekake**.
- 3 Tutul tombol urip-mati.

### Nggedhekake area lan geser nglintasi layar

- 1 Pasthekake yen **Isarat Gerak kanggo nggedhekake** diaktifake.
- 2 Tutul area kaping telu banjur penet lan seret driji sampeyan nglintasi layar.

## Teks gedhe

Sampeyan bisa ngaktifake opsi Teks gedhe kanggo nambah ukuran gawan teks sing katon ing piranti.


### Nguripake utawa mateni teks Gedhe

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek lan tutul **Setelan** > **Aksesibilitas**.
- 3 Seret tandha geser ing jejere **Teks gedhe**.

## Koreksi warna

Setelan Koreksi warna ngowahi kepriye warna ditudhuhake ing layar kanggo pangguna sing wuta warna utawa nduweni pakewuh mbedhakake ing antarane warna.

### Ngaktifake koreksi Warna

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Aksesibilitas** > **Koreksi warna**.
  - 3 Tutul tombol urip-mati.
  - 4 Tutul **Mode koreksi**, banjur pilih sensitivitas warna sing cocog.
- ! Koreksi warna iku fitur eksperimental lan bisa mengaruhi kinerjane piranti.

## Layar Ngarep Prasaja

Layar Ngarep Prasaja yaiku layar ngarep alternatip sing nudhuhake aplikasi sing paling kerep dianggo lan kalebu telpon cepet kango nelpon kontak tartamtu kanthi cepet. Iki uga nudhuhake aksara lan lambang sing luwih gedhe kanggo pra-pamasangan aplikasi kayata Kontak, Olahpesen, lan Tanggalan.

### Ngaktifake layar Ngarep Prasaja

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Utama** > **Layar Ngarep Prasaja**.
- 3 Elok patunjuk ing layar banjur tutul **OK**.

### Nggenti nyang Layar Ngarep standar

- Saka Layar Ngarep, tutul **Setelan** > **Metu saka Layar Ngarep Prasaja** > **OK**.

## Kompatibiliti pitulung pangrungon

Opsi kompatibiliti pitulung pangrungon njamin yen audio saka piranti fungsi karo standar pitulung pangrungon.


### Ngaktifake kompatibilitas pitulung pangrungon

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Telpon** > **Aksesibilitas**.
- 3 Seret panggeser ing jejere **Hearing aids** menyang setelan sing dipengini.


## TalkBack

TalkBack yaiku layanan pamaca layar kanggo pangguna cacat sacara visual. TalkBack nggunakake tanggepan wicara kanggo nggambarake prastawa utawa tumindak sing dilakokake ing piranti Android. TalkBack nggambarak antarmuka pangguna lan macakake kasalahan piranti lunak, kabar, lan pesen.

### Nguripake TalkBack

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Aksesibilitas** > **TalkBack**.
  - 3 Tutul tombol urip mati banjur tutul **OK**.
- ! Kanggo nggenti wicara, walesan lan pilihan demek kanggo TalkBack, tutul **Setelan**.
- 💡 TalkBack ngaktifake tutorial sanalika sawise sampeyan ngaktifake fitur. Kanggo metu saka tutorial, tutul tombol **Metu** pindho.


### Mateni TalkBack

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul kaping pindho .
- 2 Goleki banjur tutul kaping pindho **Setelan** > **Aksesibilitas** > **TalkBack**.
- 3 Tutul kaping pindho saklar murup-mati banjur tutul kaping pindho **OK**.

## Mode TTY (Teletip)

Fitur TTY ing piranti sampeyan ngidinake wong-wong sing budheg, rekasa krungu, utawa nduweni cacat pangucap utawa basa, kanggo komunikasi nganggo piranti TTY utawa layanan relai.

### Ngaktifake mode TTY




- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Telpon**.
- 3 Tutul **Aksesibilitas** > **TTY mode**.
- 4 Pilih mode TTY sing ditrapake.

# Dhukungan lan hukum

## Aplikasi dhukungan

Gunakake aplikasi Dhukungan ing piranti kanggo njlajah Pandhuan pangguna, pandhuan ngatasi masalah, lan golek katrangan babagan anyaran piranti lunak lan katrangan liyane sing gegandhengan karo produk.

### Ngakses aplikasi Dhukungan

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
  - 2 Golek banjur tutul , banjur pilih item dhukungan sing diperlokake.
-  Sambungake menyang internet nalika nganggo aplikasi Dhukungan kanggo dhukungan paling apik.


## Xperia™ Tips

Kanthen nggunakake Xperia™ Tips, sampeyan bisa entuk informasi migunani kanggo piranti liwat kabar lan sinau kabeh sing diperlokake kanggo wiwit.

### Ngaktifake utawa mateni Xperia™ Tips

- 1 Saka **Layar Ngarep**, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Pengenalan & Kiyat**.
- 3 Tutul panggeser **Kiyat Xperia™**.


## Pitulung ing menu lan aplikasi

Sawetara aplikasi lan setelan duwe pitulung sing kasadhya ing menu pilihan, biasane dituduhake dening  ing aplikasi spesifik.


## Nindakake tes diagnostik ing piranti

Aplikasi Xperia™ Diagnostics bisa ngetes fungsi tartamtu utawa nindakake tes diagnostik kanggo mriksa manawa piranti Xperia™ fungsi kanthen bener.


Xperia™ Diagnostics bisa:

- Ngira-ira kemungkinan masalah piranti keras utawa piranti lunak ing piranti Xperia™.
  - Nganalisa manawa aplikasi ing piranti fungsi kanthen apik.
  - Nyathet akehing telpon kapedhot ing 10 dina kapungkur.
  - Ngenali piranti lunak sing diinstal lan nyedhiyakake rincian sing migunani babagan piranti.
-  Aplikasi Xperia™ Diagnostics wis diinstal ing akeh piranti Android™ saka Sony. Yen opsi Diagnostics ora kasedhiya ing **Setelan** > **Babagan telpon**, sampeyan bisa ngundhuh versi entheng nganggo aplikasi Play Store™.

### Nindakake tes diagnostik khusus

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Babagan telpon** > **Diagnostik** > **Uji coba**.
- 3 Pilih tes saka dhaptar.
- 4 Tindakake instruksi lan tutul **Ya** utawa **Ora** kanggo ngonfirmasi menawa fitur kasebut lumaku.

### Nindakake kabeh tes diagnostik

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Babagan telpon** > **Diagnostik** > **Uji coba** > **Bukak kabeh**.
- 3 Tindakake instruksi lan tutul **Ya** utawa **Ora** kanggo ngonfirmasi menawa fitur kasebut lumaku.

## Ndeleng rincian babagan piranti

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Golek banjur tutul **Setelan** > **Babagan telpon** > **Diagnostik** > **Fakta**.

## Wiwit maneh, mulihake, lan ndandani


Sampeyan bisa meksa piranti wiwit maneh utawa mati yen piranti ora fungsi utawa ora wiwit maneh kaya lumrahe. Ora ana setelan utawa data pribadhi sing bakal kabusak.

Sampeyan bisa uga mulihake piranti menyang setelan asli pabrik. Tumindak iki kala-kala perlu yen piranti mandheg fungsi kanthi bener, nanging elinga yen pengin nyimpen data penting, sampeyan kudu pisanan gawe serep data iki menyang kertu memori utawa memori non-internal. Kanggo informasi luwih lengkap, waca *Nggawe serep lan mulihake isi* ing kaca 41.

Yen piranti ora bisa diuripake utawa pengin mulihake piranti lunak ing piranti, sampeyan bisa nggunakake Xperia™ Companion kanggo ndandani piranti. Kanggo informasi luwih lengkap babagan nggunakake Xperia™ Companion, deleng *Xperia™ Companion* ing kaca 39.

- 💡 Yen nganggo bareng piranti mawa pangguna akeh, sampeyan kudu mlebu minangka pamilik, yaiku pangguna utama, kanggo mulihake piranti menyang setelan asli pabrik.

## Miwiti maneh piranti


- ! Piranti bisa ora bisa wiwit maneh yen baterai sithik. Sambungake piranti menyang pangisi daya lan coba wiwit maneh.
- 1 Penet terus tombol daya .
  - 2 Ing menu sing mbukak, tutul **Wiwiti maneh**. Piranti wiwit maneh kanthi otomatis.

## Mateni piranti kanthi meksa



- 1 Copot tutup kertu SIM lan kertu memori.
  - 2 Nganggo pucuk bolpen utawa barang sing padha, penet terus tombol OFF nganti telpon mati.
- ! Aja nganggo barang landhep amarga bisa ngrusak tombol OFF.

## Nindakake pamulihan setelan data pabrik

- 1 Gawe serep kabeh data penting sing kasimpen ing memori internal kanggo nyegah kelangan sateruse nalika proses pamulihan.
  - 2 Saka Layar Ngarep, tutul .
  - 3 Golek banjur tutul **Setelan** > **Gawe serep & pamulihan** > **Reset data pabrik**.
  - 4 Tutul **Pulihake telpon**.
  - 5 Yen perlu, gambar pola bukak kunci layar, utawa tik sandhi bukak kunci layar utawa PIN kanggo nerusake.
  - 6 Kanggo ngonfirmasi, tutul **Busak kabeh**.
- 💡 Supaya telpon ora rusak kanthi permanen, aja miwiti maneh piranti nalika lagi mroses prosedur pamulihan.
  - 💡 Piranti ora bali menyang versi piranti lunak Android™ sadurunge nalika mulihake menyang data pabrik.

## Ndandani piranti lunak piranti

Yen lali sandhi, PIN, utawa pola bukak kunci layar, sampeyan bisa nggunakake fitur ndandani piranti ing Xperia™ Companion kanggo mbusak lapisan kaamanan. Sampeyan kudu menehi rincian mlebu akun Google kanggo nglakokake operasi iki. Kanthi

nglakokake fitur ndandani, sampeyan nginstal maneh piranti lunak kanggo piranti lan bisa kelangan sawetara data pribadi nalika proses.

Yen ora bisa mateni piranti sadurunge nindakake ndandani piranti lunak, pateni kanthi meksa.

- Nalika nampa jeneng pangguna utawa sandhi akun Google™ anyar, sampeyan uga ora bisa nggunakake kuwi kanggo mlebu lan mulihake piranti sasuwene 72 jam.

### Ndandani piranti lunak nganggo Xperia™ Companion

- ! Sadurunge ndandani piranti lunak, pesthekake yen sampeyan ngerti jeneng pangguna lan sandhi akun Google™. Gumantung saka setelan kaamanan, sampeyan uga bisa perlu ngetik kuwi kanggo ngawiti piranti sawise ndandani piranti lunak.

Yen piranti katon ora nanggapi, wiwit maneh bola-bali, utawa ora wiwit babar blas sawise sampeyan nganyari piranti lunak Xperia™ utawa sawise sampeyan ndandani piranti lunak utawa pamulihan data pabrik, coba peksa mateni piranti banjur uripake maneh. Yen masalah isih ana, peksa mateni piranti banjur tindakake ndandani piranti lunak kanthi nututi langkah ing ngisor:

- 1 Pesthekake yen Xperia™ Companion wis diinstal ing PC utawa Mac®.
- 2 Bukak piranti lunak Xperia™ Companion ing komputer lan klik ing layar utama.
- 3 Tututi patunjuk sing muncul ing layar kanggo masang maneh piranti lunak lan ngrampungake ndandani.

## Tulung kita ngapikake piranti lunak

Sampeyan bisa ngaktifake pangiriman panggunaan saka piranti supaya Sony Mobile bisa nampa laporan bug anonim lan statistik sing nulung ngapikake piranti lunak kita. Informasi sing dikumpulake ora nyakup data pribadi.

### Ngidini pangiriman info panggunan

- 1 Saka Layar Ngarep, tutul .
- 2 Temokake banjur tutul **Setelan > Babagan telpon > Setelan info panggunaan**.
- 3 Tandhani kothak centhang **Kirim katrangan dianggo** yen durung ditandhani.
- 4 Tutul **Setuju**.


## Ngunakake piranti ing kahanan teles utawa bledug

Piranti sampeyan anti banyu lan kajaga tumrap bledug, mulane ora susah kuatir yen sampeyan kudanane utawa pengin ngumbah regedan ing ngisor kran, nanging eling: kabeh port lan tutup sing nempok kudu ditutup kanthi rapet. Sampeyan aja: nyemplungake piranti ing jero banyu; utawa piranti nganti kena banyu segara, banyu asin, banyu klorin, utawa cairan kayata omben-omben. Salah nganggo lan panggunaan piranti sing ora sakmesthine bakal murungake garansi. Piranti nduweni nilai Ingress Protection IP65/68. Kanggo katrangan salengkape deleng [www.sonymobile.com/waterproof](http://www.sonymobile.com/waterproof) Palindhungan saka banyu lan bledug.

Garansi ora nyakup karusakan utawa cacat sing disebabake panggunaan salah utawa ora sak mesthine, ora kaya patunjuk Sony Mobile. Kanggo katrangan salengkape bab garansi, deleng nyang Katrangan penting sing bisa diakses liwat [support.sonymobile.com](http://support.sonymobile.com) utawa liwat **Setelan > Babagan telpon > Informasi hukum**.

Piranti sampeyan duwe port USB tanpa tutup. Port USB kudu garing banget sadurunge kabel bisa disambung, contone, kanggo ngisi daya utawa kirim data. Yen piranti kena banyu, lap nganti garing nganggo kain mikrofiber lan goyang paling sethithik kaping 15 kanthi port USB madhep mengisor. Baleni yen banyu isih katon ing port USB. Lebokake kabel USB menyang port USB mung nalika port wis garing temenan.

## Nggaringake port USB



- 1 Nganggo kain miikrofiber, lap banyu saka piranti.
- 2 Cekel piranti kanthi rapet lan port USB madhep mengisor, banjur goyang piranti kanthi kuat paling sethithik ping 15.
- 3 Yen banyu isih katon ing port USB, goyang maneh piranti.
- 4 Gunakake kain mikrofiber kanggo ngelap sisa embun ing port USB.

## Garansi, SAR, lan patunjuk panggunaan

Kanggo katrangan bab garansi, SAR (Tingkat Panyerapan Katemtu), lan panduan kaslametena, waca **Katrangan penting** sing kasedhiya ing **Setelan > Babagan telpon > Informasi hukum** ing piranti sampeyan.

## Ndaur-ulang piranti

Duwe piranti lawas ing omah? Piye yen didaur-ulang wae? Kanthi mengkono, sampeyan nulung kita nggunakake maneh bahan lan komponen, lan uga melu nglindhungi lingkungan! Golek pilihan daur-ulang liyane ing wilayah sampeyan ing [www.sonymobile.com/recycle/](http://www.sonymobile.com/recycle/).

# Informasi hukum

## Sony E5603/E5606/E5653

Pandhuan pangguna iki diterbitake dening Sony Mobile Communications Inc. utawa perusahaan afiliasi lokal, tanpa jaminan babar pisan. Pangapikan lan owahan ing Pandhuan pangguna iki sing dibutuhake amarga ana salah tulis, informasi sing ora akurat, utawa ana pangapikan program lan/utawa peralatan, sing uga bisa ditindakake dening Sony Mobile Communications Inc. sawayah-wayah lan tanpa kabar dhisik. Nanging, panggentian kasebut bakal digabung karo edisi anyar Pandhuan pangguna iki. Kabeh ilustrasi mung ditujokake kanggo gambaran lan ora kanthi nyata nggambarake piranti.

Kabeh jeneng produk lan perusahaan sing kasebut ing kene kuwi merek dagang utawa merek dagang sing kadhapar saka pamilike dhewe-dhewe. Kabeh merek dagang liyane minangka properti saka pamilike dhewe-dhewe. Hak liyane sing ora disebutake ing kene tetep dilindungi. Bukak [www.sonymobile.com/us/legal/kanggo](http://www.sonymobile.com/us/legal/kanggo) informasi liyane.

Pandhuan pangguna iki bisa uga ngrujuk layanan utawa aplikasi sing diwenehake dening pihak katelu. Panggunaan program utawa layanan kasebut perlu registrasi dhewe karo panyadhiya pihak katelu lan bisa uga tunduk karo katemton panggunaan tambahan. Kanggo aplikasi sing diakses ing utawa liwat situs web pihak katelu, waca dhisik sarat panggunaan lan kabijakan privasi sing ditrapake situs web kasebut. Sony ora njamin utawa menehi garansi babagan kasadhayan utawa kinerja samubarang situs web pihak katelu utawa layanan sing ditawakake.

Piranti seluler sampeyan duwe kemampuan kanggo ngundhuh, nyimpen, lan nerusake isi tambahan, contone, dering. Panggunaan isi kasebut bisa uga diwatesi utawa dilarang dening hak pihak katelu, kalebu nanging ora winates ing watesan saka undang-undang hak cipta sing ditrapake. Sampeyan, lan dudu Sony, sing tanggung jawab kanggo kabeh tambahan isi sing diundhuh utawa diterusake saka piranti seluler. Sadurunge nggunakake isi tambahan, verifikasi manawa panggunaan sampeyan wis dilisensi kanthi bener utawa wis diidini. Sony ora njamin akurasi, integritas utawa kualitas samubarang isi tambahan utawa isi pihak katelu liyane. Ing samubarang kahanan Sony ora tanggung jawab marang panyalahgunaan isi tambahan utawa isi pihak katelu liyane.

Bukak [www.sonymobile.com](http://www.sonymobile.com) kanggo informasi liyane.

Produk iki kalindhungi dening hak properti intelektual tartamtu saka Microsoft. Panggunaan utawa panyebaran teknologi kasebut ing sanjabane produk iki dilarang tanpa lisensi saka Microsoft.

Pamilik isi nggunakake teknologi manajemen hak digital Windows Media (WMDRM) kanggo njaga properti intelektuale, kalebu hak cipta. Piranti iki nggunakake piranti lunak WMDRM kanggo ngakses isi sing kalindhungi WMDRM. Yen piranti lunak WMDRM gagal nglindhungi isi, pamilik isi bisa njaluk Microsoft njabut kemampuan piranti lunak kanggo nggunakake WMDRM kanggo muter utawa nyalin isi sing dilindhungi. Pambatalan ora mengaruhi isi sing ora kalindhungi. Nalika ngundhuh lisensi kanggo konten sing dilindhungi, sampeyan srujuk yen Microsoft bisa ngamot dhaptar panjabutan karo lisensi kasebut. Pamilik isi bisa njaluk sampeyan ningkatake WMDRM kanggo ngakses isine dheweke. Yen nolak ningkatake, sampeyan ora bisa ngakses isi sing merlokake paningkatan.

Produk iki dilisensi karo MPEG-4 visual lan lisensi portofolio paten AVC kanggo panggunaan pribadi lan non-komersial kanggo (i) encoding video sing selaras karo standar MPEG-4 visual ("MPEG-4 video") utawa standar AVC ("AVC video") lan/utawa (ii) dekoding video MPEG-4 utawa AVC sing dienkode dening konsumen sing melu kagiyatan pribadi lan non-komersial lan/utawa dientuki saka panyedhiya video sing dilisensi dening MPEG LA kanggo nyedhiyani video MPEG-4 lan/utawa AVC. Ora ana lisensi sing diwenehake utawa ditrapake kanggo panggunaan liyane. Informasi tambahan kalebu babagan panggunaan promosi, internal lan komersial, lan lisensi bisa dipikolehi saka MPEG LA, L.L.C. Deleng [www.mpegla.com](http://www.mpegla.com). Teknologi dekoding audio MPEG Layer-3 dilisensi saka Fraunhofer IIS and Thomson.

SONY MOBILE ORA TANGGUNG JAWAB MARANG DATA UTAWA FILE SING KASIMPEN ING TELPON (KALEBU NANGING ORA DIWATESI MENYANG KONTAK, TREK MUSIK LAN GAMBAR) SING ILANG, KEBUSAK LAN/UTAWA KETUMPUK AMARGA PANGANYARAN APA WAE SAKA PIRANTI SAMPEYAN KANTHI SALAH SIJI CARA SING DIJELASAKE ING PANDHUAN PANGGUNA UTAWA DOKUMENTASI IKI. SONY MOBILE LAN PANYEDHIYANE ORA TANGGUNG JAWAB APA-APA MARANG KABEH KARUSAKAN, KELANGAN, LAN DHASAR HUKUM (ING KONTRAK UTAWA TUMINDAK SING MARAI KERUGIAN MARANG WONG LIYA, KALEBU, NANGING ORA WINATES MENYANG SEMBRONO UTAWA LIYANE) SING NGLUWIHI REGA SING DIBAYAR KARO SAMPEYAN KANGGO TUKU PIRANTI.

© 2016 Sony Mobile Communications Inc.

Kabeh hak dilindhungi undang-undang.